

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Зара АЙЛАРОВА

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

# МАХ ДУГ

9

2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – АЙЛАРТЫ Зарæ

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

# НОМЫРЫ ИС:

**ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ**
БАЙАТЫ ГАППО: 150 АЗЫ
БАЙАТЫ Гаппо. Тæхуды, рæсугъд тохы чи амæлы йæ бæстæйы сæрвæлтау. *Уац* ........ 6
ХУЫРИАТЫ ХАЗБИ. *Радзырдтæ* ........ 24

**НÆ ЮБИЛЯРТÆ**
КОКАЙТЫ ТОТРАДЗ: 75 АЗЫ ........ 41
КОКАЙТЫ Тотрадз. *Æмдзæвгæтæ* ........ 44
КОСТЫ Лизæ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 54

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**
КЪЕСАТЫ АСТАН: 105 азы ........ 62

**НÆ ДУДГÆ РИС – БЕСЛÆН**
КЪАДЗАТЫ Станислав. Минбазырон азæлд, мин-минсыфон рис. *Композици* ........ 65
КАСАТЫ Батрадз. Тугæйдзаг дзæнгæрæг. *Æмдзæвгæ* ........ 70
МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег. Беслæны азар. *Æмдзæвгæ* ........ 72

**АИВАД – КУЛЬТУРÆ**
ДЖУСОЙТЫ МУРАТ: 60 АЗЫ ........ 73
ГАСАНТЫ Валери. Киноаивад – йæ цард æмæ йæ хъысмæт. *Интервью* ........ 74

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**
ТУГЪАНТЫ Махарбег ........ 81

**РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН**
Роман БАРАНОВ. Фыдыбæстæмæ фæндаг ........ 103

**ÆВЗАГЗОНЫНАДЫ ФАРСТАТÆ**
ХЪÆЦМÆЗТЫ Езетхан, БОЦИТЫ Данæ. Миногонты стилистикæ ирон æвзаджы. *Уац* ........ 108

**УИДÆГТÆ**
МАМИАТЫ ТАЙМУРАЗ. Мамиаты-Мамиты мыггаг знонæй абонмæ. *Уац* ........ 115

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ДОЦОТЫ Зоя. Ханты цагъд. *Радзырд* ........ 129

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# БАЙАТЫ ГАППО: 150 АЗЫ



*(1869 – 1939)*

*Байаты Гаппо – зындгонд æхсæнадон архайæг, адвокат, публицист, критик, чиныгуадзæг, адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг.*

*БАЙАТЫ Гаппо*

# ТÆХУДЫ, РÆСУГЪД ТОХЫ ЧИ АМÆЛЫ ЙÆ БÆСТÆЙЫ СÆРВÆЛТАУ

Мæ райгуырæн бæстæ – Ирыстон – ис Цæгат Кавказы. Дæн ирайнаг, цæгатаг ирон Тæгиатæй, райгуырдтæн 1869 азы Дзæуджыхъæуы, Терчы облæсты сæйраг сахары. Уым 1889 азы каст фæдæн гимназ, 1894 азы та радтон паддзахадон фæлварæнтæ Одессæйы университеты юристыл.

1895 азæй 1905 азмæ цардтæн мæ райгуырæн сахары æмæ кусын райдыдтон адвокатæй. 1905 азы æвзæрст æрцыдтæн дыккаг бургомистрæй, 1910 азы та – обербургомистрæй, æмæ уыцы бынаты фæкуыстон 1920 азмæ. Уæдмæ мын бастдзинæдтæ фæзынд немыцаг горæттимæ, æмæ дзы стыр арфæйаг уыдтæн, пайдайаг архитектурон пълантæ æмæ муниципалон литературæ мын кæй æрбарвыстой, уый тыххæй. Нæ горæтаг техникты сахуыр кæныны нысанимæ арвыстон Германмæ. Нæ немыцаг æмæхсæнадимæ мын уыд иттæг хорз ахастдзинæдтæ. Уыцы культурон æмæхсæнад бирæ азты дæргъы хорз ахадыдта нæ горæтаг цардыл. 1912 азы мах, кавказаг горæттæ, немыцаг паддзахадон архайджыты æмæ æрдзиртасджыты стыр къордæн Владикавказы уыдыстæм æцæг кавказаг фысымтæ.

1895 азæй 1905 азмæ æз уыдтæн «Терчы облæсты хæххон адæмты ‘хсæн ахуырад хæлиу кæныны æхсæнады» секретарь æмæ бирæ азты дæргъы та – йæ президент. Уыцы æхсæнад Дзæуджыхъæуы мæ хъæппæрисæй саразта скъолайы стыр агъуыст æмæ æххуыс кодта нæ фæсивæдæн, астæуккаг æмæ уæлдæр скъолаты ахуыр кæнгæйæ. Уый фæрцы фæстæдæр хæххон адæмтæм фæзынд бирæ хорз æмæ ахуыргонд кусджытæ.

1896 азы æз ирон хъæуты саразтон нæ облæсты фыццаг кооперативон (æмбаладон) адæмон банктæ. Уыцы хъуыддагыл бирæ азты дæргъы фæкуыстон, дæргъвæтин рæстæг æз уыдтæн уыцы æмбалæдты минæвар паддзахадон банчы. Фæстæдæр фæзынд Терчы облæсты кредитон æмæ фæлхасадон кооперативты тыхджындæр цæдис, иумæйаг Центрон банк Владикавказы уыд, афтæмæй. Дыууæ немыцаг паддзахадон архайæджы Фридрих Райффайзены æмæ

Щульц Делицшы куыст мын тынг æххуыс кодта уыцы хъуыддаджы. Радтой мын ном дæр: «Терчы кооперацийы фыд». Куыд фермер, афтæ æз уыдтæн нæ облæсты хъæууон-хæдзарадон æхсæнады правленийы уæнг.

Куыд фыссæг, публицист æмæ адвокат, фæстæдæр та куыд обербургомистр, афтæ мæ фыстыты дæр, дзургæйæ дæр, хъуыддагæй дæр иудадзыг хъахъхъæдтон, бирæ адæмыхæттытæ кæм цардысты, нæ уыцы хъæздыг облæсты цæрджыты интерестæ. Уæлдайдæр та, паддзахадон æмæ культурæйы архайджытæй мæгуыр чи уыд, Кавказы уыцы хæххон адæмты интерестæ. Уыдоны сæрыл тох кодтон, кавказаг хицауиуæггæнджытæй райдай æмæ министрадты, Паддзахадон Думæйы æмæ Паддзахадон Советы онг. Ам æз архайдтон алыхуызон къамисты куысты эксперты хуызы.

Ирон адæмы национ хиæмбарынад райхъал кæныны, йæ культурон æмвæзад ын фæбæрзонддæр кæныны, ирон фыссынад райрæзын кæныны тыххæй æз бирæ хъарутæ æмæ хи фæрæзтæ бахардз кодтон. 1897 азæй 1900 азмæ æз мыхуыры рауагътон не ‘рыгон литературæйы фыццаг уацмыстæ, уæды зындзинæдтæ æмæ цензурæимæ тох кæнгæйæ. Уыдонимæ уыдысты Къубалты Алыксандры поэмæ «Æфхæрдты Хæсанæ», Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр» æмæ мæхи уацмыстæ: «Ирон аргъæуттæ», «Ирон æмбисæндтæ», альманах «Фарн», «Тамако ма дымут», «Нозт марг у» æмæ æндæртæ. Æппæт уыцы чингуытæ æз лæвар кодтон хъæуты, фылдæр адæмон скъолаты æххуысæн, æмæ сæ ахадындзинад стыр уыд; райхъал кодтой нæ рагон ирайнаг адæмы сфæлдыстадон удварны хъарутæ, æмæ, æхсызгон хъуыддаг цы уыд, систы фæзминаг. Уæлдай зæрдиагдæрæй æз архайдтон, «Ирон чингуытæ уадзæг æхсæнад», зæгъгæ, хæрз æрæджы кæй сарæзтой (1905 аз), уый куысты; уыцы рæстæг ма газетты фæзындысты мæ иуæй-иу статьятæ дæр.

Ме ʹнæрохгæнгæ хæлар, зындгонд мæскуыйаг профессор Всеволод Миллер мæнæй æппæлыд мæнмæ йæ бирæ фыстæджыты æмæ йæ «Дыгурон таурæгъты» разныхасы. Уыцы ахсджиаг куысты спайда кодта мæ «Ирон аргъæуттæй». Уæд рауагъта чиныг «Ирæтты æвзаг» (1903 аз, Страсбург). Уæд мæм уыд уазæгуаты æмæ мын раарфæ кодта. 1904 азы мæнмæ æрбахаста Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуаты къухфыст, цæмæй йæ æз фæхуыздæр æмæ фæхъæздыгдæр

кодтаин. Дзæвгар азты дæргъы æз куыстон бирæ кусджытимæ уыцы уацмысыл, бахардз ыл кодтон бирæ æхца. 1913 азы, чиныг мыхуыры рауадзыны агъоммæ, академик Миллер амард, æмæ уыцы зынаргъ къухфыст бынтон рохуаты баззад Академийы архивы.

Уæд цы литературон æмæ сфæлдыстадон куыст кодтон, уый тыххæй фыстытæ ис цæгаткавказаг альманахы, уый уагъд æрцыд 1908 азы Екатеринодары. Уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл мæ фыстытæ амынд сты мæ ирон библиографийы (Тифлис, 1921 аз). Германмæ куы 'рбацыдтæн, уæд мæ чиныг балæвар кодтон прусаг паддзахадон библиотекæйæн.

Цæгат Кавказы мидбæстон хæсты уæззау фæстиуджытæ, нæ горæт æмæ мæ райгуырæн бæстæ хæлд кæй æрцыд, нæ зæронд бинонты стыр исбон сæфт кæй æрцыд, нæ зæххытæ æмæ мæ хæдзæрттæ национализацигонд кæй æрцыдысты, мæ библиотекæтæ æмæ хъæздыг архивтæ ист кæй æрцыдысты, уымæ гæсгæ 1920 азы æз цæрынмæ ацыдтæн Тифлисмæ, уæд ма хæдбар Гуырдзыстонмæ. Уым æз уыдтæн, мæхæдæг бындур кæмæн сæвæрдтон, уыцы ирон æрвылкъуырийон газет «Ног цард»-ы редактор. Рауагътон цалдæр чиныджы ахæм номимæ: «Ирон библиотекæ». Горæтаг ирон адæмон скъолайы куыстон ахуыргæнæгæй. Уæд мын бастдзинæдтæ уыдис гуырдзиаг æмæ сомихаг ахуыргæндтимæ, æмæ ныммыхуыр кодтон статья Кавказ иртасыны фæдыл доцентурæ саразыны тыххæй.

1921 азы мартъийы Гуырдзыстон бацахстой большевиктæ, æмæ æз æрбацыдтæн Константинопольмæ мæ чингуыты чысыл æмбырдгондимæ. Уым æз куыстон библиотекæйы æмæ музейты, эмигранттæн хæрзаудæн организациты. Уырыссаг академион къорд мæ равзæрста уæнгæй, æмæ мæ хъуыд ме 'мбæлттимæ Прагæмæ цæуын. Константиополы ма куы уыдтæн, уæд мæ фæндыд ирон чингуытæ рауадзын, уымæн æмæ Турчы цардис бирæ ирæттæ. Хъыгагæн, уый мæ къухы нæ бафтыд, æмæ, цæмæй мæ фæнд сæххæст кодтаин, уый тыххæй 1922 азы январы ацыдтæн Берлинмæ.

1922 азы августмæ æз уыдтæн, Гутнаты Елбыздыхъойы рауагъдады уæд цы уырыссаг журнал «Солох», зæгъгæ, цыд, уый базарады хайады редактор. Уыцы рауагъдады мæ къухы бафтыд ирон чингуытæ уадзын. 1922 азы августы Берлины рацыд нæ адæмон поэт Хетæгкаты

Къостайы «Ирон фæндыр», поэты биографи ныффыстон мæхæдæг. Ноябры тæлмацгондæй рацыд «Æлгъуызы кадæг» мæ разныхасимæ. Уыцы рауагъдадмæ ма Кавказæй æрæрвыстой цалдæр ахсджиаг фысты; тæлмацгондæй мыхуыргонд æрцыдысты Шиллеры уацмыстæ æмæ цалдæр æндæр чиныджы æмæ ма адæмон къæлиндартæ. Уыцы чингуытæ æрвыст æрцыдысты мæ райгуырæн бæстæмæ. Кавказы сын уыд стыр ахадындзинад, æмæ стыр æххуыс бакодтой удварны рæзтæн. Уыцы ахъаззаджы чингуытæ æз ахæлиу кодтон Европæйы алыхуызон наукон институтты ахуыргæндты ‘хсæн, цæмæй се ‘ргом тынгдæр аздæхтаиккой ирон адæммæ æмæ Кавказмæ.

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# ХЪАЗУАТОН ЗИУУОН

Ирыстоны æхсæнадон æмæ культурон царды æнувыд архайджытæй иу уыдис Гаппо. 1910-æм азты уыди Дзæуджыхъæуы сæргълæууæг, æмæ йын фадат уыд рухсадон куыстæн. Хæдхæцæгад куы фехæлд, уæд йæ бынат ныууагъта. Куыста бынæттон Советы, йæ нысан хуыдта «ног æмæ сæрибар фыдыбæстæйы сæраппонд» кусын. Фæлæ Рæстæгмæ хицауад бирæ нæ ахаста. Фæуæлахиз Октябры революци. Мидхæсты заман Гаппо нал разынд раззаг рæнхъыты. 20-æм азы ацыд эмиграцийы фыццаг Калакмæ, стæй Европæмæ, ацыд сæфты фæндагыл. Гаппо йæ иу уацы фыста: «Кусын сси ныры заманы дин». Æмæ куыста. Уагъта фольклор æмæ литературæйы чингуытæ, фыста публицистон уацтæ. Уый цардмæ каст æврονгæй, уыдта йын йæ быцæутæ, йæ хъæдгæмттæ æмæ фыста: «Кусæг адæмы æнамондæн нырма ацы мæнг дунейы лæджы цард стыр тох у. Дзыллæтæ зæдтæ нæма систы» (Гаппо. Кавказы дзыллæтæ. – Ног цард, 1920. № 9). Уымæ гæсгæ Иры адæммæ сидт культурон-рухсадон куыстмæ, ахуырад стыхджын кæнынмæ. Цард рæзыны фадат хуыдта адæмы «алы куысты дæсныйадыл бафтауын», «сыхæгтимæ хорз фидыд цард ныффидар кæнын, Ирыстоны хæдхицауад культурон адæмты æгъдауыл саразын» (Куырдалæгон. Ног царды зиу. – Ног цард, 1920, № 9).

Царды фæрæзтæй Байы-фырт фыццаг бынаты æвæры зæхх – æнæ зæхх нæй Райгуырæн бæстæ. «Алы дзыллæйы амонд та ныхæст у

йæ райгуырæн бæстыл», – фыссы Гаппо æмæ адæмæн фæдзæхсы сæ зæхх хъахъхъæнын (Гаппо. Нæ райгуырæн бæстæ Ирыстон. – Ног цард, 1907, №16). Гаппойæн Ирыстон уыд иу – Хуссарæй, Цæгатæй – «Мæздæджы быдыртæй Гудзареты коммæ» æмæ йæ ныстуан уыд Иры иудзинад.

Гаппойы публицистикæйы зынгæ бынат ахсынц ахуырады проблемæтæ. Раст æм нæ кæсы сабиты æцæгæлон æвзагыл ахуыр кæнын. Фыссы: «Бынат нæ уыди нæ ирон скъолайы ирон зæрдæйы ахастæн, ирон ныхасæн, ирон зарæгæн, музыкæйæн, ирон æгъдæуттæн, ирон аргъауæн, ирон таурæгъæн», афтæмæй скъола ирон сабиты нæ уагъта «сæ дарæг мады – Ирыстоны базонын, уый зæрдиагæй бауарзын» (Гаппо. Ирон библиографи. – Ног цард, 1920, № 12). Уыцы уавæры рæзæн нæй æцæг гражданин æмæ патриотæн, – ахæм у Гаппойы хатдзæг.

Литературон критикæйы Гаппойы фыццаг зынгæ куыст уыди юбилейон уац «Пушкин в жизни горцев» (1899). Уац у уæлмонц «рæсугъд» ныхæстæй фыст, фæлæ дзы æмткæй раст аргъгонд цæуы стыр поэты аивадæн. Гаппо æргом кæны, Пушкин æмæ Лермонтов Кавказы цард куыд æвдыстой, уыцы проблемæ. Критик Лермонтовы сфæлдыстадон æнтыстыл нымайы Гаруны мады фæлгонц («Беглец»), бары йæ Æфхæрдты Госæмайы фæлгонцимæ: уый у фидауцджын æмæ сæрыстыр сылгоймаг, фыдыбæстæ, сæрибар æмæ намыс йæ фырты цардæй зынаргъдæр кæмæн сты, ахæм ныййарæг.

Уацы автор уыны æмæ иртасы хæххон царды ивæнтæ: фыдæгъдæутты бынат ахсынц рухсад æмæ арæзтад. Фæлæ дзы сæвзæрд æппæрццæг æгъдæуттæ дæр. Хæххон *недоросль* Азæмæтæн фæзынди фæдонтæ. Уæздæтты цотæй бирæтæ уæй кæнынц сæ фыдæлты бынтæ, хардз сæ кæнынц горæты аслам цинтыл, ахæм къуыдиппытæ сты бынхортæ æмæ ныгъуылынц царды цъымарайы.

Ахæм уæрæседзауы тип фыццаг фæзынд уырыссаг литературæйы, фæстæдæр йæ бынат æрцахста ирон драмæйы дæр. Пушкин æмæ Лермонтовы Гаппо нымайы Кавказы хæрзгæнджытыл. Уыдон дунейæн равдыстой, кад æмæ намысы аккаг чи у, ахæм кавказæгты; уыдоны фæрцы хохæгты ’хсæн фæзынди сæхи поэттæ. Гаппомæ гæсгæ Лермонтовы цырты раз Къостайы раныхас уыд канд арфæ нæ, фæлæ хынцинаг историон цау: «Æрцыд мон æмæ зонды стыр

уæлахиз, адæмтæй иу тыхджын æфсымæрон цæдис чи скæндзæн, ахæм фарны хъуыддаг».

Гаппойы уац уыд программон. Уый суинаг литературæйы раз æвæрдта бæрнон хæстæ: адæммæ рухсад æмæ гуманизмы идейæтæ хæссын, рæстдзинад дзурын, рæсугъд нывтæй адæмы ныфсхаст æмæ цардхъом кæнын.

Ирон литературæйы æнтыстытæн сæ сæр уыд Къостайы сфæлдыстад. Уымæ гæсгæ Гаппо йæ уацты фылдæр хай фыста Къостайы тыххæй. Вазыгджын уыдысты поэт æмæ чиновникы ахастытæ, фæлæ зыдтой кæрæдзийæн объективон аргъ кæнын. Гаппо иудадзыг иртæста Къостайы историон, æхсæнадон æмæ культурон ахадындзинад; Къостайы программон уацмысыл нымадта «Балцы зарæг», уым стыр поэты идеалтæ сты цыппар хъуыддаджы: æфсымæрад, ирондзинад, рухсмæ цæуын, рæстдзинадыл тох кæнын (Г.Б. Хетæгкаты Къоста. – Ног цард, 1920, № 6).

Цардивæнтæ ивтой Гаппойы равг, йæ зондахаст æмæ йæ хъуыдытæ. Паддзахы заманы уымæн Уæрæсе уыд адæмты иумæйаг фыдыбæстæ (Сидт «К сынам Осетии»), Октябры фæстæ йын сси халæн революцийы артдзæст. Ныр æндæр хуызы аргъ кæны историйæн, ныр ын имам Шамил у патриот æмæ Кавказы сæрибарыл тохгæнæг. Йæ иу уацы Гаппо Къостайы æвæры фæтæг æмæ геройы æмрæнхъ. Кавказы хæст куы фæци, уæд «æргом тыхы рæстæг банцад», ралæууыд «сусæг мидхæсты, хин æмæ кæлæны рæстæг», уыцы тохмæ хæххон адæм цæттæ нæ уыдысты, фæлæ сын фæзынд ног фæтæг – поэт Къоста. Поэт уды тых æмæ зонды рухсæй хъахъхъæдта адæмы бартæ, – ахæм у уацы мидис (Куырдалæгон. Самил – Дагестаны имам æмæ Къоста – ирон фыссæг. – Ног цард, 1920, № 7).

Гаппомæ гæсгæ, «Ирон фæндыр» адæмæн дуар байгом кодта ног цардмæ, радта сын национ идейæ æмæ тырыса, сæвзæрын сæм кодта бæллиц æмæ идеал. Къостайы зарæг ирон адæмы кæны æмзонд, æмзæрдæ, амоны сын рæстдзинадыл тох кæнын.

Ирон критикæйы Гаппо уыд фыццаг сфæлдыстадон сурæтты автор. Фыста сæ, цæмæй адæм зоной, «сау кусæг чи уыди нæ зæрæстон ирон хуымы». Бæстон фыст у, Гаппо 1922 азы Берлины цы «Ирон фæндыр» рауагъта, уый разныхас. Уым Къостайы цард æмæ сфæлдыстад æвдыст цæуы бирæвæрсыгæй. Гаппо стыр аргъ кодта кадæг «Æфхæрдты

Хæсанæ»-йæн, уый тыххæй фыста арæх. Ирон литературæйæ хицæн чиныгæй фыццаг хатт рацыд уыцы кадæг. Гаппо, чиныг цы бон рацыд, уый хоны историон бæрæгбон æмæ уæлмонцæй фыссы: «Сыгъзæрин сахат! Рох дын нæй. Нæ хохы æмæ быдыры зæдтыл-дауджытыл ног зæд бафтыд – ирон литературæйы зæд» (Куырдалæгон. Къубалты Алыксандр – ирон поэт. – Ног цард, 1920, № 7). Цалынмæ уымæн «кувæг» уа, уæдмæ адæм цæрдзысты кадджынæй, сæ цард араздзысты фидауцæй, – ахæм у Гаппойы ахаст литературæмæ. Байы-фырт аивадмæ каст реализм æмæ историзмы позицитæй, аргъ ын кодта, адæмы цард куыд æвдисы, адæммæ цавæр идейæтæ хæссы, уымæ гæсгæ. Гаппойы цæстæнгасæй литературæ у идеологон хотых, ис дзы социалон мидис. Уыдис ахæм заман, æмæ литературæ «куыста æрмæст дины, алы хицауады æмæ бонджынты пайдайæн», уымæн æмæ фысджытæ сæйраджыдæр уыдысты хъæздыг фæлтæртæй, мæгуыртæн нæ уыд ахуырад райсæн æмæ фыссыны фадат. Ахæм социалон хæрамæн кæрон скодта Стыр францзаг революци. Уæд «тохимæ райгуырд фыссыны ног дæсныйад – публицистикæ; йæ куысты сæр уыди æдæппæт адæмы сæрыл дзурын..., хæрам митæ хурмæ рахæссын». Гаппо бæрзонд аргъ кæны аив дзырды дæснытæн, фæлæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, «цагъайраджы хъадамантæ асастой публицисттæ Белинский, Герцен, Добролюбов, Чернышевский, Писарев» (Г.Б. Цæголты Георги – ирон публицист. – Ног цард, 1920, № 9). Уыцы идейон позицитæй Гаппо аргъ кæны Цæголты Георгийы поэтикон æмæ публицистон сфæлдыстадæн дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ис «сау публицистикæ» дæр – хæрамы хотых, фæлæ Гаппо кад кæны, адæмон-демократон æмæ гуманистон идейæтæ чи хæссы, ахæм ныхасæн. Гаппойæн демократ у адæмы фарныл тохгæнæг, йæ иу очерке нымайы Æмбалты Цоцкойы фæзминаг миниуджытæ æмæ йæ стыр кадæн хоны «хорз ирон демократ» (Куырдалæгон. Æмбалты Цоцко. – Ног цард, 1920, № 13).

Æмбарад кæм нæй, уым нæй социалон æмæ барадон рæстдзинад. Фарн ис, сæрибарæй фыдызæхх кæмæн ис, ахуырадæй ифтонг чи у, куырыхон дипломатийыл чи хæцы, æрмæст уыцы адæмы царды, – ахæм у Байы-фырты социалон зондахаст. Йæ бæллиц уыд, æгъдау æмæ намыс кæм уа, ахæм фидæн, ахæм æхсæнад: «Хæст, хæрам зæрдæ, масты митæ хъуамæ адæм фесафой, сæ цард хъуамæ саразой кæрæдзийы уарзондзинадыл, кæрæдзийæн æдзух æххуысыл. Стыр зиу

хъуамæ суа дунейы цард» (Гаппо. Сæрибарыл тох. – Ног цард, 1920, № 13). Гаппойы бæллиц у адæмы æнусон фæндиаг, сæ тохы нысан.

*Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори.*
*Дзæуджыхъæу, 2003.*

# БАЙАТЫ ГАППО ÆМÆ ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА

Ирон лтературæйы ныффидар иу æнæбындур хъуыды, зæгъгæ, Гаппо уыд Къостайы знаг. Се ´хсæн хæлар ахастдзинæдтæ кæй уыдис, уымæн æвдисæн сты сæ фыстæджытæ. Къоста Гаппойы хуыдта йæ хæлар, Гаппо та Къостайы – йе ´фсымæр: « Ме ´рдхорд Къоста!.. – фыссы Гаппо Къостамæ Одессæйæ 1893 азы. – Долго, брат, мы не наведываемся о нашем житье-бытье!... Много воды и камней унеслось с гор по родному Тереку с тех пор, как мы расстались, и потому сообщить друг другу кое-какие хабары из нашей жизни будет, я полагаю, обоим нам весьма интересно…» Кæронбæттæны йæм фыссы: «Хæрзæбон, ме ´рдхорд Къоста!.. Бирæ дзурынæй бирæ хорз хуыздæр у, æмæ дын Хуыцау бирæ хæрзтæ ракæнæд!.. Æнхъæлмæ дæм кæсын!»

Йæ иннæ фыстæджы Гаппо Къостайы хоны йæ «уарзон æрдхорд, нæ Иры æнхъæлцау æмæ рæбинаг цæджындз»:

*«Мæ уарзон æрдхорд, нæ Иры æнхъæлцау æмæ рæбинаг цæджындз, Хетæджы фырт Къоста!*

*Æппын дын нæма у афон рабадын? Цавæр сæфты низ дыл бахæцыдис! Тагъд, нæ цæргæс, дæ райгуырæн уарзон хæхтæм ратæх æцæгæлон дард бæстæтæй æмæ дæ сызгъæрин хæтæлæй тохы зарæг ныккæ нæ Ирæн!.. Рагæй æнхъæлмæ кæсæм мах дæ диссаг зарджыты чиныгмæ. Бафæллад хъиамæтты астæу мæгуыр ирон зæрдæ!.. Дæ зарджытæ æлутоны хуызæн фæуыдзысты нæ мæгуыр адæмæн. Цæмæй тæрсыс, нæ иунæг æгъдынцой!?.*

*Æгъгъæд нын у, дæ чиныджы куы ссарæм: «Хъуыбады», «Æфсати», «Мæ Иры фæсивæд», «Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг кæуæгау фæзына, мыййаг!», «Чи дæ?», «Кипиани, рухсаг», «Хъазтæ», «Рувас» – чысыл рæсугъд чиныг уыдзæн, æмæ дзы*

*иу-дыууæ мин экземпляры джиппы ауадздзыстæм æмæ йæ алырдæм æрвитдзыстæм, суанг фæсхох Ирмæ!..*

*Стыр рухс уыдзæн уыцы чиныг нæ дзыллæйы зæрдæйæн!.. Чи фыссы, уыцы фæсивæд тыхджындæр сæ зæрдæ ратдзысты уыцы стыр хъуыддагмæ... Бузныг дæ фесты Ир дæ фысты тыххæй – «Горские штрафные суммы». Бирæ газетты фæзындис дæ фыст! Курæм дæ, куыд фыссай ахæм рæтты нæ мæгуыр адæмы сæрыл хъæбæр хорз!.. Уыцы номырæй ардæм рарвит иу-20 экземпляры...*

*Немедленно сообщи, долго ли пробудешь в Питере, хочу выслать тебе статью хорошую из нашей жизни для помещения в журнале или газете.*

*Твой Гаппо Баев»* (Хетæгкаты Къоста. 5 том, 75 ф.).

Къостайы «Ирон фæндыр»-ы къухфыст цензурæмæ куы бахауд, уæд дзы систой къорд уацмысы, уыдонимæ «Додой», «Катай», «Ракæс» æ.æнд. Уый Гаппойы аххос нæ уыд, фæлæ, поэты æмдзæвгæтæм кæй бавнæлдта рæстытæ кæнынмæ, уый Къостамæ раст нæ фæкаст æмæ йæ хасты бынат Очаковæй 1899 азы 19 июлы Гаппомæ фыссы: «Видишь ли, Гаппо, из-за такой мелочи ты можешь испортить наши хорошие отношения. Ведь я тебя неоднократно самым серьезным образом просил и предупреждал, чтоб ты при издании моих стихов ни на йоту не отступал от рукописи, даже в орфографии. Если я пишу то или другое слово так, а не иначе, то я пишу сознательно, я над ним долго ломал голову и не хочу ни тебе, ни кому-то бы то ни было, позволить изменить их без моего ведома…

Я никогда своим словом не торговал, никогда ни за одну свою строку ни от кого не получал денег… Я пишу то, что я уже не в силах бываю сдержать в своем изболевшем сердце…

Устыдись, брат!.. И знай, что ты 99 % моего доверия потерял, но надеюсь, – не навсегда, а то было бы совсем скверно. Будем подождать» (5т., 190 ф.)

*БАЙАТЫ Гаппо*

# ИУНӔДЖЫ КАДӔГ

## ИРОН ЦАРДЫ НЫВ

*Гæдойы рухс ном дзы арын*

Уæдæ ма, чиныгкæсæг, нæ сæнтты атæхæм Кавказы тызмæг хæхтæм, æгæндæг цъассытæм. Уым абон дæр кад æмæ радæй хъахъхъæд цæуынц рагон царды хуыздæр æгъдæуттæ.

Уæлæуæз, кæмдæр æврæгъты дæлбазыр, æрцауындзæг чысыл хæххон хъæу Мызур. Хæдзардзин зæрватыччы ахстонау цъæх айнæджы бын батыгуыр. Дæлиау, комы арфæй, хъуысы Æрыдоны знæт уынæргъын æмæ хъуырдухæн. Уый номдзыд Теркмæ згъоры дзагармæй, хæссы йын бæркадджын хуынтæ. Хъæуы сæрмæ бæрзондæй фæлгæсынц рох фыдæлты къæдзæхдур зæппæдзтæ, тарæрфыг мæсгуытæ. Æмæ фыццаг хатт ардæм цы бæлццон æрбафты, уый йæ цымыдис цæстæнгас саразы уыцы æвæджиау нывтæм.

Цас федтой туджы зæйтæ, цал фæстаг хъæры фехъуыстой ацы уымæл мæсгуыты фидар къултæ кæддæрты! Ныр фæци се 'нус, æмæ дургай згъæлынц, сæ топуадзæнтæ хъуынайы бын фесты, сæ систы скъуыдты сæхицæн ахстæттæ скодтой хæлынбыттыртæ æмæ уыгтæ.

О, райгуырæн Кавказы тугкалгæ, сæрибары дугты æдзæм цыртдзæвæнтæ, уæ заман аивгъуыдта. Æндæрты рад ралæууыд, æмæ уын уыдонæн æнæ фæндаг ратгæ нæй.

Акæсут-ма, уартæ сыхаг хъæуы хурмæ цæхæртæ калы урс къаннæг аргъуан. Æнæхъæн комыл анæрыд йæ дзæнгæрджыты хъæр. Уый æхсызгонæй сиды адæммæ сыгъдæг Чырыстийæн бакувынмæ. Лæджы зæрдæ амондджын æркаст йæхимæ... Уарзт, рæстдзинад æмæ фарны Хуыцауы уæлахизхæссæг ахуырад сиды æгъатыр æмæ зындойнаг цард сног кæнынмæ, адæм кæрæдзи уарзгæйæ куыд цæрой, афтæ.

Мæнæ хæстæгæй зыны скъола дæр. Йæ кулдуарæй гуыв-гуывгæнаг мыдыбындзыты бинонтау æддæмæ æд чингуытæ раивылдысты хохæгты æрдæгбæгънæг сывæллæттæ æмæ комы хъæутыл алырдæм апырх сты.

Фæрнæйдзаг у, æнусон мæйдары рухсы тæпп! Кæмæн нæ уыдзæн æхсызгон, урссæр Кавказы мæгуыр цот ахуыры хæзнатæм зæрдæргъæвд æмæ хъазуатонæй кæй тырнынц, уый фенгæйæ. Бахъардта хохы цъассытæм дæр: ахуыр рухс хæссы, æнахуыргонд та талынг у.

Ацы сабитæм кæсгæйæ, зæрдыл æрбалæууынц номдзыд поэты ныхæстæ:

*Ноги босы, грязно тело,*
*И едва прикрыта грудь...*
*Не стыдися! Что за дело?*
*Это многих славных путь.*

Дзæнæты сæрдыгон изæр. Уддзæф митсæр рæгътæй сатæг уæлдæф скъæфы. Хур сыхаг хохы фæстæ фæаууон, йæ зæрин тынтæ къæдзæхты тигътыл хъазынц. Хъæуы алыварс къуылдымтыл хуымгæндтæ. Хохæгты тугвæллойæ хæдзардзин куыст. Зæу-зæу кæнынц сызгъæрин уылæнтæ. Хъæздыг хорæрзады аз скодта, хæхбæсты уый тынг стæмхатт вæййы.

Хæдзары тъæпæн сæрыл фыдæлтыккон мæсыджы бын хохæгтæ цæлхæмбырдæй бадынц – нырма хæрзæрæджы æрыздæхтысты уæлхох уыгæрдæнтæй. Цæуылдæр хъæрæй ныхас кæнынц, афтæмæй сæ цæст дарынц урсдадали æмæ урсбоцъо куырм Бибомæ – уый йæ арæхстджын къухтæй цыдæртæ архайы йæ зæронд хъисфæндыримæ.

Рохуаты аззайынц боны бирæ тухитæ, иуылдæр æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсынц зарæджы мыртæм, кæнæ та нæртон кадæгмæ – кæд сын рагæй зындгонд сты, уæддæр сæм хъусынæй не ‘фсæдынц.

Ацы куыстдомд адæмы хуызыл бæрæг у, куыд тынг сæ фæнды, сæ алыварс æнæрайы царды сагъæстæй уæд та рæстæгмæ фервæзын, сæрибарæй сулæфын æмæ алæмæты кадджыты æхсызгон уацары бахауын, уый. Уыцы кадджытæ сфæлдисæг дæр у адæмы куырыхон зонд, йе ‘видигæ сфæлдыстадон хъомыс.

Раджы бакуырм и зæронд Бибо. Адæмы таурæгътæ æмæ кадджытыл уый хуызæн ничи ауды, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ уый хæццæ кæны. Йæ кæддæры дзадджын цард ныр мынæг кæны. Ис ма йын иунæг æнувыд хæлар – йæ хъуытазхъæлæс фæндыр. Рæстæг ницыхъом у йæ фæндыры зæлтæн, чи йæм фæхъусы, уыдоны загъдау, йæ цагъд рæсугъдæй-рæсугъддæр æмæ зæрдæмæхъаргæдæр кæны...

«Бибо нын куы фæзары, уæд адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма мад йæ иунæджы сæфтыл фæутæхсæн кæны... Æндæр хатт та йæ фæндыры цъæхснаг зæлтæй сывæллоны цинæйдзаг худын фæхъуысы». Ахæм æнæхин хуызы ныхæстæ фехъусæн уыди хохæгтæй сæ уарзон кадæггæнæджы зард æмæ цагъды тыххæй.

Фæндыр цæттæ у. Алыварс дуне фæсыпп, цы у, уымæй иуыылдæр хъустæ фестад. Бибо йæ зыр-зыр хъæлæсæй базарыд, йæхицæн дæргъвæтин хъырнгæ. Кадæг райдыдта: «Гъæй, мæ чысыл хуртæ! Цæмæй уын барæвдауа уæ дзæбæх удтæ зæронд Бибо... Бирæ хæттыты уын куы зарыдтæн номдзыд хъæбатыртыл, Нарты гуыппырсартыл, бæрзондыл бадæг дзуæрттæ æмæ дауджытыл, табу сын уа! Нæй кæрон мæ зарджытæн...– йæ хъæлæс фæныллæгдæр кодта æмæ афтæ зæгъы. –Абон уын нæ уарзон «Иунæджы кадæг» ракæнон»...

## ИУНÆДЖЫ КАДÆГ*

Иу цуанон йæ мæлæты къахыл ныллæууыд. Йæ иунæг фыртмæ фæдзырдта æмæ йын афтæ:

– Дæхи ма хæр, мæ хъæбул! Æз уыдтæн цуанон, уарзтон хæтæнхуаг цард, ныр та мæм æгъатыр мæлæт æрбаввахс, æмæ мын уый дæр æнæ бауарзгæ нæй. Ницы бынтæ дын скодтон, æрмæст дын мæ болат хæцæнгæрзтæ уадзын, æмæ-иу сæ æгадæй згæ макуы бахæрæд. Ды Иунæг дæ, æмæ мæгуыр дæр уымæн дæ: искæй къухæй мард куы фæуай, уæд дын дæ туг чи райса, ахæм нæй!... Æрмæстдæр Дуне сфæлдисæг Бæрзондылбадæг у дæ иунæг сæрылхæцæг...

Уыйадыл æвзыгъд цуанон аивгъуыдта Барастыры æцæг дунемæ.

Слæг ис Иунæг æмæ иуахæмы йæхицæн загъта: «Адæмæй худинаг у, æмæ, цæй, мæ фыдæн хæрнæг скæнон, уадз æмæ мæрдты бæсты æнæкъæмдзæстыг уа... Мæ фыды зæронд бæхыл тар хъæдмæ сырдты бардуаг рæдау Æфсатимæ фæцæудзынæн... Æрхатдзынæн æм, æмæ мын кæд дыууæ сæрджын саджы ралæвар кæнид йæ бирæ рæгъæуттæй!..»

Цас фæрахау-бахау кодтаид Иунæг тар хъæдты, чи зоны, фæлæ нæ дзæбидырыл, нæ сагыл, нæ сычъийыл бамбæлд. Æвæццæгæн

---

* Ацы кадæгæй бæрæг у, ирон адæмы дин цас уырныдта, уый. Йæ мидисмæ гæсгæ зæрдыл æрлæууын кæны Шиллеры уацмыс «Ивикы зырнæджытæ» (Гаппойы фиппаинаг).

сæ Æфсати уæлæрвтæм йæ мусмæ мæнæу най кæнынмæ фæтардта, кæнæ та сæ фыдбылызы цуанæттæй йæ сойджын хизæнты арф бамбæхста.

Æризæргæрæттæ. Хур йе 'нусон бынатмæ фæцæйцыд. Уæд мæгуыр Иунæг скуывта:

– Хуыцæутты Хуыцау! Баххуыс мын кæ! Зæгъ Æфсатийæн, цæмæй мыл уæд та иу саг-сæгуыт рауадза!..

Хуыцауæн зын ницы у, æмæ уый фæндæй мæгуыр лæппуйы цур йæ зæронд æфсургъыл, скъуыдтæ дарæсы февзæрди сыгъдæг Уастырджи. Æмæ йæ йемæ йæ хæдзармæ ахуыдта.

Рæдау Æфсати куывд кодта. Алырдæм йæ зæллангхъæлæсджын фидиуджыты арвыста, цæмæй йæм дзуæрттæ иууылдæр сæмбæлой. Табу сæхицæн, нæ уæларвон хæрзгæнджытæн!..

Фидиуджытæй иу Сыгъдæг Уастырджийыл сæмбæлд æмæ йæ куывдмæ зæрдиагæй хоны.

– Гæнæн мын нæй хуынды фæцæуынæн, уыныс, мемæ мæгуыр уазæг ис! – загъта Уастырджи.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг! Демæ йæ ракæн, науæд рæдау Æфсатийы хъыджы бацæудзынæ! – дзуапп радта фидиуæг.

Уастырджи йæ зæронд бæх разылдта æмæ Иунæгæн афтæ зæгъы: «Уæ ме 'рдхорды фырт!.. Дæ фыды хæдзар-иу фæллад бæлццонæн кæддæриддæр фæрныг фысым разынди!.. Ныр дæ æз Æфсатийы хæдзармæ дзуæртты куывдмæ хонын! Фынгыл сбаддзынæ, æз дын мæ къухæй куы ацамонон, уæд, æмæ-иу дæ зæнгойы хъусы саджы фæрсчытæй иу амбæхс...»

Цытджын дзуæрттæ æмæ дауджытæ дунейы алы кæрæттæй æрцыдысты куывдмæ. Уастырджи æмæ йæ мæгуыр уазæг сæ разы куы балæууыдысты, уæд сын иууылдæр сæ бынæттæй сыстадысты.

Хистæры кадджын бынаты сбадти Хоры Уацилла, йæ рахиз фарсмæ йæхи æруагъта сыгъдæг Уастырджи, стæй уæд иннæтæ дæр, кæмæн куыд æмбæлд, афтæ сæ бынæттæ æрцахстой*.

Дзуæрттæ та кæстæриуæг кодтой, дзагдартæй лæууыдысты æмæ дзæбидыры сыкъаты æлутон нозт уагътой.

Рæдау Æфсати фынджы алывæрсты зылд, æмæ, йæ уазджыты кæй хынцы, уымæй йæ зæрдæ ради. Уастырджи йæм йе 'ргом 'аздæхта æмæ йын афтæ зæгъы:

* Цытджын дзуæрттыл ирон адæммæ нымад сты Тутыр, Фос-Фæлвæра, Барастыр, Сафа, Донбеттыр, Аларды, Бынатыхицау – (Гаппойы фиппаинаг).

– Уæ, нæ рæдау фысым Æфсати! Уый дæ уазæг дуаргæрон лæугæ куы баззад. Æвæццæгæн дæм исты аккаг лæвармæ æнхъæлмæ кæсы.

– Нæ уазæг æвзонг цуанон у!.. Афæдзы дæргъы, ме ‘нæкæрон хъæдты цуангæнгæйæ, афтидармæй никуы аздæхдзæн – уый йын мæ лæвар.

– Чъындыгомау дæ, дзуæртты бонджындæр! Уый куы зыдтаин, уæд мæ мæгуыр уазæджы ардæм кодтон! – загъта Уастырджи.

Æфхæрдау фæкасти Æфсатимæ уыцы уайдзæф, æмæ дын афтæ:

– Лæппу! Дæс азы цуан кæныны бар дын дæттын.

Фæлæ та уæддæр Иунæг фынджы уæлхъус не ‘рбадт, æмæ йæм дзуæрттæ дæр фырмæстæй рафыхтысты. Æрбамæсты Æфсати дæр:

– Гъей, сау цуанон! Дæ амæлæты бонмæ цуан кæныны бар дын дæттын! Ма мын худинаг кæн мæ куывд – фынгмæ саккаг кæн...

Сыгъдæг Уастырджи йын йæ къухæй ацамыдта, æмæ Иунæг дæр уæларвон цæрджыты фарсмæ æрбадти. Хæргæ-хæрын иу фæрск йæ зæнгойы хъусы амбæхста.

Нæртон куывд райхæлди. Саджы æхсыд фæрсчытæ фынджы астæу рæдзæгъдтæй лæууыдысты, æрмæст дзы иу фæрск нæ фаг кодта. Бирæ йæ фæцагуырдтой, фæлæ никуы æмæ ницы. Уæд Уастырджи загъта: «Уыцы фæрск ын урс кæрзæй скæнæм». Æфсати кæрзæй фæрск самадта æмæ йæ иннæ стджытимæ сæвæрдта, стæй сæ йæ нымæтын ехсæй æрцавта. Уайсахат фынджы астæу сæрджын саг фегуырд æмæ сау хъæдмæ сойджын хизæнтæм цыппæрвадæй ацагайдта.

Сæ буц фысымæн зæрдæбын арфæтæ ракодтой дзуæрттæ æмæ сæ фæрныг хæдзæрттæм фæцыдысты. Алчи сæ йæхимидæг дзырдта: «Цыдæриддæр у, уæддæр зондджын Уастырджи йæ уазæгæн ахъаззаг лæвар ракуырдта Æфсатийæ!».

Иунæджы раз йæхи кæм раргом кодта, уырдæм куы æрбахæццæ сты, уæд та Уастырджи йæ бæхы рохтыл æрбахæцыд æмæ афтæ зæгъы:

– Æвзыгъд цуаноны фырт, абон ды уыцы сæрджын саджы амардзынæ, стæй мыггагмæ мæнмæ раздæхдзынæ. Уымæн æмæ дæ саузæрдæ адæм рухс дунейыл бирæ цæрын нæ бауадздзысты, Хуыцау дыл йæ арм кæй дары, уый куы уыной, уæддæр. Уыйадыл Уастырджи фæтары.

Тæккæ уыцы бон Иунæг йæ нывонды саг амардта. Цуанæттæ йыл æрбамбæлдысты æмæ схор-хор кодтой:

– Læппу, æмбæлæггаджы хай нын!

– Æмбал кæмæн нæй, уыцы Хуыцау уын раттæд æмбæлæггаджы хай. Æрмæст уын æй æз нæ радих кæндзынæн, уымæн æмæ ацы саг мæ фыдæн хистаг у, – дзуапп радта Иунæг.

– Нæ дæ ныууадздзыстæм, цалынмæ нын æмбæлæггаджы хай радтай, уæдмæ!

– Акой йæ кæнæм, – загъта Иунæг, – æмæ кæд йæ фæрсчытæй иу кæрзæй конд уа, уæд саг æнæхъæнæй дæр мæн, науæд уæ амæттаг фæуæд.

Цуанæттæ цингæнгæ февнæлдтой, æмæ сагæн йæ иу фæрск кæрзæй разынди.

– Цы фæрсæм хъуымыздзыхы! Искуыдæр-ма, фæзгъæр мыд куы ссарай, уæд йæ иуварсты ацæудзынæ? Нæ нын дæтты дзæбæхæй нæ хæйттæ – йæхи йын тæккæ ацы ран сæргæвдæм! – загъта цуанæтты хистæр. Сæ кæстæр, Иунæгæн фæтæригъæдгæнгæйæ, йе ‘мбæлттæм дзуры:

– Хуыцауы зæрдæ ныл фæхуддзæн, ацы хæрам хъуыддаг куы бакæнæм, уæд. Бæрзондылбадæджы азар нæ басудздзæни...

Хистæртæ йæ дзурын нал бауагътой:

– Куыннæ стæй, Хуыцау уæлæрвтæй æрцæуьдзæн æмæ нæ мæнæ ай тыххæй бафхæрдзæн?

Нæ байхъуыстой сæ кæстæрмæ, æрбынæй кодтой Иунæджы æмæ йæ æргæвдынц.

Хур йе ‘нусон фысымуатмæ фæцæйцыд. Уæд ын Иунæг ныллæгъстæ кодта, скуывта:

– Уæ, сыгъдæг Хур! Дæ сызгъæрин тынтæ æвдисæн фæлæууæнт ацы фыдракæндæн. Сымах та, кæрзы цъæх сыфтæртæ, Иунæгæн йæ тугисæг фæут!...

Амардтой Иунæджы. Æнустæм фысым ссардта сыгъдæг Уастырджимæ. Бирæ бонтæ æмæ азтæ аивгъуыдтой уæдæй нырмæ. Иунæгæн йæ дард хæстæджытæ хæрнæджы фынг скодтой. Уыцы рæстæг хъæугæрæтты æртæ барæджы фæцæйцыди. Хистæртæ сæм фæсивæды арвыстой æмæ сæ æгъдаумæ гæсгæ æрбахуыдтой, Иунæгæн рухсаг зæгъут, зæгъгæ. Барджыты хистæр бадзуры йе ‘мбæлттæм:

– Иугæр нæм хистæртæ кæм сидынц, уым нын æнæ баздæхгæ нæй.

– Кæстæр хистæрæн зондамонæг уа, уый нæ фæтчы, фæлæ уæ курын, æмæ хистмæ ма бацæуæм, – къæмдзæстыгæй бакодта кæстæр барæг.

– Хистæры фæндыл дыууæ зæгъæн нæй! – сдзырдта астæуккаг, æмæ æртæйæ дæр сæ бæхтæй æрхызтысты. Уазджыты мидæмæ бакодтой æмæ сын фынг æрæвæрдтой.

Гъеуæд-гъе, æмбал кæмæн нæй, уыцы цытджын Хуыцау мæгуыр Иунæджы туг райсынвæнд скодта. Хуры зæрин тынтæ кæрзбæласы цъæх сыфтæртыл схъазыдысты æмæ сын сæ хъусы бадзырдтой: «Æрцыд нæ рæстæг, цом, фæцæуæм æмæ Иунæджы фæстаг ныстуан сæххæст кæнæм!»

Хуры тынтæ фæрсагæй багуылф кодтой æмæ, хистæр уазæджы къухы цы сау бæгæныйы къус уыд, уый уæлцъарыл цæхæр скалдтой, цъæх сыфтæртæ та къусы ныххаудысты æмæ дзы зилдух райдыдтой. Иннæ дыууæ уазæджы кæрæдзимæ бакастысты æмæ цуанæтты æвзагæй загътой:

– Мах уыцы лæппуйы куы мардтам, уæд уый хуры тынтæм, æвдисæн фæлæуут, зæгъгæ, сидти, кæрзбæласы сыфтæртæм та, мæ тугисджытæ фæут, зæгъгæ, дзырдта. Æмæ ныл мæнæ ныр Хуыцау йæ бæллæх æруагъта!

Уырдыгстджытæй иу æмбæрста цуанæтты æвзаг æмæ фысымтæн бамбарын кодта: «Адон нæ туджджынтæ сты! Райсæм сæ нæ Иунæджы туг!» Хабар кадджын хистæртæм куы бахæццæ, уæд уыдон загътой:

– Уазæг – Хуыцауы уазæг. Тагъд кæнын нæ хъæуы. Уазджыты Иунæджы ингæнмæ ахонут æмæ уым ард бахæрæнт, азымджын кæй не сты, уый тыххæй æмæ мардæн рухсаг зæгъæнт.

Уазджыты ингæнмæ акодтой. Адæм иууылдæр уæлмæрды алыварс æрæмбырд сты. Фыццаг уал цуанæтты хистæрмæ бæгæныйы къус радтой æмæ йын афтæ зæгъынц:

– Дæ сæр ацы ингæны æлгъыст баййафæд, ды рæстдзинад куы басусæг кæнай!

Æмæ та арвæй кæрзбæласы сыфтæртæ æртахтысты æмæ къусы ныххаудысты. Хистæр цуаноны къухтæ ныззыр-зыр кодтой, бæгæныйы къус æрхауд æмæ базгъæлæнтæ.

Адæм фæхъæр кодтой:

– Хæцут ыл! Уый лæгмартæй иу у! Хуыцау ыл йæхæдæг комдзог

рацыд! Астæуккаг цуанонып дæр уыцы хабар æрцыд. Сæ дыууæйы дæр ингæны уæлхъус амардтой. Кæстæр цуанон бæгæныйы къус банызта, æгъдаумæ гæсгæ ард бахордта, рухсаг загъта. Адæм æй æвыдæй ауагътой...

***

Ахæццæ кæронмæ Бибойы зарæг. Адæм иуцасдæр хъусæй абадтысты,. хъисфæндыры фæстаг зæлтæ уæлдæфы куыд сысынц, уый æхсызгонæй хатыдтой. Зæронд лæгтæ, сæхиуыл дзуæрттæ æфтауæгау, дзырдтой: «Дуне сфæлдисæг, табу дæхицæн! Табу дæхицæн, сызгъæрин Уастырджи! Табу уæхицæн, быдыры дзуæрттæ æмæ хохы зæдтæ! Дардæй нæм фæлгæсут, хæстæгмæ нæ хизут фыдрын, фыдбылызæй...»

Бибойæн зæрдæбын арфæтæ ракодтой æмæ рухс зæрдæйæ сæ фæрныг къонатæм фæцыдысты.

Бирæ тавс бауадзы тызмæг Кавказы хохæгты риуы райгуырæн зæххы поэзи. Сæ дæрзæг царды æууæлтæ сын бар-æнæбары схъæбæр кæнынц сæ зæрдæтæ, уымæн æмæ сæ къæбæры сагъæс æнцой нæ уадзы. Сæ хъалонтæ афойнадыл цæмæй бафидой æмæ сæнæмæт уой, уый сæ фæфæнды.

Мæй разынди хохы ауунæй, фæныгъуылди фæздæгхуыз мигъты æхсæн, стæй, дунемæ зæрдæрухсæй худгæ, сыгъдæг арвы къуырфы тыбар-тыбургæнаг стъалыты æхсæнты аленк кодта. Комы хъæутæй чи хæстæг у, чи дард, цырæгътæ æнахуыр æрттывд кæнынц. Афонмæ ирон куыстæллад лæг йæ бинонтимæ артдзæсты фарсмæ æхсæвæр хæрыныл æрбадти, сæ разы æртæкъахыг фынгыл – хъæбынтæ.

Комы фаллаг фарс, уыгæрдæны кæрон бæрз къохы цырен арты уæлхъус бадынц фыййæуттæ æмæ цæлхъæй зарынц:

*Мæ уды гага, сау рæсугъд Сахар!*
*Дæ иу фæкаст мын афæдзы фаг у...*

Талынджы сын кафт дæр бацайдагъ, сæ къæрццæмдзæгъд бæстæ арауы. Цæргæстау æрзилынц, сæ къахфындзтæ æрсадзынц, стæй та ногæй зарæг сисынц – уадз æмæ райгуырæн Кавказы хæхты комæй-коммæ зæла Иры сахъгуырдты зарæг.

Æппæты фæстæ ацыди зæронд Бибо. Хъæлдзæг мидбылхудт

йæ цæсгомыл хъазыди. «Табу дæхицæн, дунесфæлдисæг иунæг Хуыцау!» – йæхинымæры дзырдта, уæлхæдзарæй зæхмæ хъавгæ æрцæйхизгæйæ.

Бæстæ бынтон ныссабыр. Æрмæст ма-иу фаллаг фарсæй, уæлхох уыгæрдæнтæй, мынæггæнгæ арты цурæй хатгай æрыхъуыст зарæггæнджыты «осси-уæрæйдæ, осси-уæрæйдæ…»

*Уырыссаг æвзагæй Гусалты Барисы тæлмац.*

# БАЙАТЫ ГАППОЙЫ ÆМБЫРДГОНД ÆМБИСÆНДТÆ

Арс афтæ нæ зæгъы, æрсгæс куыд зæгъы.

Адæмы цы лæг уарзы, уый адæм дæр фылдæр уарзынц.

Адæм кæрæдзийы туг дойныйæн нуазынц, кæрæдзийы фыд стонгæн хæрынц.

Арв куыд нæры, афтæ куы цæвид, уæд адæмæй мыггаг нал уаид.

Ахæм лæг нæ райгуырди, йæ сæр стыр чи нæ хона, йæ къах – къаннæг.

Адæймаг æгуыстæй кæнæ æвæндон куыстæй хъыг кæны.

Алчидæр фыццаг йæ гуыбыны кой кæны, стæй та йæ уды кой дæр, уымæн æмæ уд æнæ буар нæ цæры.

Арс ма мыд хæры.

Акалд æмæ амардæн хос нæй.

Арвы хъуг куы давдæуы.

Адæмæй æндахгай – мæгуырæн хæдон.

Арсы уыдта, афтæмæй ма йын йæ фæд агуырдта.

Адæмæн – дзырд, ногъайæн – дамгъæ.

Акæс, æмæ дæ чи фæнæма, æмæ кæй фæнæмай, уыимæ æфсымæртæ скæн.

Æвзæр куырд йæхицæн марæны кард кæны.

Æнцад бадынæй стæг æхсынын хуыздæр у.

Æгæргæнæг æгæр кæны.

Æхсæны хъæуы уазæг хурмæ баззади.

Æдылы хъæдмæ дыууæ цыды кæны.

Ærmæст дыууæ хохы кæрæдзийыл не ‘мбæлынц, фæлæ дыууæ лæджы æмбæлынц.

Æррайæн алы бон дæр – бæрæгбон.

Æгады мардæй мæлæт хуыздæр.

Æвзæр хуым – дурæппарæн.

Æргом дзырды къæм нæй.

Æнусы цардæй æнусы ном – хуыздæр.

Æлдармæ цагъары куыст нæ хъары.

Æдых – тыхджынæн дондзау.

Æгас мыстæй мард мыст хуыздæр у.

Æнæзонд лæг – фæндзæм цалх.

Æнæзонд хæрæг былæй хауы.

Æлгъитæгæн йе ‘лгъыст йæхиуыл цæуы.

Æгас адæмыл хур дæр не ‘ххæссы.

Æргом дзырд лæвар у.

Бæлас фыццаг цæфæй бæрæг у.

Гæды æмæ мæнгарды къах цыбыр у.

Гал бæласы сæрмæ не схиздзæн.

Гал хосæй амæлæд.

Гæбæр бæх гæбæр бæхы ныхы.

Де ‘взаг æмæ дæ цæст сыгъдæг куы уой, уæд æгасæй сыгъдæг уыдзынæ.

Дон кæй фæласы, уый сындзы къутæрыл дæр фæхæцы.

*ХУЫРИАТЫ Хазби*

# ХÆРÆФЫРТЫ КУЫДЗ

*Æцæг цау*

Ацы хабар æрцыдаид 1948 – 1949 азты. Зæронд лæг Хибайы хæрæфырт хæцгæ-хæцын Германмæ ныххæццæ сæрæгасæй. Уым æй рæстæгмæ баурæдтой: æфсæддон ансамблы кафыд. Куы ссыди, уæд æрцард горæты. Гъемæ иу дзæбæх райсом, уæдæ мæ адджын хæрæфырты фенон, зæгъгæ йæм Хиба бæрæггæнæг схæццæ цыдæр амæлттæй.

Дзæуджыхъæуы сæйраг уынджы иу бæрзæндтæ хæдзары дыккаг уæладзыгмæ схызт æмæ, йæ хæрæфырты фатеры дуармæ куыд æрлæууыд, афтæ мидæгæй куыдзы бæзджын рæйын райхъуыст.

– Фатеры куыдз дарынц?! – бадис кодта Хиба. – Æви мæм уый кæртæй æрбайхъуыст?..

Уалынджы дуар фегом, æмæ дзы дынджыр гæмæлхъус куыдз рагæпп ласта, скъуырдта Хибайы, сфæлдæхта йæ æмæ йын йæ зæнджы хæцъæфыл ныддæвдæг, рæмудзы йæ. Куыдзыл дон бакалдтой, æмæ йын æй афтæмæй скъахтой йæ бынæй...

Мæйы бæрц æрдаудта мæгуыр Хиба рынчындоны. Хъæумæ куы æрыздæхт, уæд-иу дуармæ фыдæлтыккон къодахыл бадт. Иуахæмы йæм йæ сыхаг Бæтæхъо йæхи байста, фæрсы йæ:

– Хуыцауы хатырæй, Хиба, мæй зæгъон, цас зæгъон, уыйас æддæмæ куы нал зындтæ, уæд циу, цы хабар у?

– Æнæзонд сæры коммæ куы кæсай, – арф Хиба ныуулæфыд, – уæд бæллæхæн дæр æнæрцæугæ цы ис...

– Бæллæхæн, йæ? – ныддис кодта Бæтæхъо. – Уагæры цы кодтай?

– Цы кодтон, куы зæгъай, Бæтæхъо, уæд адæм Германæй алы хæрзиуджытæ æмæ сызгъæринтимæ сыздæхтысты, мæ хæрз хæрæфырт чи у, уый та дзы, йæ мадыл... фыййау куыдз сæмпъыхта! Æмæ мын мæнæ мæ зæнг бахордта, æркæс-ма мæнæ...

Хиба афтæ диссаджы дæргъвæтин æлгъыст ныккодта, æмæ Бæтæхъо абон дæр ма фæхуды, куы йæ сфæзмы, уæд.

# ХУРЫ ЧЫЗДЖЫТÆ ÆМÆ АВД ЦУАНОНЫ

Ацы таурæгъон зарæг адæм скодтой XIX æнусы кæрон. Уæддæр та Хъæрмæдоны цъити ратыдта, бирæ адæмы фесæфта.

Зарæг дины ахорæнты æвдылд кæй у, уый йыл бæрæг дары. Зарыд дам-иу æй хъуыстгонд хорз лæг Хъæрæцаты Солтан.

Авд цуаноны, зæгъы, Хъæрмæдоны комы. Иу райдзаст бон цуаны куы бацæуынц æмæ ‘Фсатийы лæвæртты æргъом, цингæнгæ, суары былмæ куы бахæссынц. Сæ хæрзгæнæджы ном фынгыл нæма ссарынц, афтæ суары сæрмæ арвы талынг ныррухс. Уый Хуры чызджытæ сæхи найынмæ æртæхынц æмæ сæхи мадардбæгънæг ракæнынц. Цымыдис цуанæттæ къутæрты фæсте æрæмбæхсынц, чызджыты буармæ кæсгæйæ, сæ туг рафыцы, зæрдæтæ ‘нкъуысынц, дзуæрттæм кæсгæйæ. Уалынмæ дзы иу чызг цуанонимæ фемдзаст. Дзуары бæгънæгæй хъуамæ зæххон ма фена! Хуры чызджытæ ныппæррæст ластой уæларвмæ. Рухс фæд айсæфт, сæ фæстæ æмбæрзгæ. Хуыцауы дуар Хуры чызджытæ ныххостой, мæлæт дзы ракуырдтой къæйных цуанæттæн. Уайтагъд комы ахæм дымгæ сыстад, кардау лыг чи кодта, артау та – судзгæ. Калдысты цъиititæ, къæдзæхтæ хаудысты, ком байдзаг и донæй, къæвда дæр фемæхст. Цуанæттæ нал арынц рындзмæ сæ фæндаг. Бамбæрстой цуанæттæ, цы бакуыстой, уый. Æрхаудтой сæ зонгуытыл, Уастырджимæ скуывтой, Хатыр æмæ дзы æхxуыстæ куы куырдтой. Февзæрди Уастырджи уайсахат сæ цуры.

Арвцæвæн ехсы хъæдæй сæ уый радыгай фелвæста донæй, рындзмæ сæ сæппæрста... Хъæрмæдоны комы иу абонæй иннæмæ адæмы цинæн куы нал уыд кæрон дæр. Уастырджи – хæрзгæнæг, зæгъгæ, дам, куы дзырдтой æмæ йын сызгъæрин тæбæгъты бирæ фæкуывтой...

*1993 аз*

# ТУХГÆ ÆХСАРГАРД

Ацы таурæгъ мын 1929 азы 20 февралы ракодта мæ фыдымад Дзæнæ.

...Уый раджы уыди, тынг раджы, ныры Дзуарыхъæуæй ма суанг Гуысырайы онг зæххытæ иу кæсгон æлдары куы уыдысты, уæд. Уый карзæй домдта, цæмæй йын Куырттаты ком фидой зæхх æмæ фæндаджы хъалон.

Нæ йын састысты, нæ йын разы кодтой, ноджы ма йын фæстагмæ йæхиуыл тых кæнын дæр ма байдыдтой. Иухатт бавдæлдысты, æмæ æлдары фосы рæгъау хохы фæсвæд ранмæ атардтой. Йæ фæсдзæуинтæ фæдис систой æмæ куырттатæгты скъуымбил кодтой комы нарæджы.

Уыцы тохы йæ фыртимæ архайдта Тохтиты Тохтидзаналды дæр. Уалынмæ кæсгоны фатæй фырт фæмард. Фæлæ уæды хæстон æфсармы æгъдаумæ гæсгæ ирон фыдæн не ‘мбæлд йæ фырты марды койтæ кæнын, хæцын хъуыд дарддæр.

Фыд кæсы, æмæ иннæтæй дæр йæ лæппумæ хæстæг цæуæг нæй, йе ‘мтох æмбæлттæ тæппудæй къæдзæхты ауон бамбæхстысты.

Тохтидзаналды айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ йæхæдæг фелвæста йæ фырты мард, йæ бæхы саргъыл æй дæлгоммæ æрæвæрдта, йæ къубал æмæ йын йæ къæхтæ бæхы гуыбынмæ бабаста, бæхы фесхуыста æмæ йæ йæхи бар ауагъта: уый хæдзармæ фæндаг хорз зыдта. Стæй йæхи рындзмæ систа, сапы дурты фæстæ æрбадт, ныхъхъавы – æмæ фæд-фæдыл æлдары фæсдзæуинтæй æртæ æрфæлдæхы. Æмæ куыннæ уыдаид афтæ дæр, кæд æмæ топп æхсынæй ерысты Куырттаты комы уый ничи ‘мбылдта. Йæ сæрты-иу ын радыгай карчы æйчытæ ‘хстой, æмæ-иу Тохтидзаналдыйы цæст никуы фæмæнг.

Æлдары дæлдæртæ фæуыргъуыйау сты. Æмæ уæд комы лæппутæ Тохтидзаналдыйы фæндонмæ гæсгæ сæхи уырдыгæй айстой, йæхæдæг уым баззад йæ фырты туг райсыны охыл.

Фыййаджыдоны галиуварс Хуыскъададжы æлдарæн уыд фæлладуадзæн бынат: егъау кæрдо бæласы саджилæджы скæнын

кодта сæрмагонд бадæн, уырдыгæй-иу йæ зæрдæйы дзæбæхæн алырдæмты фæлгæсыд, хордта æмæ дзы нызта, ардæм æм цыдысты йæ уазджытæ дæр. Тохтидзаналды хъæды тарфы быгъдæг быдыры цæуæгау цыд. Æмæ дзы ахæм бынат ссардта, æлдар æм хорз кæдæм зындаид. Æртæ боны æмæ дзы æртæ æхсæвы дзæгъæлы фæхъахъхъæдта, фæлæ цыппæрæм райсом кæсы, æмæ уæлæ ‘лдар йæ фæсдзæуинтимæ фæзынд. Æрмæст цыдæр æрæгмæ хызт йæ саджилæгмæ. Цæуыл уыдаид йæ фæстиат, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ фæссихор схызт йæ уарзон фæлгæсæн бынатмæ. Дæрдтыл та фæлгæсы, комдзаг кæны, махсымæ нуазы. Тохтидзаналды бæстон ныхъхъавыд, æмæ дæ фыдгул дæр афтæ: æлдар æнæ хъыпп-сыппæй рафæлдæхт, хаугæ-хауын йе ‘взист тухгæ ‘хсаргард иуварсырдыгæй бæзджын пыхсытæм асхъиудта.

Йæ фæсдзæуинтæ фыртæссæй уый нæ фæхъуыды кодтой, се ‘лдары фелвæстой æмæ лидзæг фесты. Тохтидзаналды дæр йæхи хъæд-хъæд айста, Гуысырайы сæрмæ рагъыл коммæ ныххызт. Не ‘лдары нын чи амардта, уыдон мах дæр ам цæрын нæ ныууадздзысты, зæгъгæ, кæсæг сæхи уырдыгæй айстой, æмæ уал, абон Зилгæ, Хъахъхъæдур æмæ Кæрдзын кæм цæрынц, уырдæм сæ ных сарæзтой.

Кæддæр-уæддæр уыцы тухгæ ‘хсаргард ссардта Ногхъæуы цæрæг, Цæлыккаты дынджыр Дзадже кæй хуыдтой, уый. Æнæхъæн мыггаг дæр дзы мæнæ хъал уыдысты! Хъусæй-хъусмæ куыд æрхæццæ хабар, афтæмæй йæ Дзадже Турчы хæстмæ йемæ ахаста æмæ, дам, йæхæдæг дæр нал æрбаздæхт, æхсаргард дæр уым æрбацыдæр.

## БЕСТОЛЫ ЦЫРТ

Хистæртæй йæ куыд фехъуыстон ацы таурæгъгонд, афтæ йæ фæлхатын...

Бестол, дам, уыдис дæлæмæдзыд, йæ къуыпрагъ фындзы бын хаста бур хъæмприхитæ, уарзта дзæбæх бахæрын æмæ势 бануазын, иухатт æй йæ сыхæгтæ сæ кæркдоны дæр баййæфтой...

Йæ адзал æрцæуы, уый цыдæр æгъдауæй банкъардта æмæ иу бон йæ хистæр фырт Мысосты раджы сыстын кодта æмæ йæ уæлмæрды фале хъæугæрон æппæты райдзастдæр ран уæлбылы бæрзонд бырынкъмæ акодта, загъта йын:

– Ацы тæккæ ран мын-иу ныссадзут дурын бæрзонд цырт! Хъусыс?

– Ау, уый та куыд? – ныддис кодта лæппу. – Æмæ дæ ам куыд баныгæндзыстæм? Цы цæсгомæй?..

– Ныгæнгæ мæ-иу хъæуы уæлмæрды бакæнут æмæ мын уым мæ ингæныл ныссадздзыстут нæ гæдыбæласæй цырт. Уый тагъд бамбийдзæн, фæлæ-иу æй баивын ма сфæнд кæнат! Хъусыс? Ам та мын хъуамæ лæууа дурын цырт...

Мысост йæ фыды æнахуыр фæдзæхст йæ мад Хамбечерæн куы радзырдта, уæд ын уый дæр загъта:

– Марды фæдзæхст æнæмæнгæй сæххæстгæнинаг у, науæд йæ тæригъæды цæуыс, æмæ дын æй нæ ныббардзæн...

Мысост йæ фыды фæдзæхст сæххæст кодта, абон дæр ма дурын цырт тæккæ рухс уæлбыл сæрыстырæй лæууы, ницæмæ дары дымгæ, къæвда, зымæджы уазал, сæрды тæвд, афтæмæй алырдæмты ныр сæдæ азы бæрц фæлгæсы.

Хатгай адæм кæрæдзийæн уайдзæфы хуызы фæзæгъынц:

– Цытæ кæныс уый, Бестол дæ, мыййаг?..

Искæмæн хъæугæрон уæлбыл куы фæамонынц, уæд ын фæзæгъынц:

– Уалæ Бестолы цырты цур...

Науæд та афтæ дæр:

– Дæхи цы нысхъæл кодтай, кæд мын Бестолæн цыртæн сагъд нæ дæ!

Æрæджы мын нæ хъæуы иу лæг афтæ дзырдта:

– Адæймаг амæлы дыууæ хатты: йæ уд куы сисы, уæд, стæй йæ адæм куы ферох кæнынц, уæд. Бестол кæд адæмы хæрзтæй нæ уыдис, уæддæр цы хин æрхъуыды кодта! Ныр ды цыфæнды кадджын дæр у...

# МАСТИСÆГ БÆХ

*Æцæг цау*

Уырысхан фабричы хицау цы бон сси, афтæ йæхи тызмæгæй равдыста, ома, сæйраджыдæр, куыстыл тыхсæгæй домаг дæн. Афтæмæй та-иу раст нæ уыд, бирæ кæйдæрты дзæгъæлы ‘фхæрдта. Фæлæ йын фæрæзтой амы кусджытæ, хъаст нæ кодтой. Æцæг ын Михел нæ ныббыхста...

Иннæ бонтау та рагацау фæзынд йæ куыстмæ, кæрты астæуты цæугæ-цæуын ног газет кæсы, гыццыл ма бахъæуа, æмæ директоры ма скъуыра.

– Ныр цафон у? – сбустæ йыл кодта Уырысхан. – Æз директор куы дæн æмæ ам дæ разæй куы ‘рбалæууыдтæн. Нырмæ дæ бæх ифтыгъд кæй нæу, уымæн цы ‘фсон и? Мæнæ кæрт бырæттæй кæй байдзаг, уый нæ уыныс? Газет кæсынмæ дæ ‘вдæлы?!

Михел æй хорз зыдта: гыццыл дæр æм фæстæмæ сдзырдтай директормæ, зæгъгæ, афтæ дæ бынтондæр куыдзы хæринаг бакæндзæн! Фæлтау хъусæй лæуу.

Бæхдоны дуар байтыгъта, йæ бæх Алайыл хуымæтæджы цин бакодта! Йæ мыр-мыр ссыд, йæ къæхтæй кафæгау скодта. Михел ын йæ дæрзæг армытъæпæнæй йæ ных æрсæрфта, Ала дæр ын уæд йе уæхскыл йæ сæр æруагъта. Михел хъуыдытыл фæцис:

– Уаих фæуай, нæ директор! Иу хатт иу лæгъз ныхас дæ дзыхæй куыннæ схауы? Æрбакæс-ма, ай хайуан куы у, æмæ ма уый дæр цин кæнын куы зоны...

Бæх уæрдоны сифтыгъта, æмæ йæ мæнæ ныр бæхдонæй ракæна, зæгъгæ, афтæ та директоры хъæр айзæлыд, стæй йæхæдæг дæр дуарæй æрбакаст:

– Кæдмæ йæ радау-бадау кæндзынæ? Нæ бырæттæ нын уæ бæсты ныр чи хъуамæ аласа?

– Æз уал раздæр хъуамæ бæхмæ базилон, – сдзырдта йæм Михел. – Цы куыст и мæ бæрны, уый æххæст кæнын. Цæмæн мæ ‘фхæрыс Хуыцауы дзæгъæлы?

Уырысхан бæхы цур алæууыд æмæ ноджы хъæрдæрæй фæкодта:

– Ды куыд уæндыс мæнмæ фæстæмæ дзурын? Æз директор дæн! Ды та дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр мæнæ ацы дæлæмæдзыд хайуаныл кусæг!..

Уæд дын ын Ала уыциу лæбурд фæкодта Уырысханы риумæ, цалдæр хатты йæ ныууыгъта, стæй йын йæ дыууæ цонгыл дæр фæхæцыд. Хуыцау хорз, æмæ йæ Михел иуварс ариуыгъта.

Адæм фæфæдис сты, директоры бæхы сæтæй дзæгтæй æмæ йæ цæнгтæ тугæй амæстæй кæрдæгыл æрæвæрдтой. Иутæ загътой, афтæ йын хъуыдис, зæгъгæ, иннæтæ та тæрхæттæ хастой, Михелмæ цавæр æфхæрд æрхаудзæн, ууыл. Чидæр та дзы Алайы дзыхы сæкæры къæртт фæцавта – диссаг, куыд разынд йæ дзыппы...

# ХÆЙРÆДЖЫТЫ ÆХСÆВ

*Æцæг цау*

Рагæй нырмæ дæр Хæйрæджыты æхсæв никæмæ цæуын æмбæлы уазæгуаты, суанг ма мадызæнæг хо кæнæ æфсымæрмæ дæр. Бинонтæ хъуамæ кусартæй суадзой туг, арæхдæр хъуамæ ‘ргæвстаиккай сæгъ.

Уыдис ма ахæм ныхас: ацы ‘хсæв чи нæ бафсæда, уый афæдзы дæргъы никуыуал бафсæддзæн. Æмæ, æвæццæгæн, уыйадыл хæйрæджыты бæрæгæхсæвы хойрæгтæй бинонтæй дарддæр хъуамæ мачи фæхъæстæ уыдаид.

Фæлæ Хъамбол æгъдауылхæст адæмæй нæ уыд. Гуыбындзæл, арахъхъы къупри, æнæуаг адæймаг. Хорз æй зыдта, йæ хо Зæлда йæ сидзæртæн сæгъ кæй хæссы, уый. Хъамбол рагагъоммæ йæ бинойнаджы баййардта, цæй, нæ хæйрæджытæн нывондаджы акусарт кæнæм, зæгъгæ. Зæлдайы кусарт дæр акæнын хъæуы æмæ, дам уал уырдæм суайон. Æмæ уырдæм фæраст, фæлæ йыл амбæлд Созырыхъо æмæ...

Зæлдайæн йæ кусарт йæ сыхæгтæ акодтой. Фынг сын ацарæзта,

бæрæгбоны зæрдиаг арфæтæ фæкодтой бинонтæн æмæ ацыдысты.

Уалынмæ Хъамбол дуар йæ сæрыл æрбахаста. Куы бамбæрста хабар, уæд ма, йæхи рæстытæгæнгæ, цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта. Зæлда йе 'фсымæрыл бацин кодта, кæд фыццаг хорзау нæ фæцис, уæддæр. Кусартгæнджытæн цы фынг æрцæттæ кодта – карк, уæливыхтæ, уыдон ын æрæвæрдта, ома, кæд афоныл сæхимæ ацæуид, зæгъгæ. Ома, æвæтчиæгтæй нæ фæхъæстæ уаид... Фæлæ 'фсымæр сидт сидты фæдыл уадзы, йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй ацæуын.

Уалынмæ Хъамбол йæ сæр къулыл банцой кодта, йæ сым-сым фæцыд. Зæлда йæ ныууыгъта:

– Сыст! Ацу уæхимæ! Адæмы фæстæ та ардзыстут уæ хæйрæджыты ном?

Хъамбол гуыппытæгæнгæ дуарæй ахызт. Фæндагыл цалдæр хатты фæкалд. Кæддæрты куы ныххæццæ сæхимæ, уæд фесхъæл, ома, лæгау лæгæй равдиса йæхи Афассæмæ. Фæлæ дуарæй бахауæгау кодта, тъахтиныл æрфæлдæхт. Йæ цардæмбалы загъд æм дард кæцæйдæр хъуыст:

– Цард ныл уымæн нæ хæцы, æвæстаг дæр, æнамонд дæр уымæн стæм, æмæ иу хатт адæмы хуызæн нæ бакувæм, нæ балæгъстæ кæнæм нæ кувинагæй. Алы аз дæр, адæм кæмæй тæрсынц, уыдоны нæхиуыл ардауыс!

Йе 'рдиаг дзæгъæлы уыд æфсинæн: Хъамбол тарф фынæй бацис. Иу рæстæг хæйрæджытæ февзæрдысты йæ цуры. Кувынил сын фæцис. Оммен ын кæнынц. Зæронд хæйрæг хъуыддаг йæхимæ айста:

– Ацы азы æппæт курджытæ-кувджытæй дæ куывд, Хъамбол, æппæты хæстæгдæрæн райстам æппæтæй дæр нæхимæ, æмæ зæгъ, цы хорздзинæдтæ дæ хъæуы, æппæт уыдæттæ!

Хъамболы зæрдæ ныггуыпп-гуыпп кодта, адзæгъæл, нал хаты, нал арæхсы, цы зæгъа, уымæ. Зæронд хæйрæг æппæт-æппæт кæй кæны, уымæ дæр йæ хъус не 'рдардта: адджын фын у йæ фын! Адаудта хæйрæджыты сæйраг йæ тæнæг боцъо æмæ йæм дзуры:

– Лæвар дын кæнæм сыгъзæринты голлаг. Уайгæ, бел рахæсс, æмæ цом немæ...

Лæгæн йæ сæр разылд æнæкæрон зæрдæвæрæнтæй: цас æм уыдзæн фос, цæрæнуæттæ, суанг ахæццæ номыл ус ракурыны фæндмæ дæр.

Бел радавта, цырд фæраст хæйрæджыты фæстæ. Хъæугæрон къудзитæм бацыдысты, зæронд хæйрæг ын иу ранмæ ацамыдта, мæнæ ам ракъах, зæгъгæ. Хъамбол, æвæццæгæн, йæ царды бонты ахæм рæвдз æвнæлд никуыма бакодта куыстмæ, уайтагъд сыгъзæринты голлаг разынд.

Хæйрæг æм дзуры:

– Ахæсс æй! Æцæг ыл уыциу хæст скæн. Науæд æрбадæлдзæх уыдзæн.

Хъамбол æнæ хъару нæ уыд, фæлæ ныр йæ фæлварæнтæй куы ницы уад, уæд йæ зæрдæ фæцæйскъуыд. Зæронд хæйрæг та йæм дзуры:

– Кæуыл æууæндыс, ахæмтимæ райсом æрбацу, æмæ йæ иумæ ахæссут. Æцæг-иу...

Хæйрæг æрдæгыл куы фескъуыдта йæ ныхас, уæд Хъамбол фехъал мæстæй хæлгæйæ: цæуылнæуал ын загъта уыцы хæрæг хæйрæг, цы ма йæ бакæнын хъуыд, уый?! Æппынæрæджиау æм бахъардта, æппæт дæр фыны кæй уыдта, уый. Цуттытæгæнгæ, йæхи хъуыдыйæ чъылдыммæ куыд фæцæйцыд, афтæ фæкалд, ахауд, æмæ йæ цæсгом æргævст сæгъы ахсæны фаджысы анығъуылд. Йæ додоймæ Афассæ фæфæдисон. Къранты бын æй куыд æхсадта, афтæ йæ хъустыл æнахуыр хъæлæс уад сæумæдалынджы арвæй:

– Цы тæригъæд дæ, цы, сылгоймаг: лæгæнхъæл дзы кæмæнты фæбыхсыс!..

*1996 аз, 10 январь*

# СТАЙ ÆМÆ ÆХХУЫРСТ ЛÆППУ

Хæрз æрыгонæй фехъуыстон таурæгътæ дзурæг курдиатджын зæронд лæг Борсиаты Дадойæ ацы æмбисонды хабар.

Цæвиттон, мæнæ ма адæм æххуырстытæ куы дардтой, уæд иу

æхсарджын лæппу йæ лæскъдзæрæны уавæр йæ сæрмæ нал хаста æмæ ‘лдарæн цыдæр фыддæрадæнтæ бакодта, йæ кæрддзæмджын кард дæр ын ахаста æмæ хъæдмæ алыгъд. Фæлæ йын æндæр адæмы æхсæнмæ балидзæн нæ уыд: æндæр æххуырстытыл æлдариуæггæнæг æй æнæмæнг фæстæмæ ‘рбакодтаид йæхи æлдармæ.

Уæды рæстæджы ма бæстæтæ уыдысты сырдæй дзаг. Уымæ гæсгæ, иуæй, хъæды тынг тæссаг уыд, иннæмæй та дзы цуан кæн. Фæлæ уал дыргътæ æмæ кæрдæджыты фæрцы тыхамæлттæй цард. Иу бон дын стайы бæласы цонгыл хуысгæ ауыдта æмæ æрæмбæхст. Бирæ йæм фæкаст æмæ йæ бамбæрста, стай зын уавæры кæй ис, уый, хæстæгдæр æм бахъуызыд. Уымæн йæ сæр фезмæлын кæнын дæр йæ бон нал уыд, йæ фæстаг рахиз къах ныррæсыд.

Лæппу хус къалиуæй рæхойæн цыргъ скодта, бацыд стаймæ æмæ дзы уыциу рæхуыст скодта рæсыд къах – йæ хæф фемæхст. Сырдæн фенцондæр, афæлвæрдта сыстын, фæлæ йæ бон нæ баци. Æцæг, æрхылд зæхмæ æмæ афтæ хъæрæй ныррыхыд, æмæ лæг фæтарст.

Йæ хордзены цы дыргътæ æмæ кæрдæджытæ дардта, уыдон сырды раз авæрдта. Уый сæ зыдæй ахордта. Лæппу йæ иунæгæй нал ныууагъта, хæринаг ын амал кодта. Иухатт саджы мардæй цæргæсты фæсырдта, йæ кардæй саджы фыдæй ралыг кодта. Залмы сыфты йæ батыхта, йæ хордзены йæ бафснайдта.

Фæлæ хъæды фæдзæгъæл, фæлладæй æрфынæй. Сонтæй фехъал, æмæ дын стай йæ уæлхъус лæууы. Удхауд фæцис. Уалынджы йын уый йæ уæраг асдæрдта. Лæппу æрсабыр, дзидза хордзенæй фелвæста æмæ йæ сырдæн радта. Стай йæ фаг куы бахордта, уæд йæхи лæгмæ бынтон бахæстæг кодта. Лæппу йæ куы ‘рсæрфтытæ кодта, уæд йæ дæлфæдтæм æрхуыссыд. Лæг бауæндыд сырдыл æмæ тарф фынæй баци.

Сбон. Райхъал, фæлæ стай нæй! Лæг удхæрæн хъуыдытыл сси. Сырд сырд у, хорз ын бæсты нæ цæуы. Суанг йæ зæрды æрбафтыд фæстæмæ хъæумæ аздæхын. Фæлæ æппынфæстаг йæхицæн загъта – бахæрæнт æй фæлтау сырдтæ æлдармæ аздæхыны бæсты!

Сырд æнæнхъæлæджы æрбаздæхт, фæлмæн цæстæнгас ын,

йæхи йыл æрбанцой кодта, æмæ дын фæцæуы, лæппумæ фæстæмæ фæкæс-фæкæс кæнгæйæ. Уый дæр фæраст йæ фæдыл. Дызæрдыг хъуыдытæ йæм фæзынд, фæлæ уæддæр цæуы, цы уа, уый уæд, зæгъгæ.

Цæуынц, цæуынц, иу заман иу къæдзæхы рæбынмæ бахæццæ сты. Лæппу йæ бамбæрста, сырд ам фыццаг хатт кæй нæй, уый. Æвæджиауы райдзаст лæгæты æрбынат кодтой. Сырд фылдæр хуысгæ кодта, лæппу та йын хæринаг хаста, цалдæр хатты дурæхсæнæй хуыргæрчытæ амардта, стæй йын дыргътæ æмæ кæрдæджытæ дæр лæвæрдта. Уыдон ын æвдадзы удхос фестадысты, йæ цыппæртыл фидар слæууыд, йæ сырды хъæддаг митæ кæнын райдыдта, йæхи дарынхъом фæцис, хатгай-иу тугæйдзæгтæй æрбаздæхт.

Цуаны та ацыд стай æмæ нал æмæ нал зыны. Лæг мæты бацыд: зымæг æрбахæстæг, æмæ куыд цæрдзæн лæгæты иунæгæй, цæмæйты цæрдзæн. Цасдæр ма фенхъæлмæ каст, стæй уæддæр сфæнд кодта фæстæмæ æлдармæ аздæхын, æфхæрæн ныхæстæ ма йын уæддæр зæгъа.

Æрцыд, кæсы, æмæ йæ удхор лæджы сырддоны... стай!

Дыккаг бон æлдар комæй коммæ фехъусын кодта:

– Æрцæут мæм сомбон æмæ фенат лæг æмæ стайы хъæбысхæст!

Байдзаг адæмæй æлдары уæрæх кæрт. Мæнæ лæппуйы ракодтой, баппæрстой йæ сырды къалатимæ. Фæлæ мæнæ диссæгты диссаг: сырд фестад, лæбургæ нæ, фæлæ йæм хæстæг бацыд, йæ уæраг ын асдæрдта, хæрдмæ йæм кæсы рæвдаугæ цæстæнгасæй, фæлмæн хъæлæсæй уынæргъы.

– Дæхи дзыхæй цы бацагурай, уый дын дæттæм де ‘ххуырст æмæ стайæн, рауæй нын сæ кæн, – загътой хуынд æлдæрттæ – фæлæ – нæй, не сразы сæ ауæйыл æлдар.

– Мæхи хъæуынц! Адæймаг æмæ мæ хъæддаг сырды хæлар цард хъуыдытыл æфтауынц, сагъæссаг хъуыдытыл...

***

Мæнæн дæр ацы таурæгъ рæстæгæй-рæстæгмæ мæ зæрдыл куы ‘рлæууы, уæд ныссагъæссаг вæййын.

– Ау, суанг ма тугдзых сырдтæн, суанг ма стайæн, залиаг калмæн дæр адæймаджы хорзракæнд куы цæуы бæсты, уæд цавæр туг зилдух кæны йæ тугдадзинты, цавæр дурзæрдæ йын ис, йæхи хуызæн, йæхи æмсæр адæймагмæ йæ къух марынмæ чи сисы, уымæн?!

Адæмы ‘хсæн цæр, æмæ сын алыхуызон мæргтæ сæ уд хæрынæн уæй кæн! Ноджыдæр ма цы æбуалгъ, цы æвирхъау хабæрттæ фехъусыс, цы: хионтæ кæрæдзи марынц – хъæбул ныййарæджы, ныййарæг хъæбулы, мад йæ сывæллоны бырондонмæ аппары, науæд æй арæндоны ныууадзы, кæнæ та йæ искæй къæсæрыл æрæвæры, йе та йæ искæмæн ауæй кæны.

Ныры æхсæнады моралон-политикон сæфты, æнæуаг уавæрæн ис æрмæстдæр иу æфсон, æмæ йæ уæндонæй зæгъын: бæстæйы хицауады æбæрнон цæстæнгас, æбæрнон архайд!

Уыдзæн тагъд æппæт бæстæйы хицауады бынæттæм æвзæрстытæ, æмæ, кæд адæмыл æцæгдæр сæ хъысмæт нæ рахатт, уæд сæ хъæлæс нал ратдзысты моралон, монон удхъуæгтыл. Равзардзысты ахæмты, кæцытæн сæ бартæй фылдæр уыдзæн зонд æмæ ‘фсармы ´рдыгæй хæрзхъæд удысконд, кæцытæ зæрдиагæй архайдзысты бæстæйы æнæарæнтæ уæгъдибарæн кæрон скæныныл, сæвæрдзысты аккаг пълан адæмы цардæн.

*1999 аз, 8 январь*

# ÆХСÆЗ ЦЫРТЫ

*Мыггаджы таурæгътæй*

Адæм сæ хонынц Хуыриаты цыртытæ. Ивгъуыд бонтæй нæм куыд æрхæццæ хабар, афтæмæй уыдон сæвæрдтой Хуыриаты фондз æфсымæры: Уывызыхъо, Инарыхъо, Тотыкк, Бимболат, Тепса æмæ сæ иунæг хо Хæмысиаты номыл.

Куырттаты комы Джизийыхъæуы уыгæрдæны ацы ‘фсымæртæ

хос карстой. Цæвджыты æхситт тахт сатæг уæлдæфы, дардмæ зындысты урс нымæтхудтæ, фæтæн уистæ сæ фæстæ арæнхъ сты къуылдымыл.

Ссихор ис, бынæй, цæугæдоны цурæй хосдзаутæм йæ къух тилы сæ хо: рацæут, исты скомдзаг кæнут, уæ фæллад дæр чысыл суадзут. Сæ ныццыдмæ сын хо цъæх нæууыл равæрдта хъарм кæрдзынтæ, дурын къусты лывзæ, давæттæ, цæхх æмæ дыууæ дурыны уазал къуымæл. Æфсымæртæй иутæ дуртыл æрбадтысты, иннæтæ сæхи æруагътой кæрдæгыл, Хæмысиат та дон хæссынмæ азгъордта. Куы сыздæхт, уæд...

Чызджы цъæхахст айзæлыд æгас комыл, уайтагъд йæ уæлхъус фæдисонæй алæууыдысты сыхаг уыгæрдæны хосдзаутæ, иу дзы æнæнхъæлæджы йæ къахæй бакъуырдта, тæвд хæринаг кæм уыд, уыцы дурын аг. Афæлдæхт. Хъæрмхуыпп акалд, æмæ дзы разынд мард калм.

Куыд рабæрæг фæстæдæр, афтæмæй уæлæуæз, хæрдмæ къахвæндагыл цæугæйæ, чызг, мæ фæллад иугыццыл суадзон, зæгъгæ, æрбадт, стæй йæ чызгон зæрдæ нал фæлæууыд, æмæ дидинджытæ тонынып фæци...

Ам та маргджын кæлмытæ арæх æмбæлд. Сæ иу æвæгæсæй дурын агмæ ныббырыд æмæ дзы йæ марг ауагъта...

Уый мæн аххосæй бабын сты мæ фондз æфсымæры, зæгъгæ, Хæмысиат ныббогъ-богъ кодта æмæ былæй йæхи аппæрста, ацахсынмæ дæр æм ничиуал фæрæвдз...

Нæ хъæуккаг ахуыргæнæг Реуазты Керимæт мын æртынæм азты куыд радзырдта, афтæмæй æнамонд хо æмæ ‘фсымæртæн уыцы цыртытæ сæвæрдтой 1884 азы Хуыриаты Ченохы хъæппæрисæй. Уый Керимæт йæхæдæг та фехъуыста Хуыриаты Дрисæй.

Ныр цы зæгъинаг дæн? Цыртытæ æз æрæджы бабæрæг кодтон æмæ сæ тынг æдзæллаг уавæры сæййæфтон. Махæн, фæстагæттæн, худинаг у уый. Нæ лæппутимæ мын æнæ аныхас нæй...

*1999 аз, 30 май*

*Фæсфыст:*

– Уалынджы æнусы райдиан Куырттаты комы тыхджын къæвдатæй зæй рацыд. Цыртытæ лæсæнты бын фесты. Фæстæдæр

сæ скъахтæуыд. Абон сты Бæстæзонæн музейы. Æцæг фондзæй – хойы цырт нæма разынд, агурæг та йæ ис...

# КУЫД ФÆЗЫНД ДЗЫВГЪИСЫ КУВÆНДОН

Куырттаты куыд нæ уыдис, куыд хъуыстгонд кувæг лæгтæ! Сæ иу – Гуыриаты Тæтæрхъан. Æз уымæй фехъуыстон ацы таурæгъ...

Иубон, зæгъы, æппæт комы адæм æрæмбырд сты æмæ сын ныхас бацайдагъ иумæйаг кувæн бынат равзарыны тыххæй. Иуæй-иутæ быцæу ныхас дæр кодтой: тарстысты, сæ зæххытæй сын найфатæн куы айсой, уымæй. Æгæр-æгæр куы кодтой, уæд æвиппайды сæ сæрмæ фæзынд тъыфыл урс цæргæс, бынноз сæм йæхи æруагъта, æмæ адæм дистæ кодтой:

– Афтæ хæстæг нæм куыд уæнды? Тбау æмæ Хъæриуы хохæй айдагъ уæрыччытæ давынмæ куы ратæхы, адæмæй арвы талынгты куы ʻмбæхсы, уæд ыл ныр цы амбæлд?..

Нoджы, дам ма-иу куы ныууасыд, цыма сын се ʻргом йæхимæ здахын кодта, кæнæ сæ мæстæй мардта, æндæр æй уæдæ цы хуызы бамбарæн уыд, бæрæг ранмæ-иу йæхи æруадз-æруадз кæй кодта, уымæн. Чидæртæ сæ гæрзтæм дæр ма фæлæбурдтой, фæлæ сæ зонынджын хистæртæ æрсабыр кодтой, уый митæ, дам, хуымæтæджы нæ уыдзысты, чи зоны, æмæ Хуыцауы минæвар у нæ ныхасмæ...

Сæ худтæ систой æмæ йын табу кæнын райдыдтой. Æмæ уæд диссаг федтой: цæргæс-иу йæхи цадæггай кæдæм æруадз-æруадз кодта, уым-иу стыр дуры сæр æрбадт, йæхи цалдæр хатты хæрдмæ сæппæрста, раст цыма адæмæн, мæнæ кувæндон тæккæ ацы ран саразут, зæгъгæ, амыдта, уыйау. Стæй йæхи æмдзæхгæр хæрдмæ систа, йæ базыртæ, хæрзбон ут, зæгъгæ, сцагъта æмæ Хъæриуы хохы фале арвы цъæхы атад.

Адæм йæ фæстæ дзагъырдзастæй кæсгæйæ баззадысты, мæнæ Хуыцауы диссæгтæ æмæ ʻмбисæндтæ, зæгъгæ. Стæй æмхъæлæсæй

ныххор-хор кодтой: «Цы ма йыл тæрхæттæ кæнæм, мæнæ куы ис нæ кувæндоны цытджын бынат, уæд!»

Баныхас кодтой, цавæр хъæдæрмæгæй йæ араздзысты, ууыл. Гъемæ ‘рбахуыдтой, къухæй дæсны чи у, ахæм адæмы.

Арæзт сын куы фæцис, уæд снысан кодтой дзуары лæгты æмæ куывды бæрæг бон. Рацыд дзæвгар азтæ. Иу сæрд куы уыд, уæд æнахъинон тыхджын къæвдатæ фемæхстысты. Фыййагдон йæ былтæй акалд, йæ абухгæ хъæлæсы хаста, йæ размæ-иу цыдæриддæр фæцис, уыдæттæ. Адæм хохы цъуппытæ, уæлвæзтæм лыгъдысты. Уырдыгæй сæм разынд диссаджы цау: æрра уылæнтæ кувæндон йæ бынатæй систой æмæ йæ цъилау зилынц, фæлæ йæ нæдæр къæдзæхтыл сцæвынц, нæдæр стыр дуртыл. Иу ныхасæй, хъыгдард не ‘йййафы.

Цасдæры фæстæ дон сысын райдыдта, æмæ дын уæд кувæндоны хъæдæлхынцъ галуан иу аивтæ ран æрæнцад. Суанг ма абон дæр ис уым. О, дурæй йæ самадтой, йæ цуры йын цæугæдоны былгæрон сæвæрдтой тъæпæнсæр егъау къæйдур фынгæн. Йæ уæлæ афтид стæмхатт вæййы, хойраг æмæ йыл нозт – æдзухдæр. Хохæй быдырмæ, быдырæй хохмæ цæуæг адæм йæ уæлхъус æрлæууынц, бакувынц Дзывгъисы дзуармæ, суанг ма йыл нæ фæсарæйнаг уазджытæ дæр... сæхи фæдзæхсынц...

Дзывгъисы кувæндоны тыххæй мæм зæгъинаг ницыуал ис, фæлæ мын æнæ зæгъгæ нæй Хетæджы къохы тыххæй дæр.

Æз ма йæ хорз хъуыды кæнын: уырдыгæй исты рахæссын, – сыфтæр уа, дидинæг уа, давон уа – уый уæлдай нæ уыд, не ‘мбæлд! Уый руаджы нæм нырмæ æгæндæг хъæды хуызæнæй æрхæццæ.

Фæлæ йæм куыдфæстæмæ цæуын райдыдтой, раздæр æм æппындæр чи нæ цыд, уыцы хъæутæй дæр. Æмæ дзы, цы не ‘мбæлы, ахæм цаутæ дæр æрцæуы. Цы ма уа уымæй хуыздæр, æмæ адæм иумæ куы æрæмбырд вæййынц, кæрæдзиуыл куы фæцинтæ кæнынц, иу хъæу иннæ хъæуæн куы фæарфæтæ кæны, куы айхъуысы ирон зард æмæ ирон фæндыры цагъд!

Æрмæст та, хъыгагæн, ардыгæй дæр арæхæй арæхдæр хъуысын райдыдтой расыггæнджыты хъæлæба хъæртæ, æнæуаг адæмы

дзолгъо-молгъо. Ӕмæ Хетæджы Уастырджийы кувæндоны фарн æвæгæсæг суадонау куы байсыса, уымæй тас у. Ӕнæфендтæ дзы бæласæй бæласмæ бабæттынц бæндæнтæ, æрцауындзынц сыл сойын цырæгътæ, стæй сæ бæлæстæн сæхиуыл дæр баныхасынц, æмæ бæлæстæ ссудзынц.

Фæзынд нæм ахæмтæ дæр: къахынц рагуалдзæджы давон, æмæ йæ, чи зоны, уæй кæнынмæ дæр ахæссынц, науæд та сæ хæдзæрттæм. Афтæмæй ардыгæй фæстæмæ раздæр хастой æрмæстдæр кувинæгты хæйттæ.

Иу дзырдæй, Хетæджы номдзыд къохы хъысмæт тæссаг уавæры бахауд. Афтæмæй та ирон адæмæн æмхуызонæй у нæ культурæ, не 'гъдау æмæ не 'фсарм æвдисæг цыртдзæвæн. Ардæм цæуын хъæуы иу ахсджиаг хъуыддагмæ – кувынмæ.

Йæ фæдзæхст у, ацы рæнхъытæ чи кæсы æмæ мемæ разы чи у, уый.

# КОКАЙТЫ ТОТРАДЗ: 75 АЗЫ



*(1944)*

Кокайты Аврамы фырт Тотрадз – Ирыстоны зындгонд поэт-зарæггæнæг, драматург, тæлмацгæнæг, РЦИ-Аланийы æмæ Хуссар Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, РЦИ-Аланийы адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Хуссар Ирыстоны паддзахадон гимны ныхæсты автор.

# КОКАЙТЫ ТОТРАДЗЫ ТЫХХÆЙ ЗÆГЪЫНЦ:

Уый Кокайты Тотрадзæй зæгъын.
Мæ кæстæр, ме 'фсымæр, мæ хæлар! Мæ зæрдæйæн та ахсджиаг у йæ лæджыхъæдæй дæр æмæ йæ аивадон æнтыстæй дæр. Фыццаг хабар баст у йæ адæймаджы курдиатыл, дыккаг та – йæ поэтикон хъаруйыл. Мæнæн дыууæ дæр зынаргъ сты, фæлæ сæ уæддæр хицæн кæнын, уымæн æмæ йæ аив ныхасæй лæггад кæны нæ дзыллæйæн, ирон адæмæн æмткæй, йæ адæймаджы курдиатæй та иу рухсы тын мæнмæ дæр хауы, æмæ йæ уымæн хонын – мæ кæстæр, ме 'фсымæр, мæ хæлар...

Тотрадз дзæвгар чингуыты автор у. Фыссы, фыццаджы-фыццаг, æмдзæвгæтæ, стæй пьесæтæ æмæ критикон уацтæ дæр. Иу дзырдæй, Тотрадз у курдиатджын кусæг нæ литературæйæн, ирон дзырдаивадæн.

***Нафи***

Нæ фæндаг куы сырæзт, уæдæй фæстæмæ мах нал дихтæ кæнæм. Тотрадз у Хуссар Иры æмбæстаг, йæ гимн алы бон дæр махæн нæ зæрдыл лæууын кæны Тотрадзы лæгдзинады ном. Тотрадз, Ирыстоныл æрцæуæнт дæ арфæтæ:

*«Уæ, Стыр Хуыцау! Дæ хорзæх, Дæ арфæ*
*Иры Уæзæгæн Ды цардамонд радт!»*

***ПЛИТЫ Гацыр***

Тотрадз адæмон поэт у. Адæм се 'ппæт кæй зоной, йæ фенд, йæ фæрнджын ныхасæй удылтайгæ æхцондзинад кæмæй исой, йæ зарджытæ, дзыхæйдзургæ сфæлдыстадау, Иры кæмтты кæмæн зæлынц, æмæ сæ фылдæры адæмон зарджытæ кæмæн хонынц, ахæм поэт-фæлдисæг адæмон у, уæдæ цы! Æмæ уыцы уаз дзырд – Адæмон – æрмæст гæххæттытыл фыстæй нæу, Тотрадз æй йæ курдиаты

цæхæрæй, йæ фæрнджын удыскондæй æнæссæугæ-æнæсивгæ хъæрнывтæй раджы ныффыста йе ´мтуг, йе ´мстæг адæмы зæрдæты.

***ГÆБÆРАТЫ Юри***

Иу æппæты хуыздæр миниуæг ис Тотрадзы æмдзæвгæтæм. Цахæмфæнды уавæрты дæр хъæр нæ кæнынц æмæ рекламæйы сæраппонд алы фæзилæны дзæнгæрджытæ нæ цæгъдынц, афтæмæй сæ мидæг хæссынц сæ поэтикæ, сæ хæрзиуæг æмæ сæ сæрыстырдзинад. Бафæнддзæн мæ, цæмæй уыдон дæр царды фæндæгтыл цæуой, сæ автор куыд сæрыстыр, уæздан æмæ фæразонæй цæуы, афтæ!

***БУЛКЪАТЫ Михал***

Хорзæй хорз куы нæ зæгъай, уæд уый æппæлды нысан нæу. Кокайыфырт йæ иуæй-иу уацмысты æцæгæй дæр схызти бæрзонд аивады æмвæзадмæ. Рæдау æмæ хæдæфсарм курдиаты фæрцы йæ сисы бынæй, феггуырсынц уарзондзинады арф æмæ сыгъдæг æнкъарæнтæ, райгом вæййы хъæбулы уарзт райгуырæн бæстæмæ; чиныгкæсæг поэтимæ æмсагъæс фæкæны нæ карз дуджы ныхмæвæрд хъуыддæгтыл, царды рæсугъд æмæ гуыргъахъ фæзилæнтыл.

***ХАДЖЕТЫ Таймураз***

Кокайты Тотрадз йæ зарджытæ æмдзæвгæты хуызы кæй хæссы чиныгкæсæджы размæ, уый арфæйаг хъуыддаг у. Алы уацмысæн дæр сæ ис йæхи мидмелоди, æмæ чиныгкæсæгæн фадат уыдзæн, нæ поэт сæ йæхæдæг цы хуызы зары, афтæ азарынæн. Уый у йæ уды уаз куывд, йæ зæрдæйы зæлланггæнæг зарæг, уыимæ, дзырды уæз чи ’мбары, дзырды ад чи ’нкъары, дзырды хорзæн аргъгæнæг чи у, уыдонæй алкæй уды зарæг – дæ уд æмæ мæ уды зарæг.

***ХЪАЗИТЫ Мелитон***

# УДЫ КУЫВД

Сыгьдæг удæй Дæумæ кувын, Хуыцау!
Дæуыл фæдзæхсын æз æдзух мæ цард.
Æнæкæрон уæлæрвты арфæй
Дæ кувæг лæгæн ракæн арфæ.
Уæлæрвты арфæй мæм æркæс,
Уæларвон цинтæ мын æрхæсс.
Мæ уд æрмæст Дæ къухы ис:
Мæ уды зын, мæ уды рис
Фæсур мæ рохст зæрдæйы тарфæй,
Дæ кувæг лæгæн ракæн арфæ.

Дæумæ кувын, Дæумæ цæуын, Хуыцау!
Мæнæн Ды кæд нæ бавгъау кодтай цард,
Мæ куывдæн мын уæд бакæн ахъаз:
Дæ фæндæй раст фæдыл мæн ауадз.
Мæ риуы ссудз Дæ цины арт,
Цæмæй Дæу аккаг уа мæ цард,
Цæмæй фæстаджы бон мæ уарзт
Æрмæстдæр уа Дæ хорзыл баст, –
Дæ фæндæй мын рæствæндаг бауарз.
Хуыцау, мæ куывдæн бакæн ахъаз!

Мæ уд фæдис-дзæнгæрджытæ цæгъды, –
Сыгъдæгæй йæ Дæумæ цæуын фæнды.
Тæхуды, о, Хуыцау, тæхуды,
Дæ цинæй чи базоны худын!
Тæхуды, чи цæры æргом,
Йæ куывды чи дзуры Дæ ном,
Кæмæн у йе ’мбисонд Дæ кой,
Кæмæн æрхæссыс Ды æнцой,
Дæ цырагъ чи ссудзы йæ уды.
Тæхуды, о, Хуыцау, тæхуды!

* * *

Ис иунæг хорзæх а дунейы: УАРЗЫН.
Уарз Райгуырæн, Фыдыбæстæ, Фыды зæхх.
Æндæр адæм куы ’рзоныг уой дæ разы,
Уæддæр ма-иу фыды къæсмæ æрыздæх.

Ныййарæг мад дын авдæнмæ кæм зарыд,
Кæм дæ хуыдта йæ амонды бындзæфхад,
Уым иу изæрмæ стъалыты зæгъ-уарын
Æнæнхъæлæджы асурдзæн дæ фæллад.

Уым хъарм рыджы дæ къахдзæфтæ бæрæгæй
Æрфæныфæдау де ’рцыдмæ лæудзысты.
Уæд фервæздзынæ царды сабыр мæнгæй,
Уыдзынæ лæг дæ цин æмæ дæ рысты.

Ис иунæг амонд дунейы: ФЫДЫ ЗÆХХ.
Æнæ уый цард лæджы зæрдæ нæ куры.
Кæмфæнды у, – фыды къæсмæ æрыздæх
Æмæ æрхау дæ зонгуытыл йæ цуры.

* * *

Хъысмæт мæ фыдæнæн фæлвары,
Ныддары мæ цæстытæм зынг.
Мæ риуы тъыфыл мит ныууарыд, –
Фыдуазалы карзæй хъæрзын.

Мæ къухтæ æххуысæнхъæл дарын
Уæлæрвтæм, – æнхъæлмæ кæсын.
Цы фæдæ? – куы нæуал дæ арын.
Æрцу мæм! – æнхъæлмæ кæсын.

Хъысмæты фыдæнæн мæм разын,
Дæ бахудтæй сбуц кæн мæ цард, –
Фæсур мын мæ хъизæмар дард.

Дæу уарзтон, ныр дæр ма дæ уарзын, –
Мæ цинтæн сæ фыццаг уыдтæ,
Мæ фæстагдæр цин дæр ды дæ.

* * *

Мæ ныфс, мæ удлæууæн, дæ номæй
Æз кодтон сомы, хордтон ард,
Фæлæ мыл хинæй рацыд цард, –
Фæлыгътæ адæргæй нæ комæй.

Фæлæ, зæгъын дын æй æргомæй:
Мæнæй нæ фæцæудзынæ дард, –
Фæдисмæ дæм тындзы мæ зард,
Дæу агуры æхсæвæй-бонæй.

Æмæ мæ зарæджы зæлтæ
Куы 'руайой иуафон дæ хъустыл,
Уæд, зонын, де 'намонд зæрдæ

Зæгъдзæн: о сау лæппу, кæм дæ? –
Цы фæтарстæ мæ сусæг бустæй, –
Æрцу, куыд æрцыдтæ кæддæр...

## СОНЕТ ХУРÆН

Арты бардуаг – хуры цæст цъæх арвыл –
Кувын дæм сыгъдæг зæрдæйæ æз,
Мæн мæ цин, мæ сау зынты хъæуыс,
Алкæддæр дæм ме 'ргом зæрдæ тавын.

Хурхортæ дæ ахæрынмæ хъавынц,–
Д' алывæрсты сау мигътæй тæхынц,
Алкæд дæм гæппæввонгæй лæууынц,–
Се 'ссыртæ дæм сау къæдзæхтыл дауынц.

Фæлæ ды уæддæр дæ хæрзтæ тауыс,
Алцыппæт дæр батавынмæ хъавыс,
Нæй дæ цин, дæ рухс тынтæн кæрон.

Арты бардуаг – хуры цæст – дæ номæн
Кувдзынæн æз сусæгæй-æргомæй,
Ацы зæххыл цалынмæ цæрон.

## ИР – МÆ САГЪÆС,
## МÆ ХЪЫГ

Сабыр æдзæм цин
Арвæй æрхызти:
Цыма мæ риуы
Бацард Чырысти.

Зæрдæ фæрогдæр,
Нал зыдта риссын,–
Тахти уæлæрвтæм
Уарзты фæдисы.

Æмæ фырцинæй
Райдыдтон кувын,
Гъеуæд фыццаг хатт
Базыдтон курын.

Скуывтон Хуыцаумæ:
Цардмондаг чи у,
Царды ныфс бауадз
Ахæмы риуы;

Скуывтон ма ноджы:
Саузæрдæ чи у,
Уый дæр æрхудæд
Иу хатт йæхиуыл;

Загътон ма: курын
Мænæ мæ тыхсты –
Алкæйы риуы
Зарæд Чырысти...

Арвæй æрхызти
Сабыр æдзæм цин.
Касти мæм: адæм
Уарзынц кæрæдзи...

* * *

Цы изæр уыд! Цы рухс изæр уыд уæд!
Дæ цæстытæ зынгцæхæртау сыгъдысты.
Бæрзонд арвау сæ стъалытæ зындысты, –
Æрвæрдынау мæ риуы уагътой фæд.

Хуыдта мæ дард æрвгæронмæ сæ фæнд.
Куыд сæ уарзтон мæ цин æмæ мæ рысты!
Ныр уыцы дыууæ стъалыйы кæм ысты,
Кæм æрцыдысты дард фынау ныгæд?!

Мæ сæрмæ арв йæ урс фæрдгуытæй хъазы,
Фæлæ мæ риумæ нал хъары сæ рухс, –
Æрвон зарæг æрвгæроны ныхъхъус.

Æрмæст ма ризы сусæг уарзты азым
Цъæх арвы бын, – уый адæргæй кæуы
Сæууон æртах мæныл æмæ дæуыл.

# НЫХАСЫ УАСТЫРДЖИ

Ныхасы Уастырджи, дæ номæн
Æртæ æртæдзыгъонæй – кад!
Дæуæй æз бирæтæ нæ домын, –
Æрмæст мын иунæг хорзæх ратт:

Уæздан, зæрдæскъæф уæд мæ ныхас,
Фæлæ куы бахъæуа, мыййаг,
Ӕрлæууæд барджынæй тыхы раз,
Рæстдзинад басгуыхæд йæ уаг.

Ӕмæ куы суа зæххыл зын цæрæн,
Уæддæр-иу ма ивæд йæ равг,
Уæддæр-иу макуы суæд уæййаг.

Ӕмæ ма иу: дæ бынты цæуæг,
Кæд у йæ райгуырдæй ирон,
Иронау ссарæд-иу дæ ном.

# ИРОН ӔВЗАГ

1

Ирон æвзаг – мæ цин æмæ мæ уарзт –
Мæ мады риуæй банкъардтон дæ ад,
Уæдæй ардæм кæнын дæуæн лæггад,
Уæдæй ардæм дæ сæрыл дæн æз хаст,

Уæдæй ардæм стæм иу æндахæй баст,
Уæдæй ардæм мæ уды судзыс арт,
Уæдæй ардæм рæвдауы мæн дæ кад,
Уæдæй ардæм ныфсджын дæн æз, ныфсхаст,

Уæдæй ардæм дæ хорзæх мæн фæци,
Уæдæй ардæм рæвдауын æз дæ дзырд,
Уæдæй ардæм дæ дзырдæй дæн рæвдыд,

Уæдæй ардæм æнкъарын æз дæ цин,
Уæдæй ардæм мæ риуы дæ æхсыст, –
Куы нæ мын уай, ныммæлдзынæн уæд æз.

2

Ирон æвзаг – мæ худгæ хурыскаст,
Дæ рухс дзырдтæ – мæ зарæджы æвдисæн.
Дæ аив дзырдтæй æз мæ зарæг сисын
Æмæ кæнын дзыллæтимæ ныхас.

Мæ уды тæгтæй демæ дæн æз баст,
Иронау дзурын æз, иронау риссын,
Ирон дзырддугъы атындзын фæдисы

Æмæ кæнын сыгъдæг ирон ныхас.
Æрвылбон дæр, о, байрайы мæ къæс
Дæ тызмæг, фæлæ удрæвдауæг зæлтæй.
Быны хорзæн мын баззадтæ фыдæлтæй,

Ирон æвзаг! – хæссын дæ дарддæр æз.
Мæ зарæг дæр, мæ хъарæг дæр – ирон...
Сыгъдæг ирон – мæ зæрдæйы æргом.

3

Ма мын дзурут: «Не ’взаг у нæ хæзна!» –
Ахæм загъдыл разы нæу мæ зонд.
Алы дзырды хъуамæ хуры уæз уа,
Хъуамæ иса зæрдæты бæрзонд.

Хъуамæ дзырд æндон цæхæртæ кала,
Хъуамæ дзырд æхсаргардау кæрда!
Хъуамæ дзырд дзырды хорзæхтæ уара,
Хъуамæ гæрда фидæнмæ фæндаг!

Не ’взаг макуы, макæд суæд нæ хæзна,
Циу хæзна! – куы уа уый арф æмбæхст!
Лæг лæгау йæ адæмæн куы сбæзза,

Расиддзæн цæргæбонты дзырд-хæст!
Дзырд у хотых! Дзырд кæрды дыууæрдæм!
Не ’взаг суæд æрвон хотых нæ фæндæй!

4

Æз дун-дунейы хæрзтæй иу хорз курын:
Мæ зарæг уæд зæрдæзæгъгæ ирон.
Æндæр æвзæгтыл базыдтон æз дзурын,
Æндæр æвзагыл зарын нæу мæ бон.

Æмæ, мыййаг, фæстаджы дуг куы скæна,
Куы кæна зæхх йæ сау фыдты хуыдуг,
Ирон лæг уадз хъæлæсыдзаг ныккæна
Йæ буц зарæг, – куыд æм ныккæрза туг!

Хуыздæр уаид: ирон зарæджы зæлтыл
Куы ленк кæнин цъæх арвы бын дæрдтыл
Ирон ныхас, ирон зарæджы зæлдыл

Мæ цардамонд куы базонин бæттын.
Ирон æвзаг, мæ сомыгæнæн – ды!
Ирон зарæг – мæ уды рухс фæндыр!

5

Фыдæлты номхæссæн ирон æвзаг,
Мæ удвæндæй æнус-æнусты цæр.
Дæ кад дын исын бонæй-бон уæлдæр,
Æрттивы хурау дунемæ дæ равг.

Дæуæн нывонд – мæ уды сыгъдæг уаг,
Дæ зæлты руаджы ралæг дæн кæддæр,
Дæ фæрцы дæн цæрддзу-цæрдхъом ныр дæр,
Дæ фæрцы – рухс мæ цардвæндаджы таг.

Куы бахъæуа тызмæг дуджы мæ сæр
Дæ сæрвæлтау æрхæссын – айс æй уæд!
Тъымы-тъымамæ аххæссæд дæ фæд,

Дунейы фарны мин-мин азы цæр!
Куы нæ мын уай, уыдзæн мæ цард æгъуыз,
Æппынфæстаг æз нал уыдзынæн æз!

# ФАРН - I

Фарн – Иры зæххыл рухс царды бындур!
Фарн уæд нæ хъуыддæгты, нæ куысты,
Фарн уæд нæ цины ’мæ нæ рысты,
Æнæ фарнæй ныл макуы скæсæд хур.

Дæ хуыздæр куывдты фарны хорзæх кур.
Æнæ фарн лæг æнамонд у, æлгъыст у,
Цæры йæхицæн сусæгæй куырм мыстау,
Дзыллæты ’хсæн та ницы вæййы мур.

Фарн фесафы тызмæг уды хæрам,
Æфхæрд зæрдæйы батавы йæ хъарм,
Æргом хорзæхтæ, амæндтæ фæуары.

О Иры фарн, нæ сау хæхтыл дæ арм
Ды макуы сис. Дæ дæлбазыр нæ дар.
Мæ судзгæ уарзт, мæ судзгæ цин дыл хъарын.

# ФАРН - II

Æнусон куывд, æнусон арфæ – ФАРН.
Фыдæй фыртмæ йæ хъахъхъæнын фæразæм,
Æппæт дзырдтæн æй равæрæм сæ разæй,
Æмæ æппæты батавы йæ хъарм.

Фарн, Иры зæххыл макуы сис дæ арм,
Мæ хуыздæр куывд дæ сыгъдæг номыл уадзын:
Нæ фидар ныфс, нæ фидар æнцой разын,
Кæйдæр къухæй нæм ма рауадз хæрам.

Лаокоонау ныл куы тыхса калм,
Йæ маргхъæстæ æвзæгтæ нæм куы дара,
Уæд ма баззайæд кæрддзæмы нæ хъама.

Фарн, Иры зæххыл рухс цæхæртæ кал!
Нæ дарæг дæ, нæ уромæг, æмбарæм.
Фæстагæттæм дæ адæттæм мах хъуамæ.



# КОСТЫ ЛИЗÆ



## МЕ ‘МДЗÆВГÆТÆ

*Цы вæййы, уый æгад вæййы нæ цæсты.*
*Рæфты дын кувæм, райсомы æртах.*
*Мæ карæнтæн сæ лæппутæ лæгтæ сты,*
*Мæнæн та арвæй зæххы ‘хсæн – сымах.*

*Мæ цæссыгтæй уæ балхæдтон, мæ удæй,*
*Хъæдабæ тар уын номæвæрæг уыд,*
*Цæугæут ныр къуынæг уаты æнудæй,*
*Хæссут мæ цин, мæ тарф æрхуымы быд…*

Косты Мараты чызг Лизæ райгуырди Ногиры. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон филологийы хайады, фæстæдæр йæ ахуыр ахæццæ кодта Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты.

Куыста газет «Социалистическая Осетия»-йы, Цæгат Ирыстоны радиойы, журнал «Ногдзау»-ы редакцийы, чиныгуадзæнтæ «Ир» æмæ «Проект-Пресс»-ы редакторæй.

Ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдайæны ирон дзырдаивадмæ Лизæ æрбахаста уды æнкъарæнтæ, фæлмæн рухс, ирд ахорæнтæй дзаг поэтикон фæлгонцтæ. Уæдæй нырмæ ирон литературæ, ирон поэзи уарзджытæ æдзухдæр æхсызгонæй сæмбæлынц Лизæйы ног аив азæлд ахорæнтæй хъæздыг поэтикон уацмыстыл.

Лизæ! 1985 азы Хуыцауы лæвæрд «Æрвон зынг»-æй ныррухс кодтай ирон дзырдаивад уарзджыты зæрдæтæ, уыцы зынджы рухс цæхæртæй сæ тавыс дæ алы ног уацмысы дæр, æмæ ма дын уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй бирæ бантысæд!

## ФÆНДАГГОНЫ ЗАРÆГ

Раст у – нæ домы тыхдзырд, хæснаг:
Ивгъуыды аззади цард – цъæхснаг,
Иунæг дæр никуы æрцахстон кæсаг,
Никуы амардтон саг.

Хорæй хаст, хуыммæ фæцыди, хъал,
Здæхы хъæмæ ныр гал.
Цал уыди уды фæндиаг, цал,
Уал дзы нæ рантыст, уал.

Фæндагыл банафон и æгæр –
Балцы фæцъæх мæ сæр;
Развæд ысрухс кæны хатт цæхгæр
Стъалыты дард цæхæр.

Нал у фæстиæтты афон ныр,
Ривæдыл ис гуыдыр:
Зарæджы – зæххы уæздандæр мыр,
Арвы мæсты гуыр-гуыр...

## ТЪÆНДЖЫ МÆЙ

Хур цы пайда у ныр?!
Фæлæ хуры тын хуссæртты кафы,
Æмæ фыййагæй чъизи мит хафын,

Æмæ разыны уыр.
Арв – бæрзонд æмæ цъæх,
Фæлæ зæрдæ цæмæндæр æнкъард у.
Уæлдæф хъарм у дзæбæх,

Æмæ уалдзæг та афтæмæй дард у.
Уын фынтæ, у æнцад,
Æмæ, хæрис, дæу ма сайæд митхъарм –
Сыстад арвгæрон уад

Æмæ дары дæ къуыпамæ их арм.
Зары тæдзынæг, хин.
Уарзын алцы йæ афон, рæстæгыл.
Кафы нæзыйыл тин.
Хъуысы хъæдхойы къупп-къупп хæстæгæй.

Уæлдæф хъарм у, дзæбæх,
Æмæ уалдзæг та афтæмæй дард у.
Арв – бæрзонд æмæ цъæх,
Фæлæ зæрдæ цæмæндæр æнкъард у.

***

Астæрдыл сныв кодта саби тæрхъустæ,
Малусæг, хур.
Схудти, ныссæрфта хъуыддагхуызæй рустæ,
Ных æмæ дур.
Сбадти. Ныуулæфыд кусæг.
Ныр дунейæн
Ахæм зæрдæ!
Уый дæр куыд уына
Йæ фыны тæрхъустæ,
Бомбæтæ – нæ!

# БЫНАТЫХИЦАУ

Мæ фыдæлтæ дæ стыр зæдыл нымадтой,
Дæ сыгъдæг ном æдзух сæ куывды ардтой.
Æз уыдонæн аккаг фæдон нæ дæн:
Нæ кувын æз, бынаты дзуар, дæуæн.

Æрмæст дын æз дæ æнцойдзинад халын –
Æнафонмæ мæ цырагъ судзгæ дарын.
Æмсæрау æз ныхас фæкæнын демæ,
Мæ хъуырдухæнты балæгæрдыс мемæ.

Кæс-ма, кæс-ма: кæны та скæсæн сырх –
Æхсæвы тарæн асасти йæ тых...
Цы фылдæр уарзыс? Хур æви къæвда?
Æмдзæвгæтæ дын бакæсин уæд та?!.

***

Сау изæр мæ цъысыммæ фæтæры,
Æз сæударæй амардтон мæхи.
Тархъы Сындз, зæгъ-ма мын æй, кæм цæры
Сау рувас, кæм æмбæхсы йæхи?

Нæй мæнæн афтид армæй фæцæуæн,–
Хъуамæ суа æртæ æрдуйы цух
Сау рувасы сау тенка, сæ кæлæн
Банкъара æхсызгонæй мæ къух.

Тархъы Сындз, къуырма дæ æви аххуыс
Ацы сахат не ‘нтысы дæуæн?
О мæ зынг, ныггуыпп кæн, йе та ахуыcс –
Нал дын и æндæр хуызы гæнæн:

Урс æрдутæ сау цæстытыл уайынц,
Бадомдта’ мæ Тархъы Сындзы хин.
Раст мæ цыма мин хæйрæджы сайынц,
Раст цыма æрцард мæ уды зин.

Нæй мæнæн афтид армæй фæцæуæн:
Хъуамæ суа æртæ æрдуйы цух
Сау рувасы сау тенка, сæ кæлæн
Банкъара æхсызгонæй мæ къух...

***

Æппæлой дзырдтæ ды цæвыс мæ ныхыл.
Дæ ис, дæ тых, дæ бон дын уæнт фæрнæй.
Æрныллæг у, æрсабыр у – дæ дзыхы
Дæуæн, мыййаг, Хæмыцы дæндаг нæй.

Æмæ хъуызгæ мæ мидбылты фæхудын –
Цы систай ныр ам хи стауæн хъæртæ?
Цы мулкмæ мын цыбæл кæныс мæ уды?
Цы дзæнæтæй æвæрыс ныр зæрдæ?

Дзырд дæр ыл нæй – Æрхуы мæсыджы бадин,
Æхсыры цады ленк кæнин сæумæ.
Хæрыс мын ард: «Мæ зæрдæ цинæй ради,
Куы тындзыдтон æрвгæеронæй дæумæ».

Фælæ мæнмæ дæ уæздан дзырд нæ хъары,
Сылæг мигъæй хъæбæр зæхмæ æрхиз!
Мæ уд мæнæн дæ хъæлæсмæ нæ зары,–
Нæ дыууæйæн фæйнæ фæндаджы ис.

Æрра дæн æз, куырыхон – ды, сæттын ыл,
Фælæ уæддæр кæсын мæхимæ раст:
Фæкæнын хъеллау мæйрухсы рæу тыныл,
Хъæздыгдзинадмæ нæу мæнæн мæ каст.

Æппæлой дзырдтæ ма цæв ды мæ ныхыл.
Дæ ис, дæ тых, дæ бон дын уæнт фæрнæй.
Æрныллæг у, æрсабыр у – дæ дзыхы
Дæуæн, миййаг, Хæмыцы дæндаг нæй.

## НЫФС

Æнхъæлмæ мæм кæс.
Къуыппыл
уæртæ уыцы хуыскъ алтъами
дидинæгæй куы сæрттива
æмæ йæм арвæй
зырнæджытæ
«рæстмæ у!»
куы 'рдзурой адæймаджы æвзагæй.

Сæнтсау хъыргъы
митурс куы адара
æмæ йæм цæстытæ
тарытæ куы байдайой.

Физонæггонд балергæсаг
расыг тенорæй куы сиса
итайлаг бæлæгътæрæджы зарæг
æмæ йын, сæ куыст фæуадзгæ,
гъæйтт-мардзæ, мæлдзгуытæ
куы бахъырной сæ губаккæй.

# ХУЫНКЪ ДУР

*«Храни меня, мой амулет...»*
*Пушкин*

Афардæг и арвгæрæтты хур.
Ирд ыстъалы Уазкъуыппыл ыссыгъди.
Денджыз, денджыз, раппар мын хуынкъ дур.
Тар уылæн мæ къæхты бын ныррыгъд и.
Донбеттырæн, зонын, ис æрмадз, –
Уым кæны лыстæг дуртæ хуынчъытæ.
Сау денджыз, мæ къухты дзы фæсадз, –
Тар уылæн хæссы æрмæст фынчытæ.

Хины дзаума – уыцы къаннæг мур –
Лалымыстыгъд бакодта хъæдуры.
Денджыз, денджыз, раппар мын хуынкъ дур, –
Уадз æмæ мæ фыдбылызтæ сура.

Сау денджыз æнахуыр фæлмæн уыд:
Уый мæнæн мæ хъуыдытæ æмбæрста.
«Ма фенæд йæ цæрæнбонты фыд»,–
Мемæ уый лæвар дæуæн æвзæрста.

Уыцы къаннæг – хины дзаума – мур,
Сау денджыз мын раппæрста хуынкъ дур.

# НЫВГÆНÆДЖЫ ÆРМАДЗЫ

Уым уæлдæф кодта ахорæнты тæф,
Æрызгъæлæнтæ царæн йе сæрст, фасти.
Уыди уæ разы бур гæххæттыл кæф,
Æмæ йæм гæды дæлвæйнæгæй касти.

Фæныкхуыз гæды – уый дæр уе 'мбал уыд.
Гуыркъотæ тулдз ныллæг рудзынгыл цавта.
Дæргъвæтин ныхас – уды хъармыл стыд –
Нæртон артау сыгъди æмæ уæ тавта.

Тылд арвыл мæй – цыкурайы фæрдыг,
Хæрдмæдзог цъиу – æгъуыстаг – парчы зарыд.
Уæ фысым уыд таучел æмæ фæрныг.
Цæй къæвда? Нæ! Уæлтæмæн уынджы уарыд...

## КÆДДÆРЫ ХÆЛАРМÆ УАЗÆГУАТЫ

«Тынг æнтæф у», – байгом кодтай рудзынг.
Банкъуыстон мæ сæр гæзæмæ: «О».
Цъуйы цупал даргъ æнгуылдзты судзы,
Фехсин æй? Куыд бакæнон, мæ хо?

Нæу æнцон нæ дыууæйæн дæр дзурын,
Дзурын та цы пайда у æниу?!
«Уазал къуымæл», – раскъæфтай мæм дурын,
Сахаты фат бандзыг æви циу?!

Арвæй атахт иу стъалы, фæтары,
Мæнæ дæн – нæ фæсайдтон мæ дзырд.
Чидæр уынджы азарын фæлвары.
Аивтам нæ дыууæ дæр, бæлвырд.

Фарн дæуæн дæ къуымæлы æртахы.
Цинæй уæд æфсæст æдзух дæ уд.
Ацы бадт цыдæр мастад ыздахы,
Зæрдæйы та – рагбонты хъæрмуд.

Алыг кодтай картофджынтæ кардæй,
Систон дæу дæ сабитæй фæрсын.
Раст цыма мæ рагуалдзæгмæ дардæй –
Æз дæуæн дæ цæсгоммæ кæсын...

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**

**1945–2020**

# КЪЕСАТЫ АСТАН: 105 АЗЫ



*(1914 – 1977)*

Къесаты Никъалайы фырт Астан райгуырдис 1914 азы 11 сентябры Чырыстонхъæуы (ныры Дигора). Ам 7 къласы фæуыны фæстæ ахуыр кодта рабфакы Мæскуыйы. 1933 азы райдыдта службæ кæнын Хæстон-денджызон флоты. 1937 азы каст фæци М.В.Фрунзейы номыл Хæстон-денджызон училище, 1940 азы та – доныбынты цæуæг къорды сæрмагонд курсытæ. Йæ хæстон службæ райдыдта Сауденджызон флоты. 1937 азæй 1939 азмæ уыд доныбынты цæуæг лодкæйы хæстон штурманты командир, 1940-1941 азты – доныбынты цæуæг лодкæйы командиры æххуысгæнæг, 1941 азæй та – доныбынты цæуæг лодкæ «М – 117»-ы («Малюткæ») командир.

Къесаты Астан Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайдта йæ райдайæнæй йæ кæронмæ. Æдæппæт хæсты рæстæджы скодта 14 хæстон балцы, фæдæлдон кодта знаджы 9 науы. 1944 азы 31 майы Къесаты Астанæн йæ бирæ сгуыхтдзинæдты тыххæй лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Хорзæхгонд æрцыд Ленины орденæй, Сырх Тырысайы æртæ орденæй, Фыдыбæстæйы хæсты

1-аг къæпхæны орденæй, Сырх Стъалыйы орденæй, «Хæстон сгуыхтдзинады» æмæ æндæр майдантæй. Хæсты фæстæ, 1953 – 1958 азты, ахуыр кодта К.Е.Ворошиловы номыл Хæстон-денджызон Академийы. Уыцы азты 1-æм рангы капитан Къесаты Астан уыдис 2-аг Уæлдæр хæстон-денджызон доныбинты цæуæг училищейы кафедрæйы хицау, уымæй фæстæмæ, суанг 1970 азмæ, – Севастополы Уæлдæр Хæстон-денджызон инженерон училищейы кафедрæйы хицау. 1970 азы ацыд отставкæйы.

Къесаты Астаны ном хæссынц кæсагахсæн траулер, Дигорайы 2-æм æмæ Севастополы 4-æм скъолатæ, уынгтæ Дзæуджыхъæуы æмæ Дигорайы. 2017 азы 4 ноябры Севастополы 4-æм скъолайы кæрты кадджын уавæры сæвæрдтой Хъæбатыры бюст. Байгом æй кодтой йæ чызг Ларисæ, Пироговы номыл хæстон-денджызон госпиталы дохтыр, æмæ отставкæйы контр-адмирал Борис Царев.

Хъæбатырыл йæ райгуырæн Дигорайы скодтой зарæг:

Фæсалыл, дам, арт бахæцыд,
Арт нæ разынд, зынджы къæртт уыд, ой!
Ой, тæрккъæвда йæ æд æртхутæг
Уый зæйластау ныххурх кодта, ой!

Дæлдон цæуæг «Малюткæйыл»
Æд фæдонтæ ирон лæппу, ой!
Ой, фыдызнагæй фараст науы
Æд æрдонгтæ ныппырх кодта, ой!

Уæлхохæй, дам, халон ратахт,
Халон нæ уыд, бæлон разынд, ой!
Йæ фæстæ тахт тугмондагæй,
Тугмондагæй тугдзых цæргæс, ой!

Даккамæ-ма мын фæдзурут,
Уæ, хорз адæм – мæ хъæубæстæ, ой!
Ой, ирон лæппу, дæ сахъ хъæбул
Мæла, уæддæр æхсарджынæй, ой!

Цагъайраджы æфсондзы бын
Ма уæд макуы нæ рухс бæстæ, ой!
Ой, нæ фæсайдта йæ ардбахæрд
Ой, не ’мзæххон Къесайы-фырт, ой

Йæ кад ныхъхъæр нæ Цæдисыл,
Райста Астан хъайтары ном, ой!
Ой, бæрзонд хæссы йæ командæ
Ирон сахъгуырд Астаны ном, ой!

**Гулчеты Е. мелоди, Гурдзибети Б. ныхæстæ**



*КЪАДЗАТЫ Станислав*

# МИНБАЗЫРОН АЗÆЛД, МИН-МИНСЫФОН РИС

*Тыхджын уæвгæйæ, мах*
*Цæмæн стæм æдых, æнæбон?*
*Куыд ассæста Балсæджы цалх*
*Нæ таладон нæ рæбын?*

*Тардзæгъдæн кæны æнус,*
*Ивылы Сайтаны рухс.*
*Зæрдæтæ куы кæны куырм,*
*Удтæ та – хæрæгæй хуым…*

О, миназонты арæн адæмтæн ссис фæлварæн.

*Дуг куы фæзилы цæхгæр,*
*Арвау акалы цæхæр.*

Фæлæ дугивæны æцæг адæмы цардхъомыс хъуамæ ноджы тыхджындæр кæна. Дон иннæрдæм куы азилы, уæд бæлас арфдæр ныссадзы йæ уидæгтæ. Фæлæ мах ног фæлдурæдджын ивылгæфæйлаугæ заманы арфдæр ныссагътам нæ цардбæласы уидæгтæ?

*Дзæбугæй хъæсдарæджы 'хсæн*
*Ирыстон – цæмæн?*
*Цы стæм æмæ цы не стæм?*
*Цы сæрсæфæн и се 'хсæн?*

*Мæлдзыг дæр ма куы хъахъхъæны йæ губакк,*
*Мыдыбындз дæр йæ чыргъæдмæ нæ уадзы.*
*Цæмæн фæдæ уæд сауæлгъыст, о хурцот –*
*Дæ сабитæм куыд баххæссыд Артъауыз?!*

Нæ сæрзилæдджджын дуг махæй домы æвронг цæстæнгас, фæлæ, иудадзыг фынгтыл бадгæйæ æмæ карз арахъ нуазгæйæ, уымæн ис уæвæн?

Хохы йас фарстатæ! Фæлæ сæ мах хылычъы дурты йас фарстатæн дæр райстам?

Фыдæхы зæйуаты Ирыстон – цæмæн?! Фæздæг дæр ма куы зоны, чердæм фæци дымгæ. Махмæ дугивæны, сæрзилæдджджын рæстæджы нæ разынд æвронг цæстæнгас, æмæ нæ бахъуыд хатыр курын:

*Ныббарут нын, Къоста æмæ Чермен!*
*Ныббарут нын, Хазби æмæ Хæсанæ!*
*Цæрæм куырмæджы, нæу нын сенæн сен,*
*Нæ адæмы æрæвæрынц мысанæн.*

Фыццаг хатт ныл нæ рацыдисты сайдæй,
Фыццаг хатт нæм нæ ныббырстой мæнгардæй.

*Нæ зонæм, нæ хатæм,*
*Цы дуджы цæрæм.*
*Æууæндаг – нæ адæм,*
*Кæрæдзи хæрæм.*

Кау ныллæгдæр кæм у, уым фæхизынц йæ сæрты. Донæн йæ ауæзт лæмæгъдæр кæм вæййы, уым атоны.

*Нæ тæхгæ дуг – уырaугæ,*
*Нæ нæргæ дуг – фæлваргæ.*

Рацарæзты фæстæ цы æвыд-дывыдон рæстæг ралæууыд, уый йæ æгъатыр хухулæг-хуыдымы нывзылдта-ныззылдта Ирыстоны. Беслæны трагеди равдыста: дунеон æмæ æхсæнад лæууы сæрсæфæны был. Уыцы террористтæ-лæгсырдты чи ’рбарвыста, уыдоны фæндыд ахæм цъаммар мадзалæй бæрзонд политикæ аразын.

*Ау, уый та куыд?!*
*Куыд уарыд туджы къæвда, зæгъ?!*

*Куы разылд сау куырой нæ сæрыл…*
*Куыд бауагътам нæ кæстæрты æфхæрын?*
*Нæ сафæг у нæ зæрдæ рагæй*
*Йæ фæлмæнæй, йæ талас равгæй.*

*Мах – стырзæрдæ, æвæлмон.*
*Фестад сау зындон бæрæгбон…*

*Нæ фехъуыстон куы нæ загъта къуырма дæр,*
*Нæры нæ удты сау азæлд нырма дæр.*

*Нæ цæссыгтæн куы нал фаг кодта цæхх,*
*Нæ уæлмæрдтæн куы нал фаг кодта зæхх.*

*Уыцы сабиты тæригъæд*
*Чи кæд бафиддзæни Ирæн?!*

*Цас æмæ цас фæкъахыр нæ фидæн!..*

*Ахæм рис нæй равдисæн дзырдтæй –*
*Чи нытътъысдзæн арвæрттывд кæрддзæмы?!*
*Сау хох дæр сын фаг куы нæу цыртæн*
*Æмæ калы сау цæссыг æдзæмæй…*

*Ис сæ аккаг иунæг цырт æрмæстдæр –*
*Мах куы цæрæм ’фсымæртау сæ фæстæ.*

*Риссæгты диссагдæр,*
*Диссæгты риссагдæр.*
*Хъæбулы ад хур дæр нæ кæны.*
*Бесланыл æркодта æрвгæлæн.*

*Нæ фехъуыстон куы нæ загъта къуырма дæр,*
*Нæры нæ удты сау азæлд нырма дæр.*

*Цæй мæгуыр дæ, Ирыстон –*
*Ныр цалæм хатт гæныстон!*
*Дæ хуыздæртæ – нывондаг,*
*Фыдгултæ сæм – фыдмондаг.*

*Кæд райсдзынæ дæ рæзæн –*
*Æнгомдзинад фæрæзæн?!*
*Дæ Котылы фæдонтæ*
*Куы уæй кæнынц дæу сонтæй.*

Ацы рæнхъытæ райгуырдысты 15 азы размæ, лæгсырдтæ Беслæны скъола цыфыддæр зындон куы фестын кодтой зонындзинæдты бæрæгбоны, уæд.

*Дун-дуне нæ рисы раз æрзоныг.*
*Рабæрæг, йæ зæрдæ риссын зоны.*
*Мады рисæн нæй ысбарæн,*
*Арвау ын куынæ ис арæн –*

*Мин зындонæй уый фыддæр.*
*Мад куы бавзары хъæбулы зын,*
*Цард ын фесты саудæр фын.*

Фæззæджы райдианы Ирыстоны уыд мысæн бонтæ.

Саби – табуйаг. Фæлæ… Тыхы разæй зонд куы нæ цæуа, уæд куырмæджы аразы фыдракæндтæ. Сабитæм бирæгъ дæр не ’вналы.

*Цас фæкъахыр сты нæ адæм!*
*Цас фæмæгуырдæр нæ фидæн!*

Уыцы сабизæдтæй хъуамæ курæм хатыр. Алчи дæр хистæртæй – аххосджын, фæлæ чи куыд бæрзонддæр-бæрнондæр бынаты, афтæ йæ аххос дæр – фылдæр. Президентæй райдай æмæ хуымæтæг адæймаджы онг.

*Нæ Иры зæрдæйы хъæдгæмттæ*
*Æнустæм дудгæ сты, ыраугæ.*
*Фыдгул нын басыгъта нæ зæдты –*
*Нæ сабиты, нæ цины авдæн.*

*Ныр мин-мин азмæ дæр сæ нæмттæ*
*Нæ удты стъалытау æрттивæнт,*
*Цæмæй сæ аккаг уой нæ фæндтæ,*
*Цæмæй сæ аккаг уа нæ фидæн!..*

Нæ бæстæйы ахæм фæзынд рагæй низау у. Скæнæм иставæр аз, иставæр бон æмæ та стæй, кæй номыл у, уый рохуаты аззайы. Ома кампанейщина бирæ уарзы не 'хсæнад. Иу хъуыддагмæ, иу фæзындмæ ныббыцæу, ныццæхгæр, ныззырнæг вæййæм иуцасдæр рæстæг, æмæ та уый фæстæ ферох вæййы. Зæгъæм, историйы аз, цыма иннæ азты истори нал фæхъæуы. Нæхи республикæйы тыххæй куы дзурæм, уæд махæн Къостайы аз алы аз дæр хъуамæ уа. Науæд Мады бон дæр иунæг бон – цæмæн?!

*Алы бон дæр мады бон ыскæнæм,*
*Ма кæна зæххыл æрвгæлæн.*

Афтæ нæ мадæлон æвзаджы бон дæр хъуамæ алы бон дæр уа. Мадæлон æй хуымæтæджы нæ рахуыдтой нæ фыдæлтæ – ныййарæгау нын æвзаг адджын, æхцон уымæн у, æмæ нæ удæн рæзæнтæ уый дæтты æнусбонтæм, нæ рагбонтæ йæ тавсæй вæййынц хурвæлыст.

Æмæ нæ хатдзæг – хъуамæ æнкъарæм, цæмæй бæрнондзинад æнкъарæм Беслæны фыдбæллæхы амæттæгты раз.

Уыдон хистæрæй – кæстæрæй цардысты Ирыстоны цæрайæ, нæ адæмы цæрайæн.

Кæсынц нæм арвæй стъалытау ныр Беслæны сабизæдтæ æмæ хъысмæтæй æфхæрд хистæртæ. Иу хатт ма сæ хатыр курæм. Ныббарæнт нын, кæй сæ нæ бахызтам дыкъахыг лæгсырдтæй. Ирыстон куы цæра, йæ зæрдыл сæ куы дара, сæ фæндиаг тæразæй куы бара йæ куыст, йæ ахуыр, уæд уыдон дæр цæрдзысты.

Кавказы хæхтæ дæр сын фаг не сты цыртæн. Мах аразын хъæуы

цард æмзондæй, æмвæндæй. Æрмæст нын афтæмæй ис бæллиццаг, фæрныг фидæн. Раст, ома æмбарад паддзахиуæг кæм кæна, уым нæ уыдзæн фыдæхы цагъартæ, фыдракæндтæ. Æмæ Иры æдзард хъæбултæн уый суыдзæн æппæты хуыздæр цыртдзæвæн.

*КАСАТЫ Батрадз*

## ТУГÆЙДЗАГ ДЗÆНГÆРÆГ

I

Тугæйдзаг дзæнгæрæг
Тугуарæнтæ кодта,
Беслæны скъолайы
Ахуырдзау сабитæ
Тугмæцæн фæкодтой...
Хъæддаг дуг æрыздæхт,
Сырдты дзуг æрхъула,
Дидзидай сабитыл
Сæ фæттæ æндзарынц...
О, арв уæ æрцæва!
О, «дон-дон» кæнгæйæ,
Мæрдон сæфт ыссарат!
Кæд сабиты фæстæ,
Сылгоймæгты фæстæ
Уæхицæй хæстонтæ
Цы ныфсæй аразут,
Кæд сабиты хъуырæй,
Æвзонг гуырдты хъуырæй
Сæ удтæ куыд ласут...
О, «дон-дон» фæкæной
Уæ туг уа, уæ хъæстæ,
Кæд дзидзидай гуырдтыл
Нæмыг-их куыд калут.

II

Хъæддаг сырдты дуг раздæхти фæстæмæ,
Бесланыхъæуы равзæрста бынат.
Хъæддаг сырдты дзуг сабиты зæрдæтæм
Ныццарæзтой сæ марг æмæ сæ фат.
Нæ сæм хъары ныййарæджы тæригъæд,
Сыгъдæг удты зæрдæхалæн цъæхахст.
Сæ тæригъæдæй дун-дуне ныззмæлыд,
Хуыцаумæ 'рвиты дун-дуне йæ хъаст:
Кæлмæрзæнты уæ лæгхъæстæ фæхæтой,
Уæ сылгоймæгтæ мауал феной лæг,
Кæд устытæ 'мæ сабиты чъылдымæй
Æнауæрдон цы сарæзтат уæ хæст.
Хъæддаг сырдты дзуг Иры фидæн 'вдæрзы,
Нæ сабыр сахар тугзæйтæ ысси.
Æвзонг саби йæ мады тугтæ 'рсæрфы,
Фæлæ йын хъал куы нал кæны гыцци...
Сæдæгæйттæ сты ахæмтæ – фылдæртæ,
Бындурзылд баци рухс фидæн,
зынгхуыст.
Кæмæндæрты дзы нал арынц сæ мæрдтæ,
Сæ тæригъæдæй дун-дуне нынкъуыст.
О, Стыр Хуыцау!
Ызнæгтимæ нæ макуы скæн æмсæртæ,
Сæ фæндæгтыл уæлахизæн нын суæлдай
кæн хъару,
Нæ зынгхуыст сабиты зæрдæхалæн
бæллæхтæ
Нæ адæмы куыд ыскæной сæ фидæныл
Æмуд!

*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег*

## БЕСЛÆНЫ АЗАР

Ныррызт мæ уд, ныдздзой-дзой кодта зæрдæ,
мæ цæсты арвæй арвы сыг æркалд,
нынкъуыстысты хъуытаз мырты къæсæртæ,
сæ уаз хъæлæсы сау марой ныссалд.

Беслæны азар!.. Судзгæ сыгау басур
уым царды суадон, фемæхсти дзы арт…
Уым стъалы-удтæ фестадысты цавддур –
æнæ фидæн, æнæ уидаг, æдзард…

Нæ комы уыцы судзаг азар хатын
лæджы зæрдæ – æгæр пиллон у, карз…
Æрмæст… æрлæудзæн алчидæр йæ рады,
дæтдзæни дзуапп
Бæрзонд Хуыцауы раз!..



# ДЖУСОЙТЫ МУРАТ: 60 АЗЫ



*(1959)*

*ГАСАНТЫ Валери*

# КИНОАИВАД – ЙÆ ЦАРД ÆМÆ ЙÆ ХЪЫСМÆТ

Царды нысан… Адæймаг æм æнцонтæй нæ фæцæуы. Йæ фæндаг куы хæрдыл вæййы, куы лæгъзыты, куы доны, куы сурыл. Куыдфæнды куы уа, уæддæр лæг йæ нысанмæ куы тырна, йæ фидæн цы дæсныйадимæ сбæтдзæн, уый куы зона, уымæй йæ дзыллæйæн цы хæрзты бацæудзæн, уый куы æнкъара, уæд йæ бæллицтæ, йæ фæндтæ йæ къухы ма бафтой, уымæн уæвæн нæй. Йæ царды киноаивадæн лæггад кæныны нысан суанг йе `взонджы бонтæй йæхицæн сбæлвырд кодта æмæ йæ адæмы раз уыцы сфæлыстадон къабазы йæ хæс фæрнджынæй æххæст кæны зындгонд кинорежиссер, сценарист, оператор, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг Джусойты Мурат.

**– Мурат, киноаивад дæ зæрдæйы рæбинаг цæмæ гæсгæ ссис?**

– Хуссар Ирыстоны цы хъæуы цардыстæм, уый хуынд Нагутни. Уæд абоны хуызæн уавæртæ адæмæн кæм уыд, суанг ма нæм электрон рухс дæр нæ уыд. Радио та нæм фæзынд, æхсæз азы мыл куы цыд, уæд. Сæрды мæйты-иу мæ фыдыфсымæримæ фос хызтам, æмæ-иу нæм уазæгуаты æрцыдысты нæ хæстæджыты æрыгон лæппутæ Цхинвал æмæ Тбилисæй. Уыдонæй хъуыстон, киноаивады цы æнтыстытæ ис, уыдон. Нæ хъæумæ хæстæг уыд Уæллаг хъæу (Уалыты хъæу дæр ма йæ хуыдтой). Уырдæм цыдыстæм киномæ кæсынмæ. Уалыты хæдзæрттæй иуы къулыл-иу урс хъуымац байтыгътой æмæ афтæмæй æвдыстой кинонывтæ. Фыццагдæр цы киноныв федтон, уый уыд советон киноаивады классикон кинонывтæй иу – «Коммунист». Хъазыдысты дзы нæ бæстæйы зындгонд артисттæ.

Фæстæдæр ахуыр кæнын райдыдтон Цхинвалы интернаты, æмæ уæд алы къуыри дæр уыд кинонывтæм кæсыны фадат. Фылдæр уарзтон Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутыл ист кинонывтæ. Фыццаг бæллыдтæн артист суæвынмæ, стæй уæд ахъуыды кодтон æмæ æмбарын байдыдтон, артистæн режиссер куы нæ уа, уæд нæдæр сценæйы, нæдæр кинонывы сарæхсдзæн фæлгонц саразынмæ. Интернаты нæм, зæгъæн ис, тынг карз фæтк уыд. Ахуыр æвзæр нæ

кодтон. Уарзтон бæлвырд æмæ гуманитарон наукæтæ. Фæсурокты та нын ахуыргæнджытæ кастысты Нарты кадджытæ. Фыццаг иу нын иронау æмбарын кодтой текст, уый фæстæ та нын æй тæлмац кодтой уырыссаг æвзагмæ. Куыдфæстæмæ хуыздæр дзурын æмæ фыссын райдыдтон уырыссагау. Фæлæ нæм ахуырады цы уæлæмхасæн къордтæ уыд, уыдонæй мæ зæрдæйæн хæстæг ницы уыд. Спорты хуызтæй та уарзтон футбол.

**– Куыд æй базыдтам, афтæмæй куыстæй Ирон театры æххуысгæнæг къорды, æмæ дын цас фæахъаз дæ дарддæры сфалдыстадон куысты?**

– Мæ ныййарджытæ Цæгат Ирыстонмæ куы ралыгъдысты, уæд æрцардыстæм Октябрыхъæуы. Фыццаг ахуыр кодтон Æрыдоны интернаты, фæстæдæр та – нæ хъæуы скъолайы. Скъолайы фæстæ мæ райстой Ирон театры æххуысгæнæг къордмæ. Чысыл рольтæ дæр мын-иу радтой. Уыцы рæстæг театры аивадон разамонæгæй куыста режиссер, УФ-йы адæмон артисткæ, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Брытъиаты Зарифæ. Куысты мидæг тынг домаг уыд. Спектаклыл кусгæйæ-иу дзы бирæ хъæугæ æмæ цымыдисаг, аивадмæ чи хауы, ахæм хъуыддæгтæ базонæн уыд. Йæ дæсныйады куыд тыхджын уыд, афтæ хорз зыдта адæймаджы миддуне, йæ психологи. Рæстæгæй-рæстæгмæ иу афтæ уыд, æмæ-иу репетицитæй фæцух кодтон, уымæн æмæ-иу мыл спектаклы цы хæс уыд, уый-иу бакодтон æмæ та-иу сусæгæй атындзыдтон хъæбысхæсты секцийы тренировкæтæм. Мæ тренер уыд УФ-йы сгуыхт тренер Тауытты Валери. Фæлæ иуахæмы мæ уыцы «сайд» дæр рахъæр. Уæгъдибар хъæбысхæстæй республикæйы ерысты уæлахиздзау куы сдæн, уæд мын мæ къам уацхъуыдимæ газеты рауагътой. Зарифæ йæ бакаст. Æмæ мын арфæтæ кæнынмæ фæци.

Театры кæй куыстон, уый мын дарддæр киноаивады дæр тынг фæахъаз. Уымæй уæлдай ма-иу куы бахъуыд, уæд-иу фæссценæйы кусджытæм ме ’мбæлттимæ фæкастæн декорацитæ æвæрынмæ дæр. Æрыгонæй мæ тых ме уæнгты æхсыст, æмæ театры кусджытæ æхсызгонæй дис кодтой мæ цырд бавнæлдмæ. Мемæ-иу театры æххуысгæнæг къорды уыд Беслехъоты Эльбрус дæр. Тынг арæхстджын æмæ курдиатджын лæппу уыд. Суанг ма йæм спектакль «Æз, Иликъо æмæ Илларион»-ы сæйраг роль дæр æрхауд. Æмæ йæ

тынг хорз ахъазыд. Пантомимæ цы у, уый дæр Зарифæйы фæрцы базыдтон. Театры куы куыстон, уæд уый æрхуыдта сценикон змæлды зындгонд дæсны Анатолий Васильевы. Цы нын амыдта, уый дæр мæ зæрдæмæ тынг хæстæг айстон. Зарифæйы фæнд та ахæм уыд, цæмæй алы спектаклы размæ дæр актертæ æвдисой пантомимæтæ. Уый ногдзинад кæй уыд, цымыдисаг дæр нæм уымæн каст.


Цыбырметражон кинонывæ "Къоста" исгæйæ. 2017 аз.

Зарифæйæ уæлдай нæм театры хистæр фæлтæр дæр тынг хорз цæстæй кастысты. Ныр дæр мæ зæрдыл арæх æрлæууынц. Кæстæртæ хистæртæн кодтой стыр аргъ, фæлтæрты ‘хсæн бастдзинад уыд тыхджын. Цæвиттон, иу бон хъæумæ спектакль куы ластам, уæд театры автобусы раззаг бынæтты сбадтыстæм лæппутимæ. Ныхас куыд кодтам, афтæ нæ номдзыд артисттæй иу, Сланты Къоста, æрбахызт. Мах уый куы федтам, уæд рæвдз, æнæдзургæйæ, фæгæпп кодтам æмæ, æппæты фæсте цы бынæттæ уыд, уыдоныл нæхи сабырæй æруагътам. Театры кæрты автобусæй куы 'рхызтыстæм, уæд нæ Къоста ауыдта, мидбылты нæм бахудт, æмæ йæ бамбæрстам, не ‘гъдауæй разы кæй у, уый.

**– Киноаивады Æппæтцæдисон институты ахуыры азтæй арæхдæр дæ зæрдыл цы æрлæууы?**

– Раст зæгъгæйæ, киноаивадмæ мæ фæндаг рауад дæргъвæтин. Фыццаг уал ахуыр кодтон Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты электрон-механикон факультеты. Уый фæстæ мæ гæххæттытæ балæвæрдтон ЦИПУ-йы физикон хъомылады факультетмæ. Уæды рæстæг физикон хъомылады факультеты декан уыд Цъебойты Юри. Уый та зæрдиагæй фæндыд, цæмæй, диплом куы райсон, уад ныффыссон диссертации æмæ райсон ахуыргонды ном. Фæлæ уæддæр мæ зæрдæ æппæты тынгдæр киноаивадмæ кæй æхсайдта, уый мын æнцой нæ лæвæрдта, æмæ ацыдтæн Мæскуыйы Кинематографийы Æппæтцæдисон институтмæ. Киноаивады сусæгдзинæдтæ цæмæй базонон, уый тыххæй мын ме сфæлдыстадон фæндагыл фыццаг цæстуарзон æххуысгæнæг уыд зындгонд кинорежиссер, сценарист, поэт, фыссæг, публицист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Гуыдиаты Гермæн. Кинематографийы инстутмæ дæр мын мæ ных уый сарæзта. Уый мæ зæрдиагæй цæттæ кодта, цæмæй бацæуон ацы институты режиссерон факультетмæ, сахуыр кæнон Гермæнæн йæхи ахуыргæнæг, нæ бæстæйы номдзыд кинорежиссер Роман Карменмæ. Фæлæ æз цы аз цыдтæн институтмæ, уыцы аз уый фæзиан.

Зæгъын хъæуы, Мæскуыйы фыццаг экономикон ахуырад дæр кæй райстон. Уыцы рæстæг ма инситуты байгом æхсæнадон дæсныйæдты факультет, æмæ дзы каст фæдæн журналистикæйы факультет. Фæлварæнтæ иста зындгонд киносценарист, публицист, тæлмацгæнæг Николай Фигуровский. Иуахæмы нын фæлварæнмæ сфæлдыстадон хæс радта. Куы йæ сæххæст кодтон, уæд та мын радзырд ныффыссын бафæдзæхста. Йæ зæрдæмæ фæцыд ме ‘рмдзæф, бацин мыл кодта æмæ загъта, цæмæй канд киносценаритæ нæ, фæлæ аив литературæйы дæр мæ тыхтæ бафæлварон.

Цалдæр радзырды ныффыстон æмæ сæ бахастон журнал «Мах дуг»-мæ. Фæлæ уырыссагау фыст кæй уыдысты, уымæ гæсгæ мын мæ фыстытæ фыссæг Тотраты Русланмæ дæттын бахъуыд. Уый сæм куы æркаст, уæд сæ цасдæр рæстæджы фæстæ мыхуыры рауагъта.

**– Æфсæддон службæ кæм кодтай?**

– Службæ кодтон Одессæйаг æфсæддон зылды. Уый уыд 1984 – 1986 азты. Уыцы рæстæг Беслехъоты Эльбрусы кусынмæ айстой

Одессæйы киностудимæ. Уæдæ дзы уымæй уæлдай уыдис ирон лæппутæ-хъæбысæйхæцджытæ: Хъарданты Валери, Калоты Георги, Тыбылты Роберт æмæ ма цалдæр ирон лæппуйы. Мæхæдæг дæр, мæ амондæн, бахаудтæн спортивон-æфсæддон ротæмæ. Æфсады цы азтæ фæдæн, уыцы азтæ æхсызгонæй фæмысын. Уæдæ, ме 'фсæддон хæс æххæст кæнгæйæ, Казахстаны зæрæстон зæххыл дæр уыдтæн. Архайдтон, цы арæзтæдтæ дзы цыд, уыдоны. Федтон дзы бирæ дыргъцæхæрадæттæ. Уæлдай тынгдæр дзы фæдис кодтон, бал дзы куыд арæх зади, ууыл.

**– Мурат, æфсадæй куы ссыдтæ, уæд куыстай Одессæйы киностудийы. Рауагътай, адæмы зæрдæтæм фæндаг чи ссардта, ахæм кинонывтæ. Уый æнцон хъуыддаг кæм уыдаид.**

– Одессæйы уыцы рæстæг куыстой канд нæ бæстæйы нæ, фæлæ дунейы киноаивады зындгонд дæсныты. Уыди дзы тыхджын оператортæ, сценаристтæ, техникон кусджытæ. Тынг æхсызгонæй мыл сæмбæлдысты, зæрдиагæй мын хай кодтой сæ зонындзинæдтæй. Уæлдай тынгдæр та бахæлар дæн не 'мзæххон, киностудийы режиссер Золойты Тимуримæ. Йæ куыст дæр хорз зыдта, куыд адæймаг, афтæ дæр ын æмбал нæ уыди. Хæларзæрдæ, рæдау, цæстуарзон. Уымæй уæлдай ма студийы кинооператортæй иу уыд Гагкайты Валодя. Уый дæр арæхстджын уыди йæ куысты, бирæ кинонывтæ систа. Ныртæккæ Мæскуыйы цæры. Иумæйаг куыстытæ нын нæ уыд, фæлæ Одессæйы цы дæс азы фæцардтæн, уæдмæ мын Тимур æмæ Валодя уыдысты ныфс.

**– Дæ фыццаг киноныв дæр Одессæйы систай?**

– Киностудийы кусгæйæ мæм мæ зонындзинæдтæ бынтон фаг нæ кастысты, æмæ ногæй сфæнд кодтон Кинематографийы Æппæтцæдисон институтмæ фæсауыонмæ сценарон факультетмæ ахуырмæ бацæуын. Фæстаг курсы ахуыртæ кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уыцы рæстæг ныффыстон мæ фыццаг киноныв «Фанат»-ы сценари. Уæд нæ бæстæйы рацарæзты дуг райдыдта, фæлæ уæддæр киноныв кæронмæ систон. Æнтыстджын рауад мæ фыццаг сфæлдыстадон фæлварæн, уæлахиз схонæн дæр æй ис. Уый фæстæ та систон киноныв «Курьер на Восток».

Кинематографийы институты ахуыр кæнгæйæ, Одессæйы киностудийы мæ фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтæ куы кодтон,

уæд мæ æппынæдзухдæр фæндыд мæ дæсныйады алывæрсыгæй фылдæр зонындзинæдтæ исын. Киноаивады алы жанртæ цавæр æгъдæуттыл амад сты, уый рахатын, йæ æрфытæ йын басгарын. Уый æнцон хъуыддаг нæ уыд, фæлæ, сфæлдыстады гуылфæны куы бахаудтæн, уæд мæ зонындзинæдтæ канд мæхицæн нæ уыдысты æхххуысгæнæг. Уый фæрцы мæ бон хуыздæр базонын сси æхсæнад дæр, ме сфæлдыстадон куыстытæ кæимæ аразтон æмæ аразын, уыцы адæмы, артисттæй райдай æмæ техникон кусджытæй фæу, хуыздæр æмбарын удыхъæдæй, стæй миддунейæ дæр.

Ныртæккæйы рæстæг адæймаг бирæ алыхуызы информаци исы, канд Интернетæй æмæ æндæр информацион фæрæзтæй нæ, фæлæ ма æнæуый дæр. Æмæ цæмæй адæймаг уыцы стыр информацион уылæнтæн бафæраза, уый тыххæй хъуамæ зона æвзарын, уыцы стыр уылæнæй йæ цы хъæуы, цы нæ хъæуы, пайда кæнæ зианхæссæг цы у, уый. Уый тыххæй та хъæуы зæрдæйæ æнкъарæгойдæр, зондæй кæрдагдæр уæвын. Æз ахæм хъуыдыйыл хæст дæн мæ царды, стæй сфæлдыстадон куысты дæр. Киноаивад дæр информацийы хуызтæн сæ иу у. Уынгæ дæр æй кæны, хъусгæ дæр æй кæны, стæй уыцы хорзæхтæ адæймаджы уды равзæрын кæнынц æнкъарынад. Уымæ гæсгæ, кино чи иса, уый хъуамæ бæлвырд зона, йæ аивадон куыстæй ногæй адæмæн цы зæгъдзæн, цы хъуыды сæм хæссы, уый.

**– Дæ иннæ кинонывты тыххæй та цы зæгъдзынæ, куыд сыл куыстай?**

– «Курьер на Восток» куы систон, уæд та кусын райдыдтон киноныв «Человек в зеленом кимоно»-йыл. Кæд уыцы кинонывтæ дæр æвзæр нæ уыдысты, уæддæр мæ фæндыд, цæмæй фылдæр архайон мæ адæмы çард, удыхъæд, миддуне, æмбарынад, æнкъарынады миниуджытæ равдисыныл. Уыцы кинойыл та куыстон Азиаты Бимболатимæ, Хъыргъаты Тамерланимæ, Хъантемыраты Барисимæ. Уый дæр Одессæйы систам. Хъантемыраты Барис ын йæхæдæг æхца ссардта, йæ сисыныл дæр йæхæдæг бацархайдта. Æмæ нæ иумæйаг сфæлдыстадон фæндтæ ам дæр сæххæст сты.

**– Мурат, дæ киноныв «Хохаг»-ы ирдæй æвдыст æрцыдысты ирон адæмы царды уæззау уавæртæ, ирон æгъдау. Куыд цыд куыст кинонывыл?**

– Одессæйы уыд стыр киностуди. Уæды рæстæджы кинонывисынæн цыддæриддæр хъуыд, уыцы фæрæзтæ дзы уыдисты бæрзонд æмвæзадыл, рæстæгæй-рæстæгмæ сæ ногæй-ногмæ иудадзыгдæр ивтой. Ирыстоны та æндæр фадæттæ уыди. Фылдæр телевизион кинонывтæ истой. Ирыстоны цы кинонывтæ систон, уыдонæн сæ фыццаг уыд «Хохаг». Йæ исыны хъуыддаджы мын стыр æххуыс бакодта нæ республикæйы уæды культурæйы министр, аивадиртасæг, публицист, фыссæг Дзантиаты Анатоли. Кинонывсисыны фæнд та мæм фæзынд, Гуыдиаты Гермæны æмдзæвгæ «Дух гор» куы бакастæн, уæд. Уый фæстæ дзы бар ракуырдтон йæ уацмысмæ гæсгæ кинонывсисынæн. Сценари куы ныффыстон, уæд æй бакаст Дзантиаты Анатоли, æмæ йæ зæрдæмæ фæцыд. Загъта, кинонывæнæмæнгæй сисын кæй хъæуы, уый. Анатолиимæ та базонгæ дæн, киноныв «Курьер на Восток»-æн премьерæ куы уыд, уæд. Йемæ мæ базонгæ кодта зындгонд режиссер, артист, УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг Цихиты Мæирбег. Йæ фырт Игорь мемæ архайдта киноныв «Хохаг»-ы. Райдыдтам ыл кусын Наукон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы ассоцацийы фæндæй. Мæирбег дæр нын æххуыс кодта. Уыцы рæстæг уыд Цæгат Ирыстоны сæйраг советы депутат. Кинонывы оператор уыд грознайаг лæг, нывгæнæг Гасынты Жорж, гыцыл лæппу та уыд Дзасохты Арсен, сæйраг ролы ахъазыд артист Гиоты Руслан. Тынг курдиатджын артист уыди. Иугай дубльтæ йеддæмæ йын нæ хъуыди. Кинойы фæлгонцтæм мæм цы цæстæнгас уыд, уый-иу Русланы цæстæнгасимæ уыд æмхуызон. Йемæ базонгæ дæн, Госкинойæн «Курьер на Восток» куы æвдыстам, уæд.

Киноныв «Хохаг» æвдыст æрцыд Ашхабады киноаивады дунеон фестивалы дæр. Уым райста жюрийы сæйраг хæрзиуæг. Уый фæстæ ма йæ æндæр горæтты дæр æвдыстам. Уым дæр нæ ацы куыстæн аивадуарзджытæ скодтой бæрзонд аргъ.

**– Дæ ист кинонывтæм кæсгæйæ, рахатæн ис, сæ сюжеттæ сын бæлвырд историон факттыл кæй амайыс, уый.**

– Раст æй бафиппайдтай. Мæ кинонывтыл кусгæйæ, сæмбæлын бирæ историон факттыл. Бакæсын бирæ чингуытæ, документалон æрмæг. Фæлæ мæ сæйрагдæр фæфæнды, цæмæй мæ архайджытæ æвдисой, Ирыстоны историйы алы дугты цы цаутæ æрцыд, уыдон афтæ уырнинагæй, цæмæй сæм чи кæса, уыдон сыл æнцонæй

*(Кæрон 97 фарсыл)*

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



## ТУГЪАНТЫ МАХАРБЕГ

*Номдзыд ирон нывгæнæг, публицист, фольклорон уацмыстæ æмбырдгæнæг æмæ иртасæг, педагог æмæ этнограф, Ирыстоны адæмон нывгæнæг, Гуырдзыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, Хетæгкаты Къостайы фæдон Тугъанты Махарбеджы лæггæдтæ сты æгæрон. Йæ уды фарн æмæ къухты арæхстдзинадæй йæ фæстæ рæдау æфсинау аивады цы дзаджджын хуынтæ ныууагъта, уыдон фидæны фæлтæртæн баззайдзысты дæнцæгæн.*



Нарты куывд



**Туджджынты бафидыд**



**Куыдзæппарæн**



**Уырызмæджы фæстаг балц**



**Санаты Адылджерийы портрет (1910)**



**Тугъанты Батырбеджы портрет (1904)**



**Едзиты Сослæнбеджы портрет (1949)**



**Гаглойты зæронд лæджы портрет (1933)**



Бæх фæлдисын



**Марды номыл дугъ**



**Цоппай**



Æхсары мæлæт



Айсанæ



**Тотрадзы мæлæт**



**Фæндыры фæзынд**



**Сæуæссæ**



**Зымæджы хос ласгæйæ**



Арашендæ. Зæйы амæттæгты агургæйæ

баууæндой, сайд хъуыды дзы ма уа. Уæд куысты уыдзæн æнтыст, æмæ, кинонывы цы цаутæ æвдыст цæуы, уыдоны фæдыл гуымиры быцæйуаг хъуыдытæ никæмæ æвзæрдзæн.

Уыцы хуызы куыстам нæ иннæ киноныв «Фарн»-ыл дæр. Архайдтой дзы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны зындгонд артисттæ. Йæ сисынмæ та мæ сразæнгард кодтой мæ хæлæрттæ Беслехъоты Эльбрус æмæ Годжыцаты Алыксандр. Уыцы кинонывы алы артист дæр йæ удыхъæдæй, йæ архайдæй æвдисы нæ дзыллæйы уды фарн æмæ миддуне. Киноаивадуарзджытæм кæд йæ фæндаг æнцон нæ уыд дуджы цавæрдæр экономикон фарстаты аххосæй, уæддæр æй кæй систон, мæ адæмæн æй кæй балæвар кодтон, ууыл нæ фæсмон кæнын. Чи дзы архайдта, уыдон бамбæрстой, ацы сфæлдыстадон куыстæй адæмæн цы зæгъынмæ хъавын уый. Киноныв «Фарн» истам канд Ирыстоны нæ, фæлæ ма суанг Туркменийы дæр. Йæ ирон оригиналон хуызæн уыд уырыссаг дубляж дæр, фæлæ фесæфт. Уæд нын баззад æрмæстдæр иунæг гæнæн – йæ ирон вариант ын равдисын. Ацы кинонывыл мемæ чи куыста, уыдонæй цалдæр æгас нал сты. Зæгъæм, Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артист Гæбæраты Давид. Стыр курдиаты хицау актер уыд. Иуахæмы бæлвырд сценикон ныв истам. Архайдтой дзы Давид æмæ Козаты Ромик. Кæрдæгыл дыууæйæ адаргъ сты, хъуамæ Давид кард систаид æмæ дзы æрцæфтæ кодтаид бæлвырд персонажы. Давидæн бамбарын кодтон уырыссагау: «Давид, вот когда камера подойдет к тебе, ты сразу замахнись». Уый мæ цыма бамбæрста, ахæм цæстæй мæм ракаст. Фæлæ хъуыддаг ныв исынмæ куы æрцыд, уæд Давид ницы архайы, раздæрау кæрдæгыл дæргъæй лæууы æмæ æхсæртæ хæры. Æз ын йе ‘нцойдзинад куы федтон, уæд та йын æмбарын кæнын, нывы цы хъуамæ куса, уый. Фæлæ йæм куы разылдтæн ногæй дзурынмæ, уæд Давид, йæ фарсмæ чи уыд, уымæн – Козаты Ромикы хъусы – цыдæр бадзырдта, æмæ лæг ныххудт. Æз сæ дыууæйы фæрсын, цæуыл худут, зæгъгæ. Уæд мын Ромик афтæ, Давид, дам, мæ фæрсы, «замахнись» та цы у, уый ма мын бамбарын кæн, кæннод æз Мураты не ‘мбарын. Уыцы ныхæстæм не ‘ртæ дæр ныххудтыстæм.

Гæбæраты Давидимæ ма иумæ куыстам, киноныв «Похищение Европы» куы истон, уæд дæр. Киноныв «Фарн» кæд Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны йеддæмæ никуы равдыстам, уæддæр, адæмы


Кинонывы "Ӕрзæт" исгæйæ. 2015 аз.

зæрдæмæ кæй фæцыд, уый мын æхсызгон у, бирæ арфæтæ сæ райстон. Суанг ма йæ Цхинвалы куы æвдыстам, уæд æй федта ме 'мкурсон, литвайаг кинорежиссер Артурос (йæ ном мæ ферох) æмæ мын загъта, дæ актертæн сæ цæсгæмтты, сæ цæстæнгасы цас хъуыды æвæрд ис, ууыл дис кæндзынæн, куыд хорз саразтой сæ сурæттæ, уый мæ никуы ферох уыдзæн, зæгъгæ.

Кинонывы «Фарн» куы систам, уæд мæ кусынмæ æрбахуыдтой Цæгат Ирыстоны кинохроникæмæ. Уым цалдæр азы бакуыстон. Бузныг кинокритик Чъерджиаты Индирæйæн, кæй мæ сразæнгард кодта уым кусынмæ, уымæй. Истам дзы фылдæр документалон кинонывтæ. Сæ иу уыд ме 'рвад, зындгонд поэт Хаджеты Таймуразы тыххæй. Истам æй Къуыдаргомы æмæ Дзæуджыхъæуы. Се 'дзард æфсымæры тыххæй дзы сæ мысинæгтæ дзырдтой йæ хотæ æмæ йæ зындгонд ахуыргонд æфсымæр, фыссæг, поэт Джусойты Нафи. Уымæй уæлдай ма дзы архивæй ист кадрты та равдыстам, Таймураз йæхæдæг йе 'мдзæвгæтæ куыд кæсы, уый, стæй дзы райхъуыстысты йе 'мдзæвгæтыл фыст зарджытæ. Гитарæйыл сæ ацагъта æмæ аив

азарыд Чочиты Аннæ. Уыцы кинонyв та систон ПТРК «Алани»-йы раздæры кусæг Тедеты Аринæйы фæндонмæ гæсгæ. Йæ оператор уыд Джусойты Алан.

**– Куыд зонын, афтæмæй Таймуразы тыххæй Нафи æмæ йæ хотæ бирæ нæ дзырдтой. Уый цæмæн афтæ?**

– Кинонyв исгæйæ, Къуыдаргомы æхсæвиуат дæр бакодтам. Фæззæг дзы уæлдай рæсугъд вæййы, æрдз, цыма, ног хуызы равдисы йæхи, афтæ фæзыны. Таймуразы тыххæй та йæ бинонтæ бирæ нæ дзырдтой, уымæн æмæ сæ ирон æфсарм цы домдта, уый дзы загътой. Æндæр сæ уæлдай æппæлæн ныхас нæ райхъуыст. Æмæ уый афтæ хъуамæ уа.

**– Фæстагмæ цы кинонyв систай, уыдонæй иу уыд «Æрзæт».**

– Йæ сисыны хъуыды сæвзæрд нæ амалхъом лæгтæй иумæ. Загъта, кæй йæ фæнды кинойы фæрцы равдисын нæ фыдæлты цард, æмæ сын сæ зæрдæйæн æмæ удæн зынаргъ æмæ табуйаг цы уыд, уый. Сценари куы ныффыстон, уæд йæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ кусын райдыдтам. Кинонывы продюсер уыд Битарты Константин. Уый мын мæ фæнд царды рауадзынмæ тынг баххуыс кодта. Йæ сисыны зындзинад та уый мидæг уыд, æмæ дзы Ирыстоны дугивæнты цард æвдыст кæй ис. Уыцы рæстæг канд æхсæнад нæ фæивы, политикон æмæ экономикон æгъдау арæзт нæ фехæлы, фæлæ ма раивы адæмы зондахаст дæр. Иумæйаг зондахастыл, æхсæнадон æмзонддзинадыл уæлахиз кæнын райдыдта индивидуализм.

**– Цард куыд ивы, афтæ ивы адæмы зондахаст аивадмæ, зонадмæ, удварны хæрзтæм, суанг ма хидарыны уаг дæр у æндæрхуызон. Дæумæ куыд кæсы, цæмæн афтæ у?**

– Хæлы адæмы царды иумæйаг æгъдау. Раздæр традицион, æцæг хорз цы уыдис, уый дæр ивд цæуы æндæр цавæрдæр хорзæхтæй. Уыцы уаг зыны аивады алы хуызтыл. Уыимæ кинойыл дæр. Аивад сси æхцайы цагъар. Фæлæ афтæ хъуамæ ма уа. Æхца хъуамæ аивадæн уа, аивад та адæмæн, нæ зонды, удварны рæзтæн. Хъыгагæн, афтæ нæу…

**– Аивадон кинонывтæй уæлдай систай документалон кинонывтæ дæр дзæвгар.**

– Кинохроникæйы кусын райдыдтон йæ уæды директор Акъоты Валодяйы æмæ киноиртасæг Чъерджиаты Индирæйы фæндонмæ

гæсгæ. Раздæр куыстон аивадон кинонывтыл, фæлæ мын ам уыд фадат документалон жанры хи сфæлдыстадон гæнæнтæ равдисынæн. Æмæ дзы мæ хæс цы уыд, уый сæххæст кодтон зæрдиагæй. Систам ахæм кинонывтæ: «И придут белокурые люди», «Атлантида над облаками», «Лица»… Ам цы кинонывтæ систон, уыдон дæр æвдыст æрцыдысты алыхуызон фестивальты. Нæ иумæйаг куыстæн нын къамис скодтой хорз кад æмæ аргъ. Уый фæстæ ма систон документалон кинон响 æрыгон курдиатджын нывгæнæг Андиаты Тимуры тыххæй. Тынг хорз йæхи æвдисы ныр дæр ацы кæстæр аивады, сфæлдыстадон æгъдауæй рæзы. Уæд та мæ фæндыд мæ кинонывæй Тимуры миддуне адæмæн равдисын дыууæ хуызы: куыд адæймаг æмæ куыд нывгæнæг. Цымыдисаг уыдысты æмæ сты ныр дæр йæ конд нывтæ. Æмæ йын мæ зæрдæ зæгъы стырдæр æнтыстытæ.

**– 2017 азы ПРТК «Алани»-йы директор Хъуысаты Тимуры æмæ йæ раздæры хæдивæг Таболты Тамарæйы фæндонмæ гæсгæ систай киноныв «Къоста».**

– Сæйраг фæлгонц сарæзта æрыгон музыкант Берозты Таму. Уым сæйрагдæр æргом аздæхтон Къостайы цард, хъысмæт, йæ удыхъæд йæ миддуне йæ фыстæджыты фæрцы равдисынмæ. Куыд мын бантыст, уымæн аргъгæнæг адæм фæуæнт. Поэты фæлгонц ног хуызы равдисынил бацархайдтон, нæ фæрæзтæ æмæ гæнæнтæ цас амыдтой, уымæ гæсгæ.

**– Мурат, цавæр сфæлдыстадон фæндтæ дæм ис дарддæр та?**

– Фæнды мæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг ирон адæм цы лæгдзинад равдыстой, уый тыххæй киноныв сисын. Уымæй уæлдай ма мæ фæнды нæ рагфыдæлтæ, сæрмæтты, тыххæй киноныв сисын. Уый фæрцы та мæ равдисын фæнды, ирон фыдæлтыккон æмæ чырыстон динты ‘хсæн цы бастдзинад ис, уый. Хуссар Ирыстоны 2008 азы цы хæстон цаутæ æрцыд, уый тыххæй сценари ныффыста Битарты Константин, æмæ ацы хъуыддаг царды рауадзынæн мæ хæларæн æххуыс кæнын.

**– Дæ иннæ сфæлдыстадон проект уыд «Монзæл».**

– Цалдæр азы размæ Ирыстонмæ ссыд æрыгон музыкант Ольгæ Стенина. Йæ музыкæмæ йын куы байхъуыстон, уæд мæ зæрдæмæ фæцыд йе ‘рмдзæф. Цалдæр ирон æмдзæвгæйы йæм радтон, ныффыста сыл хорз зарджытæ. Мæнæ уды æрфытæм хизынц, зæгъгæ,

кæмæй фæзæгъынц, ахæм уацмыстæ сæ рауад. Дискыл дæр ма сæ ныффыстам. Ольгæ нæ курдиатджын музыканттæ Тедеты Иринæ, Тедеты Натия, Гаглойты Иринæимæ сæрмагонд концерттæ радтой филармонийы дæр. Аивадон изæртæ сын уыд Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл муниципалон фæсивæдон центры æмæ Гæздæнты Гайтойы номыл библиотекæйы.

Уымæй уæлдай ма мæм ис мæхи цæстæнгас ирон адæмы эпос «Нарты кадджытæ», «Даредзанты кадджытæ» æмæ «Царциаты диссæгтæм». Уæдæ нæ зарджытæ æмæ таурæгътæ дæр тынг диссаджы æрмæг сты кинотæ исынæн, æндæр аивадон хæзнатæ сфæлдисынæн. Сæ алæмæты миниуджытæ сын æвдисын хъæуы национ бындурыл амадæй. Фæсарæйнаг киноаивады дæсныты æрмдзæфыл дзы хъуамæ ма ‘нцой кæнай, фæлæ дæ куыстытæй ирон адæмæн ног хъуыды зæгъай, аивæй, хигъæдонæй. Æндæр кæйдæр фæзмын æвзæр нæу, фæлæ, цæрæнбонты искæйы фæдыл цæугæйæ, æнтыстджын уæвæн нæй. Уыцы фарстатыл та хъуамæ хъуыды кæной, фыццаджыдæр, дыууæ Ирыстоны сæргълæуджытæ, стæй культурæйы фарстатæн дзуапдæттæг бæрнон адæм. Афтæ куы уа, уæд Ирыстон уыдзæн хъæздыг исбонæй дæр æмæ удварнæй дæр!

**– Бузныг, Мурат, дæ хъуыдытæ царды сæххæст уæнт.**

## ДЖУСОЙТЫ МУРАТЫ ТЫХХÆЙ ДЗУРЫНЦ:

**ГУЛУТЫ Вячеслав, УФ-йы Кинематографистты цæдисы Цæгат Кавказы хайады сæрдар, УФ-йы æмæ Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат:**

– Джусойты Мурат у, йе ‘сфæлдыстадон куысты æдзухдæр ног гæнæнтæ æмæ фæндæгтæ чи агуры, ахæм кинорежиссер, сценарист, оператор. Йæ къухы æмхуызон хорз æфты кинойы алы жанры дæр æнтыстдзинæдтæ æвдисын. Йæ кинонывтæ ирондзинадæй æххæст кæй сты, сæ архайджыты сын уырзæй сгарæгау зæрдæйæ кæй банкъары, уымæй йæ куыстытæ хицæн кæнынц иннæ режиссерты аивадон æрмдзæфæй. Йе

сфæлдыстадон фæндаг киномæ ирон театрæй кæй райдыдта, суанг уæгъдибар хъæбысхæсты республикæйы чемпион дæр кæй уыд, уый йын йе 'сфæлдыстадон архайды хуымæтæджы нæ феххуыс вæййы. Йæ курдиат æмæ зонд арф æмæ хæдхуыз кæй сты, уый рахатынц киноиртасджытæ æмæ аивадуарзджытæ дæр.

Мураты Уæрæсейы Кинематографистты цæдисмæ дæр райстам зæрдиагæй. Уымæн æмæ йын зонæм, йæ куыстхъомдзинады тых цы бæрзонд æмвæзадыл ис, уый. Æмæ кæд киноаивады æмæ æхсæнадон куысты йæ размæ бирæ хæстæ лæууы, уæддæр нын нæ организацийы иумæйаг æнтыстджын архайдæн Мурат у стыр æххуыс.

**БЫРНАЦТЫ Измаил, зындгонд кинорежиссер, УФ-йы æмæ РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг:**

– Муратæн йе 'сфæлдыстадон архайд уæлдай тынгдæр райхæлд рацарæзты дуджы. Уæд киноаивад æмæ иумæйагæй нæ бæстæ тынг æвзæр экономикон уавæры уыдысты. Æнцон нæ уыд Муратæн дæр. Фæлæ уый сфæлдыстадон хъуыддаджы цы сфæнд кæны, уый æрдæгкондæй никуы ныуудзы. Уый тыххæй дзы уæлдай бузныг стæм не 'ппæт дæр. Йе сфæлдыстадон куыстытæм ахæм цæстæй кæй кæсы, уымæй у фæзминаг, ныртæккæ киноаивады хъуыддагыл чи архайы, уыцы фæсивæдæн дæр.

**ЧЪЕРДЖИАТЫ Индирæ, киноитрасæг, УФ-йы кинематографистты цæдисы уæнг:**

– Джусойты Мураты рагæй зонын. Куыд хъæздыг удыхъæды хицау у, йæ зæрдæ куыд рæсугъд у, уый зыны йе 'сфæлдыстадон, киноаивадон куыстытыл. Æппæтты сæйрагдæр та уый у, йæ ист кинонывтæ кæй сты ирондзинадæй æххæст. Йемæ куы фæныхас кæнын, уæд мæ дисы бафтауынц йæ зонындзинæдтæ, йе 'нкъараг зæрдæйы ахаст. Киноаивады йын ис йæхи сæрмагонд фæндаг. Йæ алы ист кинонывы дæр аивадуарзджытæ ссарынц ногдзинад.

*Роман БАРАНОВ*

# ФЫДЫБÆСТÆМÆ ФÆНДАГ

Райгуырæн зæхх… Цымæ махæн, 21 æнусы цæрджытæн, ацы дзырдтæ цас зынаргъ æмæ адджын сты, цавæр мидис сæ æвæрæм? Абон дунейы дуæрттæ сты гом, алы адæймагæн дæр хуыздæр цард агурыны фадат ис цыфæнды сахары, цыфæнды паддзахады, фæлæ, фыдыуæзæгæй фæиппæрд уæвгæйæ, æцæгæлон бæсты чи нæ банкъардта ацы дзырдты тых æмæ хъомыс?.. Райгуырæн зæхх…

Стамбул… Зæххы къорийы егъаудæр горæттæй иу. Цæры дзы дæсгай адæмыхæттытæ æмæ динты минæвæрттæ 15 милуанæй фылдæр. Ам, нарæг уынгты æмæ стыр фæндæгты æхсæн, цæры намысджын аланты фæдонты чысыл хай. Æнус æмæ æрдæджы размæ сæ фыдæлтæ ардæм рацыдысты дард Кавказæй. Цымæ сæ цавæр тых сыстын кодта фыдыуæзæгæй?

Йæ къона ныууадзгæйæ, ардæм хуыздæр цардагур чи цыд, уыцы адæммæ Осмайнаг империи каст æфсæддон æмæ экономикон æгъдауæй æнæфæцудгæ æмæ фидар. Сæ зæрдæ дардтой, туркаг Султан сын саумæр æнæхæрд зæххытæ кæй байуардзæн, кæй сыл бацин кæндзæн, æмæ сыл се ’мдин пысылмон адæмы æхсæн сæрибар цард кæй бацайдагъ уыдзæн, ууыл. Уыцы хъуыды æмæ æрвыг бæллиц асайдтой сæ фæдыл сæрыстыр хохæхты дард Туркмæ.

Кавказы урссæр хæхтæй 1865 азы Куындыхаты Муссæйы разамындæй Туркмæ цы уылæн акодта, уый æрмæст ирон нæ уыд. Сæ фылдæр уыдысты цæцæйнæгтæ, се ’хсæн ма уыд кæсгæттæ æмæ абхазæгтæ дæр. Не ’мтуг ирæттæ дзы уыд 350 адæймаджы, сæ зынгæ хай Муссæйæн уыдысты тугхæстæг.

Мухадзыртæ – афтæ хонынц пысылмæтты, сæ хъарм къонатæ ныууагътой, уæды хицауад сæ сæ дин æххæст кæнын кæй нæ уагъта, уый аххосæй. Фыццаг сæ хъыгдæрдтой, Чырыстон дин адæмы æхсæн чи парахат кодта, уыдон. Фæстæдæр та, – Дуне рафæлдисæг уæвгæ дæр нæй, уыцы хъуыдыйыл фидар хæст чи уыд, ахæмтæ.

Ацы сылгоймаг у, Турчы цы ирæттæ цæры, уыдонæй æппæты хистæр, цæуы йыл 107 азы. Йæ зæрдыл абон дæр хорз лæууынц, Сырх æфсады азарæй лидзгæйæ, йæ бинонтæ цы фыдвæндæгтыл фæцыдысты æмæ цы стыр зынтæ баййæфтой, уыдон.

Абон Турчы цæры 40 мин ироны, иннæтимæ абаргæйæ, уый у хæрз чысыл диаспорæ. Рæстæджы цыдимæ, æхсæнады уавæрты ивдимæ уымы ирæттæн зынæй-зындæр кæны нæ фыдæлты æгъдæуттæ, культурæ æмæ æвзаг бахъахъхъæнын.

20 æнусы фыццаг æмбис амы ирæттæ цæстыгагуыйау хъахъхъæдтой сæ культурæ. Æххæст кодтой æппæт æгъдæуттæ, дардтой национ уæлæдарæс. Суанг, Турчы республикæйы ног хицауад 20 азты тюркаг карз политикæ куы фидар кодта, уæддæр. Афтæмæй, бынæттон хицаудзинады къухы цы нæ бафтыд,уый бакодтой рæстæг æмæ дæрддзæг. Ивгъуыд æнусы астæуазты ирæттæ бирæгæйттæй лидзын райдыдтой стыр сахартæм. Абоны бонмæ Турчы баззад æртæ ирон хъæуы, дыууæ та ма – сыхаг Сирийы.

Куыд æмæ цы хуызы бахъахъхъæнæн ис, сæ Фыдызæххæй фурдтæ æмæ хæхтæ кæй хицæн кæнынц, уыцы адæмы æнгомдзинад?

Уыцы фарстайыл стыр куыст цæуы Цæгат Ирыстоны дæр.

Цæмæй сæ национ хæдбындурдзинад ма фесæфа, ууыл бирæ азты кусынц Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты. Ам æфснайд сты гуманитарон къабазы æрмæджытæ: историйæ, юриспруденцийæ, аивадæй, 65 хатæнæй фылдæр литературæйæ, се ’хсæн – номдзыд Хетæгкаты Къостайы стыр къæбиц.

Æппæт уыцы хæзнаты æхсæн мах агурæм, аланты этикон цæсгом кæй фæрцы бахъахъхъæнæн ис, уыцы æууæлтæ.

Ирæтты райгуырæн бæстæ тынг рæсугъд у. Иу хатт æй чи фена, уый йæ никуыуал ферох кæндзæн.

Ам кæмтты фæхстыл æмæ лæгъзытыл ис бирæ хъæутæ. Сæ иу– Хохы Саниба. Фыццаг бакастæй иннæтæй ницæмæй хицæн кæны, йæ азфысты фæрстæ йын рафæлдах, уæд дзы алкæцы дæр у цымыдисаг. Зæгъæм, 8 æнусы размæ кæй сарæзтой, уыцы аргъуан. Йæ фарсмæ – Алардыйы кувæндон, таурæгъмæ гæсгæ дзы кæддæр гоби лæппуйæн куы скуыивтой, уæд ын дзуар фæахъаз, æмæ сдзырдта. Сæ бакомкоммæ – 20 æнусы æрдзы стырдæр фыдбылызы цыртдзæвæн.

Афтæмæй ацы чысыл хъæуы баиу сты æртæ егъау æвдисæны. Ам ма 1818 азы райгуырд пысылмон адæмы дард бæстæм фæлидзынил амидингæнæг Куындыхаты Муссæ. Нымад у, Туркмæ чи алыгъд, уыцы ирон адæмы фыццаг уылæн араздджытæй иуыл.

Уырыссаг-туркаг хæсты рæстæг Осмайнаг æфсадæн нæ фаг кодта барæг хæстонтæ хъазахъхъаг бæхджын хæйттæн аккаг ныхкъуырдæн.

Черкесаг дæсны бæхылбадджытæй сарæзтой сæрмагонд хай, йæ разамонæгæй та нысангонд æрцыд Уæрæсейы паддзахы æфсады раздæры инæлар Куындыхаты Муссæ. Холлаг æмæ хойраг фаг кæй нæ уыд, уый аххосæй нæ уыд фидар фæтк, æмæ сæ фыццаг егъау тохы знаг ныппырх кодта.

Куындыхаты инæларæн йæхи равдисыны фадат фæстæдæр фæцис. Скæсæн фронты йын йæ бар бакодтой фистæг дивизи. Æмæ кæд нæдæр йæхиуыл, нæдæр салдæттыл нæ ауæрста, уæддæр хæсты иумæйаг уавæрыл се ’сгуыхтдзинæтæ нал фæзындысты. Æмæ Осмайнаг импери фæхæрд.

Ацы ран уæлдай зын у, райгуырæн зæххæй дард, æцæгæлон адæмы сæраппонд чи фесæфт, уыцы алайнаг хæстонты хъысмæт.

Не ’мзæххонтæм Осмайнаг империйы æнхъæлмæ кастысты фыдæвзарæнтæ. Зæрдæ сын цы саумæр зæххытæй æвæрдтой, уыдоны бæсты сæ æрцæрын кодтой æлыг æмæ змисбын хæхты. Тызмæгæй сыл сæмбæлдысты бынæттон цæрджытæ дæр.

Æнусæй фылдæр рацыд уыцы сагъæссаг æмæ намысджын рæстæджытæй, баззад ма сæ æрмæстдæр мысинæгтæ. Абон ма Турчы ис æртæ ирон хъæуы: Бойалык, Карабаджак, æртыккаг – дыгурон Пойразлы.

Мадæлон æвзаг куы нал зоной, уымæй тынг тæссаг у Турчы цæрæг ирæттæн. Тæрсынц, æвзаг ферох кæнгæйæ, сæ культурæ дæр куы нал зоной, уымæй. Культурæ куы фесæфа, уæд та адæмыхатт сойы къæрттау батайдзæн кæйдæр уæзæгыл.

Афтæмæй, уырысы, туркæгты æмæ курдты къухы цы нæ бафтыд, хъыгагæн, уый бантысдзæн рæстæгæн.

Нæ дуджы сæйраг домæн – хъæуы архайын. Ирæтты æрæмбырд кæнын иу ранмæ æмæ бацархайын, сæ уидæгтæ цæмæй ма фесæфой, ууыл. 1989 азы Стамбулы бындурæвæрд æрцыд Алайнаг фыццаг Ассоциацийæн. Йæ сæйраг нысан у Турчы цæрæг ирæтты кæрæдзимæ

ӕрбангом кӕнын. Бахъахъхъӕнын, адӕм адӕм цӕмӕй сты, уыцы удварны хӕрзтӕ: ӕвзаг, ӕгъдӕуттӕ ӕмӕ хӕстӕгдзинады тӕгтӕ.

Абон Стамбулы кусы дыууӕ Алайнаг ӕхсӕнады. Сӕ цӕст дарынц хистӕртӕ ӕмӕ кӕстӕртӕм, ахуыр сӕ кӕнынц ирон кафты аивдзинадыл, вӕййы сӕм мадӕлон ӕвзаджы уроктӕ. Бастдзинад дарынц ӕппӕт ирӕттимӕ ӕмӕ, Ирыстоны кӕнӕ ам, Турчы, исты ахсджиаг хъуыддӕгтӕ куы вӕййы, уӕд сӕ уайтагъд айхъуысын кӕнынц.

Ам рагӕй у афтӕ: хистӕртӕ сӕ зонд, сӕ фӕлтӕрддзинад ӕмӕ, Иры хӕхтӕй цы фарн ахастой, уый адӕттынц кӕстӕртӕм. Ӕмӕ сӕйрагдӕр у уыцы уаг бахъахъхъӕнын.

Ирон адӕм Турчы сты кадджын. Бирӕты къухы дзы бафтыд стыр ӕнтыстдзинӕдтӕ, ахсынц бӕрнон бынӕттӕ, уыимӕ сӕ зӕрдыл дарынц, сӕ фыдӕлты номы раз сыл цы стыр хӕс ӕвӕрд ис, уый – фыдӕлты ӕгъдӕуттӕ ӕххӕст кӕнын.

Ирон културӕйы хуызтӕй иу у, ирон фынг кӕмӕй фидыдта, уыцы хойраг. Саходӕн дзы ис Стамбулы центры. Ам бацин кӕнынц алкӕуыл дӕр, уӕлдай кадджын та сӕм у ирон лӕг.

Цы ма уа ирон кафтӕй рӕсугъддӕр! Адӕймаджы буары анхъӕвзы цавӕрдӕр цин, райхъал вӕййынц ӕфсарм ӕмӕ ӕгъдау. Кафт у удтӕн ӕдзӕмӕй ныхас кӕныны фӕрӕз, уый у зӕрдӕ ӕмӕ уды куывд. Уымӕн йӕ бон у, рӕстӕг ӕмӕ дӕрддзӕг кӕрӕдзийӕ кӕй фӕиппӕрд кодтой, уыцы адӕмы ӕрбангом кӕнын.

Ахӕм стыр ма у масты тых дӕр. Ацы ӕнусы райдиан зӕххы къорийы адӕмы дисы чи бафтыдта, уыцы фыдракӕнд ӕрбангом кодта ӕгас дунейы ирӕтты.

Беслӕны фыццӕгӕм скъолайы цы ӕвирхъау бӕллӕх ӕрцыд, уый не 'ппӕтӕн дӕр уыд стыр ӕвзарӕн. Ам, Пойразлыйы хъӕуы, лӕууы монумент, йӕ хъуыды у арф: ӕнӕдон быдыры астӕу бануазӕн кӕмӕй нӕй, ахӕм суадон. Уый у уыцы ӕртӕ боны сабиты хъизӕмар ӕвдисӕг ӕдзӕм цыртдзӕвӕн.

Бойалыкы хъӕуы дӕр сӕнусон кодтой, ферох кӕнӕн кӕмӕн нӕй ӕмӕ ирон адӕмы историйы сау ахорӕнтӕй фыст чи ӕрцыд, уыцы бонтӕ. Ныссагътой бӕлӕсты къох. Сӕ нымӕц у, скъоладзаутӕ ӕмӕ уыдоны ирвӕзынгӕнгӕнджытӕй цал ӕнӕтӕригъӕд уды аскъуыд, уыйбӕрц.

Адæмæй ницы рох кæны, дзыллæйы мысæнуатæй фидардæр тых нæй. Уый нæ зоны дард æмæ хæстæг, уый нæ уромынц паддзахæдты 'хсæн арæнтæ.

Ацы монумент цæрæццаг чи скодта, уыдон Пойразлыйы нæ цæрынц, уæдæ Турчы æндæр сахары дæр. Уыдон сты Дзæуджыхъæуы, йæ курдиат аивадон тыгъдады кæй баиу кодта, ахæм фæсивæды къорд «ПОРТАЛ».

2017 азы ацы æрыгон адæм æрхъуыды кодтой вазыгджын хъуыддаг – Беслæны трагедийы амæттæгтæн туркаг ирон хъæуы цыртдзæвæн саразын. Дарддæр бæстæмæ балцæн нæдæр хæдтæхæг равзæрстой, нæдæр хæдтулгæ. Зын, фæлæ арфæйаг фæндагыл ацыдысты велосипедтыл.

Хетæгкаты Къоста йæ уды арфæй сулæфыд: «Æгас дуне – мæ аргъуан. У уарзт мæ кувæндон. У дун-дуне Фыдыбæстæ мæнæн».

Дыууæ бæстæйы ирæттæ сæ зæрдыл дарынц ацы зырнæйзылд рæнхъытæ.

Хæдзар кæмфæнды самайæн дæр ис, хорз цард кæнын, сыхæгты æхсæн нымад уæвын дæр, фæлæ амонд бавзарæн ис æрмæстдæр Фыдыуæзæгыл. Турчы цæрæг ирæтты зæрдæты та, Райгуырæн зæхх мысгæйæ, цæры рухс æрхæндæг. Гъе уымæн хъæуы ацы дугивæн рæстæг бахъахъхъæнын нæ адæмы иудзинад, нæ диссаджы мадæлон æвзаг æмæ нæ фыдæлты рæсугъд æгъдау.

*Уырыссаг æвзагæй йæ ратæлмац кодта*
*Налдыхъуаты Зæлинæ*

*Хъæцмæзты Е.С., ф.н.к.,*
*ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ*
*литературæйы кафедрæйы доцент,*
*Боциты Данæ, ЦИПУ-йы ирон филологийы*
*факультеты 2 курсы студенткæ*

# МИНОГОНТЫ СТИЛИСТИКÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ

Æвзаджы стилистикон арæзт у вазыгджын системæ. У æвзагзонынады сæйрагдæр дисциплинæтæй, ахуыр кæны æвзаджы алыхуызон уавæртæ æмæ мадзæлттæй пайда кæнын (æвзаджы категоритæ, кæцытæ аразынц æвзаджы системæ) дзурыны рæстæджы (дзургæ æмæ фысгæ ныхас).

Ацы наукæ кæд тынг раджы фæзынд, уæддæр хæдхъом ссис æрмæстдæр XX æнусы райдайæны.

Уæдæ, куыд зонæм, афтæмæй, дзырд «стилистикæ» равзæрд латинаг дзырд «stilus»-æй, нысан кæны «остроконечная палочка» (хъил, лæдзæг, къæцæл)»[1]. Рагон адæм афтæ хуыдтой цыргъ лæдзæг, фыстой дзы мыдадзæй сæрст фæйнæгыл.

Нæ чысыл уацы мах фæнды нырыккон ирон æвзаджы миногонты стилистикон æууæлтæм æркæсын, сбæлвырд сын кæнын сæ стилистикон мадзæлттæ бæрæггæнæг системæйы ахадындзинад.

Ирон æвзаджы стилистикæйы райрæзты фарстыл куыстой Багаты Никъала, Гуыриаты Тамерлан, Медойты Боболка, Цопанты Ритæ, Гуæцæлты Ларисæ, Парсиаты Ларисæ, Куыдзойты Анжелæ æмæ æндæр ахуыргæндтæ.

Ацы ахуыргæндты иртасæн куыстытæ æвæрд æрцыдысты нæ чысыл уацы бындуры.

Морфологийы системæйы æвæрæнты миногонтæн куыд сæрмагонд ныхасы хайæн ис зынгæ бынат. Йæ семантикæйæ уæлахиз кæны номдар амонæг миниуæджы æмбарынады.

Æвзаджы лексемæты нымæцмæ гæсгæ миногонтæ сты къаддæр æрмæстдæр номдартæй. Алы æвзаджы дæр миногонтæн ис сæхи фæлгонц, хъæздыгдзинад, грамматикон авналæнтæ.

[1] Лингвистический энциклопедический словарь. // Под редакцией В.Н. Ярцевой. М., 1990.– 494 ф.

Зæгъæм: «Прилагательные в английском языке не изменяются ни по родам, ни по числам, ни по падежам: a young man (молодой человек), a young woman (молодая, женщина), young people (молодые люди), with a young man (с молодым человеком). Они могут изменяться только по степеням сравнения: long, longer, longest (длинный, длиннее, самый длинный)»[2]; уырыссаг æвзаджы миногонтæн ис æрдбæрæггæнæны (ирон æвзагимæ абаргæйæ), нымæцы æмæ хауæны категоритæ, цухгонд нæу цыбыр æмæ æххæст хуызы формæтæй дæр. Ирон æвзаджы нæй миногоны цыбыр формæ дæр. Фæлæ не ´взаджы миногонты хъæздыг æмæ тасаг системæ аразы алывæрсыг аивгæнæн-хуызджын (æнгасджынгæнæн) мадзæлттæ, кæцытæ æвдыст æрцæуынц ацы ныхасы хайы эстетикон функцийæ. Уыимæ зынгæ нысаниуæг хæссынц миногонты информативон хæстæ, кæцытæ æххуыс кæнынц номдартæй æвдыст нысаниуæджы гуырахст фæкъаддæр кæнынæн. Ахæм фæзынд амоны миногонтæй пайдакæнынады уæрæхдзинад алыхуызон стильты дзырды предметон нысаниуæг фæбæлвырд кæнынмæ.

Миногонтæй пайда кæныны арæхдзинад баст цæуы тексты номдарты нымæцимæ. Ныхасы номон типы текстты фылдæр вæййынц канд номдартæ нæ, фæлæ миногонтæ дæр. Сæ хицæндзинады бæрæггæнæнтæ сты алыхуызон функционалон стильты сæ парахатæй æмæ алывæрсыгæй пайда кæнын.

Зæгъæм, наукон æмæ официалон-хъуыддагон стилы пайдагонд цæуы арæхдæр ахæсгæ миногонтæй (наукон, зонадон, физикон, астрономион, экономикон), аивадон текстты та – арæхæй миниуæгæвдисæг миногонтæй.

Ацы ран сæхи активонæй равдисынц экстралингвистикон фактортæ, кæцытæ бæлвырд кæнынц миниуæгæвдисæг дзырдты семантикон-тематикон равзæрст алыхуызон мидис æмæ функционалон-стилон тексттæм ахæсгæ уавæрты.

Ахæсгæ миногонтæй пайда кæныны закъонæвæрæг гæххæттыты уымæн хъæуы, æмæ февдисынц удгоймаг (лицо) æмæ паддзахадимæ, удгоймаг æмæ предметтимæ ахастытæ.

Арæхдæр ахæм уавæрты пайда кæнæм ахастæвдисæг

[2] [http://study-english.info/adjective.php#ixzz5t9Ma9ygn http://study-english.info/].

миногонтæй: *паддзахадон, хæдзарадон, хъæууон-хæдзарадон, коммерцион, финансон, æхсæнадон, индивидуалон, экономикон æ.æнд.*

Бирæ миногонтæ æххæст кæнынц æвзаджы терминты функцитæ, стæй ма хаст цæуынц фидар дзырдбæстыты æмæ сæрмагонд нæмтты рæнхъмæ дæр. Зæгъæм: *Хæдбар паддзахæдты æмбалад, Паддзахадон думæ, федералон æфсæдтæ, паддзахадон рейтинг, Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институт, паддзахадон университет æ.æнд.*

Ахæм дзырдты мидис бæрæг ирддæрæй фæзыны тексты мидæг: *«Федералон программæ «Уæрæсейы культурæ 2006-2011 азты» æххæст кæнгæйæ, УФ-йы æмæ РЦИ–Аланийы культурæйы министрадты армдардæй æрæджы нæ республикæйы арæзт æрцыд Адæмон кафты цыппæрæм дунеон фестиваль «Зори Алании» (Аб. Арб.).*

Бæлвырд у, официалон-хъуыддагон стилы уырыссаг æвзаджы арæх пайдагонд цæуы миногонты цыбыр формæтæй модалон нысаниуджытимæ. Æвдисынц уæвынад кæнæ барфыст (предписание): *Каждый гражданин обязан… Письменные сделки должны быть подписаны лицами, их совершившими; Вызов экспертов обязателен æмæ б.æ.а.*

Уырыссаг æвзаджы уыцы дзырдты бæрц хъуыддаджы гæххæттыты у тынг бæрзонд. Уыйхыгъд наукон æмæ аивадон текстты миногонты цыбыр формæйæ пайдагонд цæуы стæмдæр хатт.

Ирон æвзаджы миногонтæн кæй нæй цыбыр формæ, уый бæрæг дары хъуыддаджы гæххæттыты арæзтыл: пайда кæнæм миногонты фембæлгæ æмæ бабæзгæ формæтæй бæрæг уавæрты.

Публицистикон стилы дæр миногонты семантикон къордты цавæрдæр хай цæуы специализацигонд, ис сын сæрмагонд бынат аргъгæнæн лексикæйы номхыгъды. Ис ацы дзырдты къордæн хицæн, бæрзонд экспресси хæссæг нысаниуæг: *цардхъом (хъуыдытæ), фидарзонд (цот), мæнгуд (митæ) æ. æнд.*

Публицистикон ныхасы ахæсгæ сты уæлдæр стилистикон миниуæгæвдисæг дзырдтыл, амынд æрцæуынц семæ баст номдартæй.

Чиныгон стильты миногонтæй пайда кæнæм сыгъдæгæй информативон хуызы. Нæй сын ахæсгæ нысаниуæджы мидис кæнæ синонимон баивынады (замена) уавæр терминологизацийы, зæгъæм: *«Рауадзынмæ бацæттæгонд чиныджы ма ис, авторы текстæй уæлдай, цалдæр уæлæмхасæн тексты... Уый фæдыл фæзынд литературон уацмысы гуырахст, хицæн æй кæнын хъæуы æнæхъæн чиныджы гуырахстæй. Уый тыххæй хаст æрцыд барыны иуæг (единица измерения) – мыхуырон сыф (печатный лист). Гæххæтты бæрц базонынæн лæвæрд у мыхуырон сыф, кæцы хардзгонд цæуы чиныджы бацæттæйæн»*.

Миногонтæй ахæм хуызы пайда кæнынæн ис практикон нысан, æххæст кæны æвзаджы морфологион æвæрæнты функционалон-стилон спецификæйы хæстæ, фæлæ уыимæ уæлæргом кæны ныхасы эстетикæ.

Миногоны потенциалон аивадон-æргомгæнæн мадзæлттæ æмæ уавæртæй пайдагонд æрцæуы аивадон æмæ публицистикон ныхасы. Дæттынц бар стилистикæйæн уæрæх æмæ парахатæй æвзаджы æрмæгæй арæхсынмæ.

Миниуæгæвдисæг дзырдтæ (афтæ арæх фæхонæм миногонты) сты æппæты рæсугъддæр æмæ цардæвдисæгдæр ныхасы хай. Фысджытæ хуымæтæджы нæ кæнынц уæлдай аргъ миногонтæн-бæрæггæнæнтæн куыд професcионализм æмæ арæхстдзинад æвдисæг дзырдтæн.

Миногонтæй парахатæй пайда кæнын æххуыс кæны фыссæгæн хъайтары фæлгонц лыстæг æмæ арф æрфыссынæн, фæдæтты адæймаджы æддаг бакастæн, æнкъарæнтæн характеристикæ: *Йæ фезмæлд – рогдæр, йæ цæстæнгас – цæрæццагдæр, раст цыма йæ ас дæр бæрзонддæр фæцис (Бар. Г.); Уæд æркæс ноджы ныллæгдæр, лыстæгдæр адæмы цардмæ, уыдонæн сæ æнæкæрон тухитæм (Бар. Г.); Æнкъард уыди Тегайы цæсгом, йе 'рфгуытæ – æлхынцъ; Æрнæг, æвидыц зæхх, æнæрцæф та йæ адæм, Кавказ, æвирхъау къуым, гуыдыræвæрд, æхгæд, Къæрныхтæн – арф ахстон, поэзийæн та – авдæн! (Хъодз. Æ.).*

Æвзаджы мидæг æрцыдисты бæлвырдгонд хихуыз семантикон къордтæ миногонтæй, кæцытæ аразынц иттæг хъæздыг ахорæнты

палитрæ æрдзы нывтæ æвдисгæйæ. Дзырдæн, мæйы рухс романтикон контексты арæх нывгонд цæуы ахæм хуызæвдисæг миногонты руаджы: *фæлурс, æрвгъуыз, æвзистхуыз, сырхбын, бурбын, бур, сайæнхуыз, сусæг, сусæгхуыз, хинæйдзаг, хинæйдзагхуыз, æнкъардхуыз,* фæлæ ныввы реалистикон (арæх фæкъаддæргондæй) мæйрухс æхсæвы æрфысты ист цæуынц æндæрхуыызон миногонтæ: *[мæй] стыр, тымбыл, сырх, згæ, бурдзалыг, бурхил, тугсырх, зынгæфтыд æ. æнд.*

Æвзагзонынады, стæй литературæзонынады дæр ис ахæм хъуыды, кæцы нæ дæтты бар æнæхъуаджы æмхуызон эпитеттæй аивадон литературæйы пайда кæнынæн, ома нæ уыдзæн аив æрмæст уыцы иу, арæх æмбæлгæ дзырдтæй – миногонтæй пайда кæнын.

Стыр ахъаз сты фæлгонц аразынæн арæхстджын баиугонд вазыгджын дзырдтæ, кæцытæн сæ стилистикон нысаниуæг æвдисы дзырды рæсугъд загъд æмæ семантикон хъæздыгдзинад.

Æндæр ныхасы хæйттимæ абаргæйæ, миногонты стилистикон нысаниуæг морфологийы хуызджын ресурсты системæйы æвæрд цæуы бынтон æндæр (сæрмагонд) бынаты.

Авторы арæхстдзинад аивадон бæрæггæнæн ссарынмæ у сыгъдæг дзырды æвзарæн. Уый тыххæй фæлтæрдджын фысджыты амынды бындуры дæр уымæн вæййы миногонтæй раст пайда кæныны фæдзæхст.

Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонты стилистикон фадæттæ æмхуызон не сты. Уый баст у сæ равзæрды структурæ æмæ семантикæимæ. Ныхасы дæр сæ алыхуызонæй пайда кæнæм.

Миниуæгæвдисæг миногонты фæрцы бындуронæй æвдыст æрцæуынц миногонты æппæт грамматикон æууæлтæ, ис сын ирд экспрессивон миниуджытæ, уымæн æмæ миногонты ацы хуызы къордæн сæ семантикæйы æвæрд вæййы алыхуызон аргъгæнæн нысаниуджытæ: хæларзæрдæ, саузæрдæ, сæрыстыр, рæдау, рæвдз, адджын, лыстæг, стыр æ.а.д.

Алыхуызон семантикон къордты метафорон пайдакæнынад ныхасæн дæтты аивдзинад, тыхджын æмæ бæрзонд эмоционалон ахуырст: *Зæрдæйæн адджын, зæронд, хæларзæрдæ, рæвдауаг! Æнкъард хъуыдытимæ ма лымæн кæн! (Ес.)*

Миниуæгæвдисæг миногонтæй куы фæпайда кæнæм ахæсгæ нысаниуæджы, уæд тыхджынгонд æрцæуы сæ фæлгонцон мидархайд дæр.

Миниуæгæвдисæг миногонтæй ма ноджыдæр арæзт цæуы хицæн фæтыхджындæргонд формæ, кæнæ та – интенсивон формæ, миногонты бындуртæ кæрæдзимæ æфтаугæйæ: *цъæх-цъæхид, сырх-сырхид;* барæн бæрцы миногонты уидаг дывæр кæнгæйæ, иууон æмæ бирæон нымæцты иртæстон хауæны формæйы: *рæсугъдæй-рæсугъддæр, фæлмæнæй-фæлмæндæр, тарæй-тардæр, мæстыйæ-мæстыдæр, рæсугъдтæй-рæсугъддæр, æвзæрæй-æвзæрдæр; барæн бæрцы миногонтæм дзырдбаст амæй-ай бафтаугæйæ: амæй-ай лæгдæр, амæй-ай сæфтдæр, амæй-ай хуыздæр æ.æнд*[3].

Æвзаджы миногонты фæтыхджындæргонд формæйы тыххæй йæ хъуыды зæгъы Медойты Боболка: «Æвдисы предметы стырдæр бæрц, уый барст нæ цæуы æндæр предметты бæрцимæ. Миногонты фæтыхджындæргонд формæ арæхдæр арæзт цæуы фæсæфтуан -ид бафтаугæйæ: *бур-бурид, урс-урсид, цъæх-цъæхид, арф-арфид æ.а.д.*

Миногонты эмоционалон хуыздæттæг фæсæфтуанты тыххæй Багаты Никъала фыссы: «Суффиксы эмоциональной окраски придают качественным прилагательным характер ослабленного признака»[4], уыимæ нымайы продуктивон фæсæфтуантыл ирон æвзаджы -гомау: *бургомау, арфгомау, бæрзондгомау; -бын: бурбын, уæзбын, цъæхбын, хуырбын; -дзæф: мæллæгдзæф, æдылыдзæф, æррадзæф; æнæпродуктивон фæсæфтуантыл та: -аив: къулаив, зулаив, уырдыгаив;* -уст, кæцыйы тыххæй зæгъы: «Образует прилагательное со значением ослабленного признака только от слова *хъарм (хъæрмуст)»*[5].

Æппæт миниуæгæвдисæг миногонтæй ирон æвзаджы арæзт нæ цæуынц барæн æмæ уæлахизон бæрцытæ. Иу уидаг дывæр кæныны руаджы цы вазыгджын дзырдтæ рæзы, уыдон миногонтæ

[3] Медойты Б.Г. Нырыккон ирон æвзаг. Морфологи. Цхинвал, 2003. – 104 ф.
[4] Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч. I (фонетика и морфология). Орджоникидзе, 1965. – 201ф.
[5] Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч. I (фонетика и морфология). Орджоникидзе, 1965. – 202 ф.

куы вæййынц, уæд сын нæ вæййы барæн æмæ уæлахизон бæрцытæ, фæлæ фембæлынц æрмæст бындурон бæрцы: Галиуырдыгæй – *къæдзæх, уæле – гакъон-макъон фæндаг (Къ.).*

Нæ вæййы барæн æмæ уæлахизон бæрцытæ ахæм вазыгджын миногонтæн, куыд: *сæгъдзаст, бурдзалыг, æрвгъуыз æ.æнд. (Фæлгæсыди хъæдырдæм йе стыр æрвгъуыз, сыгъдæг цъæх цæстытæй (Цом.).*

Фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ ацы миногонтæн нæй стилистикон здæхт.

Йæ мидисмæ гæсгæ æвзаг кæй у социалон фæзынд, уымæ гæсгæ йæ сæйраг функци у информаци дæттын. Хъæугæ информаци та ис дзырдæн йæ семантикон арæзты, йæ стилистикон фæлгонцы.

Миногонæн йæхицæн ис бирæ алыхуызон денотативон æмæ коннотативон миниуджытæ. Зæгъæн ис, миногон у сæйраг инструмент аивадон ныхасы, уымæн æмæ уыдоны руаджы нæ ныхас кæны бæлвырддæр, нывæфтыддæр, хуызджындæр.



*МАМИАТЫ Таймураз*

# МАМИАТЫ-МАМИТЫ МЫГГАГ ЗНОНÆЙ АБОНМÆ

Алы ирон мыггагæн дæр ис йæхи истори, йæ равзæрды таурæгъ. Джыккайты Шамил йæ чиныг «Ирон таурæгътæ»-йы разныхасы зæгъы: «Махмæ фысгæ истори нæ уыд, æмæ нын фольклор у историон æрмæг, уый нын бакæны æнусты дуæрттæ, æмæ раргом вæййынц сæ сусæгдзинæдтæ. Уыцы хуызы эпос æмæ историон зарæджы æмрæнхъ нывыл ахадындзинад ис таурæгътæн. Ирон фольклоры æвдыст цæуынц мыггæгты равзæрд, сæ тох, сæ ахастытæ. Уыцы хабæрттæн вæййы æцæг бындур, æмæ хæстæг лæууынц историон таурæгътæм».

Таурæгъмæ гæсгæ, Наргомы цы 15 мыггаджы царди, уыдонæй Мамиатæ-Мамитæ дæр сты номдзыд Хетæджы байзæддæгтæ.

Хетæг уыдис Иналы кæстæр фырт, иннæ дыууæ фырты – Аслан æмæ Биаслан. Ахæм рæдыд хъуыдыгæнджытæ дæр ис, зæгъгæ, дам, хъыгагæн, Инал кæсгон кънйаз уыдис, фæлæ уый раст хъуыды нæу, бындур ын нæй. Æцæгдзинадæй, Инал йæ бинонтимæ уыдис, аланты байзæддагæй ма тæтæр-манголы ныббырсты фæстæ хæхты чи аирвæзт, уыдонæй.

Уæд, тыхы дуджы, кæсгон адæм уыйбæрц æфхæрд нæ баййæфтой æмæ хъомысджындæр уыдысты, аланты хохы цъассытæй ракæсын нæ уагътой. Цæмæй хъæздыг быдыртæм раирвæзой кæддæры сæхи фыдæлты зæххытæм, уый тыххæй та сæ кæсæг домдтой, цæмæй сын райсой сæ дин, ома, спысылмон уой. Всеволод Миллер ацы цауы тыххæй фыссы: «Из Кабарды же главным образом шла мусульманская пропаганда в среду осетин, из которых многие сменили на учение Корана свое древнее одичавшее христианство»*. Иналы бинонтæ дæр бар-æнæбары райстой пысылмон дин, фæлæ сæхи фыдæлтыккон дин дæр рохуаты нæ ныууагътой, се 'ртæ чъирийæ Стыр Хуыцаумæ куывтой. Æрмæст уæддæр Хетæг раздæрау фидар хæцыд йæ рагфыдæлты уырнындзинадыл дæр æмæ чырыстон диныл дæр. Цæхгæр нæ разы кодта пысылмон дин райсыныл.

* В.Ф. Миллер. Осетинские этюды, 596 ф.

Уæдмæ кæсæджы ‘хсæн Инал скадджын, бæрзонд бынат бацахста, фæлæ Хетæг куы нæ разы кодта пысылмон дин райсыныл, уæд бинонтæ дæр йæ ныхмæ систы, кæй уæрдоныл бадæм, уыдоны зарæг цæуыннæ кæнæм, зæгъгæ, æмæ йæ марынвæнд скодтой. Хæрзгæнæг ын йæ амондæн фæци, æмæ уæд Хетæг сæхи бæхты рæгъауæй дыууæ ‘фсургъы ракодта æмæ ралыгъди.

Йæ ных сарæзта Ирыстоны ‘рдæм. Ам сæвзæры фарст: «Кæд Инал кæсгон къниаз уыди, чидæртæ куыд хъуыды кæнынц, афтæмæй, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, уыди пысылмон диныл хæст дæр. Æмæ ма уæд Иналы бинонтæн, семæ Хетæгæн дæр, дыккаг хатт пысылмон дин цæмæн исын кодтой? Дыккаджы та Хетæг, фæдисонтæй лидзгæйæ, абоны Ирыстонмæ цæмæн лыгъди?»

1999 азы газет «Рæстдзинад»-ы фæзынд Уанеты Владимиры уац «Хетæгкаты Къостайы фыдæлты тыххæй». Хетæджы таурæгъ, дам, фыццаг хатт мыхуыры рауагъта 1837 азы академик Шегрен. «Цымыдисаг уый у, – фыссы Владимир, – æмæ Шегрен цы таурæгъ зыдта Хетæджы тыххæй, уым кæсæджы кой æппындæр нæй». Къостайы поэмæ «Хетæг»-ы Хетæг у кæсгон, фæлæ къухфысты та – ирон. Къоста йæ хъуыды куы аивта, уæд фыста: «Какая доля правды во всей этой легендарной истории, я не берусь судить, но думаю, что осетины в пору своего могущества навряд ли позволили бы какому-нибудь персиянину или кабардинцу алдарствовать над собой. А в горах при последующей отчаянной борьбе за существование было слишком тесно, чтобы какой-нибудь беглец из-за Кубани занял «лучший пункт» и разросся в поколение, дающее тон коренному населению».

Уæдæ, цæмæн лыгъди Хетæг Иры хæхтæм? Уымæн æмæ йе ‘мтуг адæм, сæ фылдæр йе’мдинтæ (ома, ирон адæм) кæцырдыгæй цардысты, уый зыдта, æмæ йæ зæрдæ дардта, ныфс æй уыдис, уыдон æй кæй суазæг кæндзысты.

Хетæг лидзгæ кæй акодта, уый йе ‘фсымæртæ æмæ кæсгæттæ куы базыдтой, уæд æй фæдисонæй фæсте расырдтой. Уæдмæ уый æрджынарæгæй æрбаирвæзт. Владимирмæ дарддæр байхъусæм: «Цæвиттон, Хетæг Гуырдзыстонмæ кæнæ Сомихмæ цæуылнæ алыгъд, уыдон дæр чырыстон адæм куы уыдысты? Йæ ных цæмæн сарæзта Ирыстоны хæхтæм æмæ, уырдæм цæугæйæ дæр, цæуылнæ æрбынат кодта Цъæйы кæнæ Нузалы, гъе та Куырттаты комы?»



**Къостайы 80 азы юбилей бæрæг кæнгæйæ.
Нар. 1939 аз.**

Суадаг кæм ис, уырдæм фæцæйхæццæ кодта хъæдмæ, ома мын тæссаг нал уыдзæн. Фæлæ йæм фæдисонтæ дæр хæстæгæй-хæстæгдæр кодтой, фæдисон та тызмæг æмæ æгъатыр у. Тыгъд быдыр. Кæцырдæм цы кæна? Йæ бæхтæ дæр нал фæразынц, æрхауынæввонг сты. Уæд Хетæг йæ фыртыхстæй скуывта Хуыцаумæ. Уæд æм æрвон хъæлæс хъуысы: «Хетæг, – хъæдмæ, хъæдмæ!». «Хетæгæн йæ бон хъæдмæ нал у, фæлæ хъæд – Хетæгмæ», – дзуапп радта.

Уыйадыл арв ныннæрыд. Суададжы къуылдымы фахсæй хъæды стыр къох фæиппæрд и, æмæ, Хетæг кæм уыд, уым æрбадт.

Хетæг йæ астæу фæци, бафæсвæд фæдисонтæй. Фæдисонтæ уыцы æнæфехъусгæ-æнæфенгæ диссæгтæ куы ауыдтой, уæд фæсонт сты, дзурынмæ дæр нал арæхстысты, куыд кæной, цы кæной, уый нал зонынц, сагъдауæй баззадысты. Æрæджиау, кæддæр-уæддæр сæхи æрæмбæрстой, сæ бæхтæ фæзылдтой фæстæмæ æмæ цыппæрвадыгæй лидзæг фесты.

Хетæг уыцы хъæды фæцард дзæвгар рæстæг. Хистæртæ-иу афтæ дзырдтой, зæгъгæ, къохы астæу уыдис цæстысыджы хуызæн сыгъдæг суадон. Адæм æм цыдысты сæхи дзæбæх кæныны тыххæй.

Уыдис æвдадзы хосау раст. Фæлæ этнограф Хъантемыраты Эльбрус зæгъы, нæ ирон адæм, дам, сæхи æнæуагæй æвдисын кæй райдыдтой, кувæндоны чъизи, æнæуаг митæ-иу кæй æруагътой, уый фыдæй суадон бахус, фесæфт.

Хетæг Куырттаты коммæ бафтыд. Цас дзы бафæстиат, уый бæлвырд никæцы таурæгъы загъдæуы. Ам цæры мыггаг Хетæгатæ (Хетаговы) æмæ, дам, уыдон сты Хетæджы байзæддаг…

Хетæг ахызт Туалгоммæ. Цмийы хъæуы дзы царди Бигъуыла æд бинонтæ. Хетæджы суазæг кодта, уый дæр цæрын байдыдта Цмийы.

Хетæг дæсны цуанонæй æвдыст цæуы таурæгъы, æмæ та Туалгомы дæр цуан кæнын байдыдта. Цмийæ Нары хъæумæ цы хуссарварс быгъдæг къуылдымтæ ис, уыдон, дам, уыцы заман тархъæдæй æмбæрзт уыдысты. Цуанон лæг та, цы хох, цы хъæд нæ басгара, уый сырдджын æнхъæл вæййы. Хетæг дæр,цуангæнгæйæ, сырдты фæстæ зилгæйæ, фæсхохмæ ахызт, Гуырдзыйы бæстæйы дæр æрзылди, фæзынди йын дзы æрдхæрдтæ, æвввахс зонгæ уыди Гуырдзыйы паддзахимæ дæр. Фæстæдæр, цуангæнгæйæ, арæхæй-арæхдæр æфтын байдыдта Гуырдзымæ. Хетæг сæрæн, æвзыгъд æмæ зондджын кæй уыди, уый Гуырдзыйы паддзах дæр æнæбафиппайгæ нæ фæцис, æмæ йæ бафæндыд, Хетæг сæ зæххыл, сæ фарсмæ куы ‘рцæрид, зæххы хай дæр ын радих кодта.

Фæлæ, дам, Хетæгæн фыны загъдæуыд: «Лæваргæнæджы зæхмæ ма фæцу, фæлæ дæхи ссаргæ зæххыл æрцæр æмæ йæ дæхицæй мауал суæлдай кæн».

Уæд та, цуаны цæугæйæ, æрбафтыд Нары тæссæрттæм. Къæдзæхы сæрмæ ссардта æрдуз æмæ йæ снысан кодта йæхицæн цæрæн бынатæн. Нармæ хæстæг амардта саг, йæ бæрæггонд бынатмæ йæ æрхаста, физонджытæ скодта, Хуыцау æмæ Бынатыхицауыл йæхи бафæдзæхста æмæ æрулæфыд. Æхсæвы та йæм фыны æрбадзырдæуыд: «Хетæг! Ам уыдзæн дæуæн дæ цæрæн бынат, æмæ дын ардыгæй хъуамæ рацæуа бæзджын цот, стыр мыггаг».

Райсомæй йæ бынат бæстондæр æрбæрджытæ кодта, дыууæ цæугæдоны кæм баиу сты, уыцы æрдæгсакъадах йæ зæрдæмæ уæлдай тынгдæр фæцыд. Иу уалдзыгон бон, бæстæ ирд тæмæнтæ калы, афтæмæй Хетæг, саг кæм амардта, уыцы хуссарварс байтыдта хъæддаг хоры нæмгуытæ. Сæрды æфсиртæ ныннæрстысты, æмæ

уæд бынтондæр скарста, ам æцæгдæр цæрæн бынатæн бæзгæ кæй у. Зæхх – хъæздыг, дон – хæстæг, хъæд – дæ фындзы бын.

Цасдæр рæстæджы фæстæ йæ фæнд раргом кодта йæ зæрдæхæлар фысым Бигъуылайæн, ома, кæд мын бар дæттыс,уæд хицæн ран æрцæрон. Бигъуыла, куырыхон æмæ дардмæ кæсаг æмæ уынаг, йæ чызгимæ сын сæ сусæг, хъарм ахастдзинæдтæ æнкъаргæйæ, йæ чызджы дæр радта Хетæгæн бинойнагæн æмæ сæ рафæндараст кодта. Мусонг æрцарæзтой. Стæй хохаг тъæпæнсæр хæдзар самадта. Нары къæдзæхы тæккæ рындзмæ хæстæг абон дæр лæууы фидар чъырын, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, чъырынæн йæ фидар къултæ. Хистæртæй бирæтæй хъуыстон, зæгъгæ, чъырын, дам, Хетæджы хæдзар уыдис. Таурæгъты дæр ацы æрдæгсакъадах æмæ чъырыны кой арæх æмбæлы.

Уæдæ Къоста дæр, йæ хистæртæй цы хъуыста, фысгæ дæр уый кодта. Очерк «Особа»-йы: «В Нарской котловине указывают и теперь в селе Слас на постройки, возведенные Хетагом. Указывают и место, где Хетаг убил оленя, – это подножье той скалы, на которой теперь громоздится аул Нар. Здесь указывают так же на воздвигнутую Хетагом постройку, где он поселился».

Ацы ран сын Мады-Майрæм балæвар кодта фырт Джиуæрджийы. Хетæг сырды фыд æмæ зæххы бæркадæй дардта йæ бинонты. Йæ фыртыл æртæ азæй фылдæр рацыд, афтæ та араст хæтæнты цуангæнгæйæ, фæсхохмæ, Гуырдзыйы бæстæм дæр та бафтыд, уым йæ рагон зонгæтыл фæзылд æмæ дзæвгар рæстæг бафæстиат. Фæстæмæ цæуынвæнд куы скодта, уæд йæ ‘мбæлттимæ хæрзбон загътой се ‘рдхæрдтæн.

Цæуынц, æмæ сыл фæндагыл иу зæронд лæг амбæлд, Хетæджы чи зыдта, ахæм. Сæ размæ бацыд æмæ Хетæгмæ дзуры: «Дæ байраджы мын ратт, æмæ дын æртæ дзырды, æртæ фæдзæхсты зæгъон, царды дæ æнæмæнг чи бахъæудзæн, ахæмтæ». «Æмæ дын æртæ дзырды тыххæй ныр хъуамæ мæ байраг куыд радтон», – дзуапп радта Хетæг æмæ дарддæр фæцæуæг ис. Зæронд лæг та хæстæгдæр фæндæгтыл йæ размæ фæци æмæ та йæм дзуры: «Хетæг, дзæгъæлы нæ разы кæныс. Ратт мын дæ байраг, æмæ дын зæгъон ахсджиаг æртæ фæдзæхсты, кæннод фесæфдзынæ». Хетæг дæр ахъуыдытæ кодта æмæ йæм йе ‘ргом радта.

«Хетæг! Уæдæ хъус лæмбынæг. Фыццаг – фæндагыл цæугæйæ дæ исчи куы хона уазæгуаты, уæд-иу сразы у.

Дыккаг – исчи дæ куы фæрса, сылгоймагæй нæлгоймагæй чи хуыздæр у, уæд-иу ма фæрæди. Зон, нæлгоймаг хуыздæр кæй у.

Æртыккаг – куы смæсты уай, искæй марыны онг куы суай, уæд дæ галиу къухæй дæ рахиз къух æрцахс».

Радта йын байраг.

Бон цæуы. Хуры фæстаг тынтæ ма хохы цъуппытыл дыдзы рухс кæнынц. Изæрмилтæ кодта, афтæ иу хъæдрæбын, доныбыл, цъæх-цъæхид фæзмæ æрбахæццæ сты Хетæг йе 'мбæлттимæ. Ам – диссаджы дзæнæты бынат, ам æхсæвиуат бакæнæм, ацы цъæх кæрдæгыл нæ бæхтæ дæр фаг фæхиздзысты, нæхæдæг дæр доны сатæгмæ баулæфдзыстæм. Куыддæр сæ бæхтæй æрфистæг сты, афтæ хъæды кæронæй разындысты цалдæр барæджы. Иу дзы разынд Хетæгæн йæ хорз æрдхорд, бынæттон Мухраны æлдар, цуанæй сæхимæ здæхтысты йе 'мбæлттимæ.

Кæрæдзиуыл бацин кодтой Хетæгимæ, æмæ Мухраны æлдар зæрдиагæй загъта: «Иууылдæр цæуæм нæхимæ, хорз зæрдиаг бадт фæкæнæм».

Хетæг сразы, фæлæ йе 'мбæлттæ нæ разы кæнынц. Иуæй дæрддзæфгомау у, иннæрдыгæй та, дам, ацы дзæнæты бынатæй кæдæм цæуæм.

Уæд Хæтæг иунæгæй йе 'рдхордимæ ацыд уазæгуаты. Кусарт ын акодта фысым, æвæрд сæнæй фаг гаджидæуттæ фæкодтой, хорз фæзарыдысты. Райсомæй Хетæг йæ фысымæн арфæ ракодта, хæрзбон ын загъта æмæ йе 'мбæлттæм рараст. Æрбахæццæ йæ зонгæ бынатмæ, фæтæн цъæх фæзмæ æмæ федта диссаджы æнкъард нывтæ. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй фæсæмбисæхсæв Хетæджы æмбæлттыл лекъаг абырджыты къорд æрбамбæлд æмæ сæ уацары акодтой.

Цæуы та дарддæр Хетæг, йæ фæндаг цыбырдæр кæны. Иу хъæумæ хæстæг та йыл æризæр, æмæ йæ иу хорз зонгæйы бацагуырдта Хетæг æмæ уыдонмæ бафысым кодта. Бадынц, минас кæнынц, ныхæстæ, таурæгътæ кæнынц, лæггад та сын кæны иу æрыгон чызг, хуртæ æмæ дзы мæйтæ кæсы, æгъдау – æфсармджын. Сæ фарсмæ сынтæджы базы сæр та бады хæфс æмæ йæ чызг рæстæгæй-рæстæгмæ абæрæг кæны, рохуаты йæ нæ уадзы. Уыцы хабæрттæм кæсгæйæ, Хетæг

сцымыдис æмæ йæ фысымы афарста, ацы сылыстæг дын чи у, зæгъгæ, стæй ацы хæфс базы сæр ахæм буц дардæй цæмæн дарут?

Фысым арф ныуулæфыд, фенкъардгонд ис æмæ радзырдта:

«Уый у мæ чындз. Базы сæр буц дардæй кæй дарæм, уыцы хæфс та у мæ фырт, сылгоймагæн йæ цардæмбал. Диссаджы разы уыдтæн мæ фыртæй, чындзæй дæр. Хæрзконд, хæрзуынд, æгъдауджын, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, ахæм гуырд. Цалдæр азы размæ йын адæмы хæлæг æмæ æдзæстуарзондзинад йæ амонд басыгътой. Чидæр ын цавæрдæр хинтæ æмæ кæлæнтæ скодта, æмæ йæ дарддæр дæхæдæг уыныс. Уæддæр мæ хъæбул у, æмæ йæм уыцы зæрдæ дарын».

Йæхæдæг та арф ныуулæфыд æмæ йæ цæстытæ доны разылдта. Иу уысм æнæдзургæйæ абадтысты, стæй Хетæджы сонтфарст акодта йæ фысым: «Зæгъ-ма, Хетæг, дæ хорзæхæй, сылгоймагæй нæлгоймагæй чи хуыздæр у, стæй хæфсæй ацы чызгæй дæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы цæуы?».

Хетæг хъуыдыты аныгъуылд, æмæ та уыцы зæронды дыккаг фæдзæхст йæ зæрдыл æрбалæууыд. «Макуы фæрæди, нæлгоймаг хуыздæр кæй у, уый дæ ма ферох уæд».

«Кæй зæгъын æй хъæуы, хæфс мæ зæрдæмæ тынгдæр цæуы, уый та уæддæр нæлгоймаг у», – уыдис Хетæджы дзуапп.

Уыйадыл хæфс нæрсынтæ байдыдта, фæстагмæ нытътъæпп ласта, атыдта, æмæ сæ размæ рахызт хæрзконд, саджы фисынтыл амад нæртон гуырд. Фысым Хетæгæн хъæбыстæ кæны, арфæты бын æй фæкодта, фырцинæй йæ аныхъуырынмæ дæр хъавы. Хетæг та не ‘мбары, цæй тыххæй. Æрæджиау ын фысым бамбарын кодта, «Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ мæ фыртæн уыцы хинтæ-кæлæнтæ куы скодтой, уæд æй кæдæм нæ фæкодтам, кæцы хосгæнæгмæ нæ уыдыстæм, фæлæ хъуыстам уыцы иу дзуапп: мæнмæ йын хос нæй, мæ бон уын ницæмæй у баххуыс кæнын. Æрмæст нын иу зæронд хосгæнæг загъта, цалынмæ дзы исчи раппæла, уæдмæ йын хосгæнæг хос не скæндзæн. Хетæг, ды дæ нæ ирвæзынгæнæг! Ды дзы раппæлыдтæ, æмæ та ныр нæ цард йæ гаччы сбаддзæн».

Стыр куывд скодта. Хетæджы дæр цалдæр боны баурæдта, стæй йæ стыр лæвæрттимæ рафæндараст кодта. Хетæг та цæугæ-цæуын хъуыдытæ кæны, диссаджы куырыхон, дардмæ уынаг зæронд лæг, йæ дыккаг фæдзæхст дæр та æрцыди, зæгъгæ.

Цæуы Хетæг зæрдæхъæлдзæгæй. Фæсæмбисæхсæв æрхæццæ Нармæ. Поты фæзы йæ бæх хизынмæ ауагъта, йæхæдæг фистæгæй араст йæ хæдзармæ. Бахызт сабыргай хæдзармæ, кæсы, æмæ йæ бинойнаджы фарсмæ цавæрдæр нæлгоймаг хуыссы, дыууæйæ дæр фынæй кæнынц. Хъама йæ кæрддзæмæй сласта, хæрдмæ йыл куыд схæцыд ныццæвын æввонг, афтæ та зæронды æртыккаг фæдзæхст йæ хъусты азæлыд, куы смæсты уай, искæй марыны онг куы суай, уæд…

Йæ галиу къухæй йæ рахиз цонгыл фæхæцыд. Йæ хъама тъахтины фисыныл æрсагъта, нæлгоймаджы худ йемæ райста æмæ фæстæмæ Поты фæзмæ æрцыди. Йæ саргъ йæ сæры бын бакодта, йæ нымæтæй йæхи æрæмбæрзта æмæ æрфынæй. Райсомæй йæ цардæмбал кæсы, æмæ йæ лæджы хъама тъахтиныл, йæ лæппуйы худ йæ бынаты нал ис, дис кæны. Рахызт уæлхæдзармæ, кæсы, æмæ Поты фæзы чидæр хуыссы. Йæ фырты райхъал кодта, Поты фæзмæ йæ рарвыста, далæ уыцы лæгæн зæгъ, фысым бакæн, зæгъгæ. Лæппу æрцыд, йæ мад ын куыд бафæдзæхста, афтæ бакодта.

Хетæг фестад, ды кæй лæппу дæ, зæгъгæ, йæ афарста. Æз Хетæджы фырт Джиуæрджи дæн, зæгъгæ йын дзуапп радта лæппу. Хетæг æй æрбахъæбыс кодта, йæ худ ын йæ сæрыл æрсагъта, æмæ араст сты сæхимæ. Æнæдзургæйæ цæуы, фæлæ йæхинымæры та уыцы зæронд лæгæн арфæтæ кæны.

Ацы таурæгъы кæронæн ма ис æндæр хуыз дæр.

Райсомæй Хетæджы бинойнаг куы райхъал, уæд федта Хетæджы хъама тъахтины къухы сагъдæй, æмæ бадис кодта. Рацыд хæдзарæй. Поты фæзы ауыдта лæджы хуысгæ. Сласмæ ссыди æмæ радзырдта, Хетæджы хъама куыд ссардта, йæ лæппуйы худ куыд фæтар ис, Поты фæзы та чидæр куыд хуыссы, уыдæттæ.

Слас фæфæдис сты Сидты (Поты) фæзмæ. Дзурынц Хетæгмæ. Хетæг сыстад æмæ сын дзуапп радта: «Чидæр хуыссыд мæ хæдзары мæ бинойнаджы фарсмæ, æмæ уæд æз дæр ардæм рацыдтæн». «Уый дæ фырт куы у, уæд æй чидæр цæмæн хоныс?» – загътой йын Слас. Хетæг ссыди сæхимæ, Джиуæрджи йæ куы ауыдта, уæд ыл йæхи баппæрста æмæ йæ йæ хъæбысы ныккодта. Хетæг ын йæ худ радта æмæ йе ‘нæуууæнкдзинадыл фæфæсмон кодта.

Рæстæг цæуы æмæ йæхиуæттæ домы æмæ кæны. Джиуæрджи бахъомыл. Бинонты хъуыддаг бакæныны кары бацыд. Бинонты

хъуыддаг бакодта, ӕмӕ йын ацы рухс дунемӕ рантыст дыууӕ фырыхъулы хуызӕн лӕппуйы: Мами ӕмӕ Мамиа. Ацы дыууӕ лӕппуйы цардвӕндаг фаг иртӕстгонд кӕй нӕма ӕрцыд, уымӕ гӕсгӕ кӕмдӕрты дызӕрдыгдзинад дӕр сӕвзӕры. Къоста «Особа»-йы фыссы Джиуӕрджийы фырт Мами ӕмӕ йе ‘фсымӕры тыххӕй, фӕлӕ, хъыгагӕн, уыцы ӕфсымӕры ном нӕ амоны.

Таурӕгъгӕнджытӕн та сӕ фылдӕр зӕгъынц: Джиуӕрӕн уыд дыууӕ фырты – Мами ӕмӕ Мамиа. Нары зылды цы фынддӕс мыггаджы царди, уыдон иууылдӕр нымад сты Хетӕджы байзӕддӕгтыл. Гъе, ӕрмӕст дзы чи кӕцы фырты цот у Мами ӕмӕ Мамиайӕ, уый цӕмӕндӕр, ӕмхӕццӕтӕ кӕнынц. Кӕцыдӕр таурӕгъты зӕгъдӕуы, дыккаг ӕфсымӕр Мамиайӕн, дам, цот нӕ рацыд.

Фӕлӕ ацы бӕлвырд хъуыддаджы ныхас Мамиатыл-Мамитыл кӕй цӕуы, уымӕ гӕсгӕ дзурдзыстӕм уыдоны равзӕрды тыххӕй. Кӕцыдӕр таурӕгъты загъдӕуы, нӕ мыггаджы рагфыдӕл уыдис Мамиа, зӕгъгӕ. Фӕлӕ ӕндӕр таурӕгъгӕнӕджы хъуыды у, ома, Мамиайӕн цот нӕ рацыд. Афтӕмӕй нӕ чызджытӕ чындзы куы ацӕуынц, уӕд сӕм дзурынц «Мамион»-ӕй. Стӕй ма байхъусӕм зындгонд ахуыргонд-этнограф Калоты Барисмӕ дӕр.

Уый йӕ чиныг «Полевые записки»-йы Хетӕджы таурӕгъы тыххӕй фыссы: «Предания о происхождении фамилий Нарской котловины и ее боковых ответвлений записаны от разных информаторов в нескольких вариантах, отличающихся друг от друга. По одному, по-видимому, более близкому к реальности варианту, оно представлено так:

От Хетага родился Джиуӕрджи, от него Мами и Мамиа. Сыновьями Мамиа считаются Гоцъи, Джио, Бырнац, Дзанай; от которых пошли фамилии Джиоевых (Гиоевых), Бурнацевых, Джанаевых. Фамилии же Дзидахановы, Балаевы, Отараевы – от сыновей Гоцъи – Дзида, Зака, Отара. От сына Мами от второго брака: Козыревы, Саутиевы и Мамиевы – от сыновей Мами – Козыра, Сакко и Дзуй.

По другим данным, полученным в 1932 году, Хетаг имел двух жен. От одной из них родился Джиуӕрджи, от другой Гаджи. Сыновьями Джиуӕрджи были Мами и Мамиа, а сыновьями последнего – Гоцъи, – Джио, Дзанай, Бырнац, от которых происходят фамилии Джиоевых, Джанаевых, Бурнацевых. Гаджи же считается отцом Губа, Ногъай, Тото – предком фамилий Губаевых, Ногаевых, Тотиевых. Как видим,

среди приведенных фамилий нет Хетагуровых, как и некоторых других потомков Хетага, например, Дзапаровы. По-видимому, они появились в более позднее время. Отметим также, что с ростом популярности Коста Хетагурова многие из тех, кто прежде носил перечиленные выше фамилии, стали записывать себя Хетагуровыми.

Таким образом, несмотря на некоторые расхождения в преданиях, во всех вариантах Хетаг считается общим предком большой родственной группы, при этом следует отметить, что для последней была характерна эндогамия, весьма редкая в Осетии».

Калойы-фырты хатдзæгтæ мæм æппæтæй растдæр кæсынц.

Кæд афтæ нымад æрцыд, уæд мах дæр ныххæцæм Калойы-фырты хатдзæг æмæ хъуыдыйыл, ома, Мами уыдис нæ рагфыдæл: Мамиатæн-Мамитæн, Саутæтæн, Кодзыртæн… Мами бинонты хъуыддаг куы бакодта, уæд цæрæн бынатæн равзæрста абоны Фаллагком. Нарæй иу 1500 метры бæрц хуссарырдæм куы бауайæм, уæд Захъадоны рахизфарс ис цыбыр æмæ нарæг, фæлæ аив, зæрдæмæдзæугæ ком – уый у Фаллагком. Ком рæбынæй дыууæ дихы фæци: Гнугъы ком æмæ Хъадагом. Ацы комы дæттæ кæм баиу сты, уый тæккæ рындзы бын æрбынат кодта нæ рагфыдæл Мами. Мамиатæн-Мамитæн сæ уидаг кæцæй равзæрд, уыцы хъæу у Сауыбын.

Цыбырæй æнæ зæгъгæ нæй хъæуы æнахуыр ном «Сауыбын»-ы тыххæй. Хъæуы сæрмæ тæккæ рындзыл абон дæр ма фидарæй лæууы æнусон егъау нæзы бæлас, æвæццæгæн ыл цæудзæн мин азмæ ‘ввахс. Йæ быны ис нæ рагфыдæлты кувæндон «Сауы Уастырджи». Нæзы бæласæй ма, æвæццæгæн, иу 300-400 метры уæлдæр, уый дæр тæккæ тигъыл, рындзы фахсыл лæууы къаннæг пæлæхсар тулдз бæлас. Ацы бæласы бын дæр ис кувæндон «Сауы Мыкалгабыртæ», адæм ма йæ хонынц Мамиаты-Мамиты Дзуар дæр.

Ацы дыууæ бæласæй уæлæмæ цы уæлхох къуылдымтæ ис суанг æфцæгмæ, уыдон кæддæр хъæдæй æмбæрзт уыдысты, ахизæн дæр дзы нæ уыди, ахæм тархъæд. Тархъæд кæнæ саухъæды бынмæ хъæуы бынат кæй сæвзæрд, уымæ гæсгæ йæ схуыдтой Саухъæды бын хъæу. Бонтæ цыдысты, æнустæ ивтой æнусты, фæлтæртæ – фæлтæрты, æмæ, æвæццæгæн, топоним «Саухъæды бын» зындæр дзурын кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæ хонын райдыдтой «Сауыбын», æмæ æнусты сæрты махмæ дæр уыцы номимæ æрхæццæ.

Уæлдæр кæй кой скодтон, суанг æфцæгмæ гæмæх къуылдымтæ хъæдæмбæрзт уыдысты, зæгъгæ, уымæн ма XX æнусы 40–50-æм азты æвдисæн уыдысты бæлæсты æрдæгæмбыд бындзæфхæдтæ. Иннæ æвдисæн та ма уый, æмæ ма комбæсты цæрæг куы уыди, фос парахатæй куы дардтой, уæд ацы нæухох къуылдымты иу бæласы тала хæснагæн ссарынмæ дæр нæ уыд, цы дыууæ бæласы кой скодтон, уыдонæй дарддæр. Ныр комбæстæ федзæрæг 50 азæй фылдæры размæ, æмæ та уыцы къуылдымтæ ногæй фæхъæд кæнынц. Уый, æвæццæгæн, æрдзы фидар, æнæфехæлгæ фæтк æмæ æгъдау у, Хъæд дæр йæ райгуырæн бынат уарзы æмæ йæ нæ ивы. Йæ фыдæлты «уидаг» кæм уыди, уым та фæзынд ног фæлтæры талатæ, кæцытæ ныр арвыл æндзæвынц æмæ бонæй-бон фылдæр быдыртæ ахсынц. Рæхджы та уыцы къуылдымтæ тархъæдæй æмбæрзт æрцæудзысты, æмæ та уæд, гæнæн ис, нæ хъæу «Сауыбын»-æн йæ рагон фыццаг ном, Сау хъæды бын сног уа, уæвгæ хъæу нæ, фæлæ хъæууат.

Рæстæг дугъон бæхæй тагъддæр тæхы. Фæлтæртæ дæр ивгæ цæуынц. Мамийы-фырттæй Сакко-Саутæтæ бафтыдысты Нары зылды Гуыркъуымты комы – Сохсатмæ æмæ уырдыгæй рабирæ æмæ рапырх сты Ирыстоны алы хъæутæ æмæ горæттæм. Кодзыры мыггаджы цардвæндаг гыццыл дызæрдыггонд у. Иуæй-иу таурæгъты загъдæуы, Хъуды комы, иннæ таурæгъты та – Хохы Санибайы æрæнцад сæ бындур, зæгъгæ. Хохы Саниба æцæгдзинадмæ æввахсдæр лæууы, мæнмæ гæсгæ дæр, ам ма сæ фыдæлтыккон мæсыг дæр æнæхъæн у. Æвæццæгæн, Хъуды коммæ дæр Санибайæ бафтыдысты, фæстæдæр та, XIX æнусы, рапырх сты Иры хъæутæ æмæ горæттыл.

Мамийæн йæ иннæ фырт – Дзуй, Мамиатæ-Мамиты фыдæл – Саубыны цæргæйæ баззад, æмæ йын рацыд бæзджын цот. Фаллагкомы сын зæхх куынæуал фаг кодта, уæд сæм ног хъæутæ фæзынд. Абоны таможняйы бынаты уыдис Еспейы хъæутæ æртæ: Уæллаг Еспе, Астæуккаг æмæ Дæллаг Еспе, æмæ дзы цардысты Мамиатæ. Фæзынд дзы ноджыдæр Бетъреты хъæу.

Нæ мыггаг «Особа»-йы дуджы нымад уыдис «стыр æмæ тыхджын» мыггагыл.

Цалдæр ныхасы ма, нæ мыггаг дыууæ хуызы фыст кæй цæуы, уый тыххæй. Ацы «низæй» æрмæст мах мыггаг нæ хъæрзы, фæлæ

ма бирæ æндæр ирон мыггæгтæ дæр. Ирæн йæ цæгатварс чи цæры, уыдон фыссынц æмæ дзурынц Мамиатæ. Хуссарварс та – Мамитæ. Уырыссагау та фыссæм æмхуызон – Мамиевы.

Гъеныр дзы кæцы растдæр у, уый зæгъын иу лæгæй мæнæн тынг зын у. Йæ сраст кæнын та ноджы зындæр. Иу хъуыддаг та бæлвырд зонын, хурау бæрæг у. Цæгатæй Хуссармæ нын иу рагфыдæл Мами-Дзуй кæй уыди, нæ уидаг иу хъæу Сауыбынæй кæй рацыд. Ацы бæлвырд хъуыддагыл та æз æппындæр гуырысхо, дызæрдыг дæр нæ кæнын. Ирд æвдисæн та – Цæгат Ирыстоны Паддзахадон архивты 1886 азы фыстытæ. Уырыссаг æмбисонд куыд зæгъы: «Что написано пером, не вырубишь топором». Уыцы архивон документтæ æппындæр дызæрдыг кæнын нæ уадзынц. Ам бирæ фыды фырттæ-бинонтæ куыд æмæ кæдæм алыгъдысты, уый бæлвырд фыст у. Дызæрдыг чи кæна мæ хатдзæгтыл, ома, Цæгатæй Хуссармæ иу туг, иу стæг стæм, нæ рагфыдæл иу кæй уыди, уыдæттыл, уый та бацæуæд Цæгат Ирыстоны паддзахадон архивмæ æмæ рафæлдахæд: Посемейные списки 1886 г. ф.30 оп.1. д.72; 76; 80а; 88; 85а. Ацы æмæ ма ноджы æндæр архивон документтæм чи æркæса, уымæн йæ дызæрдыгдзинад, фæззыгон мигъ куыд æрбайсæфы, афтæ æрбайсæфдзæн.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй нæ мыггаджы минæвæрттæ сæ цардæн хуыздæр уавæртæ æмæ фадæттæ агурæг фæлыгъдысты Ирыстоны алы горæттæ æмæ хъæутæм. XXI æнусы райдайæны бæрæггæнæнтæм гæсгæ, нæ мыггаджы минæвæрттæй кæмыты цал хæдзары æрцард, уыдоны номхыгъд лæвæрд цæуы дæлдæр. Уæрæсейы алы рæтты чи цæры, уыдон нымад не ‘рцыдысты.

1. Дзæуджыхъæу – 96 хæдзары
2. Ногир – 6
3. Заводы поселок – 4
4. Михайловское – 1
5. Октябрыхъæу – 8
6. Æрхонкæйы – 1
7. Мичуриныхъæу – 1
8. Кировыхъæу – 5
9. Къостайыхъæу – 8

| | | |
|---|---|---|
| 10. | Хъæдгæрон | – 7 |
| 11. | Æрыдон | – 3 |
| 12. | Алагир | – 8 |
| 13. | Беслан | – 8 |
| 14. | Ольгинскæ | – 2 |
| 15. | Цæлыкк | – 3 |
| 16. | Брут | – 2 |
| 17. | Елхот | – 7 |
| 18. | Мæздæг | – 2 |
| 19. | Н.Георгиевск-2 | – 2 |
| 20. | Полтавко | – 3 хæдзары |

Ирæн йæ Хуссарварс

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Цъунар – Къостайыхъæу | – 26 хæдзары |
| 2. | Убиат | – 3 |
| 3. | Цхинвал | – |
| 4. | Мамитыхъæу | – 21 |

Мамитыхъæуы 1991 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ æдæппæт царди 29 хæдзары. Уыдонæй:

| | |
|---|---|
| Мамитæй | – 21 |
| Гæбæратæй | – 3 |
| Гæззатæй | – 3 |
| Козатæй | – 1 |
| Тедетæй | – 1 |

Абон ацы диссаджы рæсугъд æмæ уарзон хъæу федзæрæг. 1990 – 1992 азты Хуссар Ирыл гуырдзы арт куы бандзæрстой, уæд Мамитыхъæу дæр сау æвзалы фестын кодтой, йæ адæм та алырдæмыты фæлыгъдысты.

Куыд фæзæгъынц, мыггаг тыхджын æмæ кадджын вæййы лæгæй, йæ адæмæй. Уæдæ нæ мыггагæн дæр уæлдай фылдæр кадгæнджыты æрымысæм. XIX æнусы нæм ахуыргонд адæм бынтон арæх нæма уыдысты, фæлæ дзы уæддæр иукъорд фæзынди. Мамиаты Гигойы фырт Цан (Чан) – æхсæнадон архайæг, ахсджиаг документы йæ къух бафыссыны бар кæмæн лæвæрдтой.

1. Алымбеджы фырт Андрей – дины кусæг, рухстауæг, сывæллæтты ахуыргæнæг, Уæрцъийы сауджын дæр ма йæ хуыдтой.

2. Хæдахуыр геолог, хæххон згъæртæ, алыхуызон минералтæ иттæг хорз чи иртæста, зындгонд геолог Ванявины æххуысгæнæг – Давид.

Уæдæ Уырысы паддзах ирон фæсивæды дæр хъазахъхъаг службæмæ кæнын куы байдыдта, уæд нæ мыггагмæ дæр фæзынд дзæвгар афицертæ паддзахы æфсады. Йæ хæрзиуджытæй хорзæхджынгонд æрцыд уырысссаг-туркаг хæстыты архайджытæй 14 афицеры, уыдонæй иу Филимон – Георгийы дзуары æххæст кавалер; Андрей та – Георгийы иу дзуар райсæг.

Фыццаг дунеон хæсты 1914 – 1916 азты нæ мыггагæй архайдтой авд æй: Алыксандр, Дидо, Григол, Лади, Сосæбе, Михал æмæ Аврам. Уыдонæй фыццаг æртæ – хæрз æфсымæртæ (Ростъомы фырттæ).

Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ нæ мыггагæй фæцыди 74 адæймаджы, уыдонæй 43 сæ къонатыл нал сæмбæлдысты.

Хæсты фæстæ уæззау азты æппæт хæдзарæдтæ дæр пырхгонд æмæ зауатмæ куы æрцыдысты, æппæт дæр ногæй аразын куы хъуыди, уыцы уæззау заманты нæ мыггагæй уыди дыууæ министры æмæ иу министры хæдивæг.:

Мамиаты Ильяйы фырт Моисей – мидхъуыддæгты министр; Мамиаты Къостайы фырт Михаил – финансты министр; Мамиаты Барис (Батырбег) Ильяйы фырт – Мидхъуыддæгты министрады сæрмагонд хайады хицау (министры æмвæзадыл нымад, уыд комкоммæ Мæскуыйы дæлбар).

Ивгъуыд XX æнусы нын нæ мыггаджы хуыдтой дохтырты мыггаг. Уыдис нæм 27 дохтырæй фылдæр. Хуымæтæг медицинон хойæ райдай æмæ профессоры онг.

Фæлæ та уæддæр, нæ лæугæ хох, нæ цæугæ мæсыг чи у, сæрыстыр кæмæй стут, куы бафæрсай кæйфæнды дæр мыггагæй Цæгатæй Хуссармæ, уæд дын сæрыстырæй зæгъдзæн: «Номхæссæн Мамион Хъарадзау – Мамиаты-Мамиты мыггаджы тырыса».

# ДОЦОТЫ ЗОЯ

*(1939-1973)*

*Доцоты Дудары чызг Зоя райгуырд 1939 азы 7 сентябры Ногхъæуы.*

*Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Дзæуджыхъæуы педагогон училищемæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис. Куыста ахуыргæнæгæй, йæхæдæг цы скъолайы схъомыл æмæ иттæг хорз зонындзинæдтæ кæм райста, уым.*

*Ноджы ма рæзыд дæсны ахуыргæнджыты чызгæй: Дудар амыдта уырыссаг æвзаг æмæ литературæ, Зояйы мад Цæлыккон Радимхан та уыд райдиан кълæсты ахуыргæнæг.*

*Ахуыр кæнын йæ туджы кæй уыд, уымæ гæсгæ Зоя фæсаууонмæ фæцис Къостайы номхæссæг Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институт. Уый фæстæ фæлварæнтæ радта Литературон институтмæ Мæскуыйы. Æрмæст ын дзы кæрæй-кæронмæ фæцахуыр кæныны фадат нæ фæцис: тынг зынтæй сдзæбæхгæнæн низ ыл стыхджын, æмæ…*

*Ирон литературæйæн стыр зæрдæныфсыхос курдиатджын æрыгон фыссæг фæхъуыд йе ´мгæртты рæнхъæй 1973 азы 9 апрелы. Нæй, нæ та нын бауарзта куырмдзæф хъысмæты цæст ацы суинаджы рæсугъд фидæн фенын дæр.*

*Æвзонгæй радта Зоя йæ зæрдæ литературон сфæлдыстадæн: фыста чингуытыл рецензитæ, критикон уацтæ – 1965 азæй-иу ын «Мах дуджы» фæзындысты. Стæй уæд байдыдта хæдхуыз новеллæтæ æмæ радзырдтæ фыссын дæр. Фæлæ йын æрмæстдæр тæнæг чиныджы цъары тыхтæй рацыдисты 1976 азы, «Дзæгъæлдзу дымгæ», зæгъгæ, – æхæм сæргондимæ.*

*Æвгъау уыд, бæргæ, фæлæ йæхæдæг та ма ´вгъау кæнæд йæ хæрзаудын ирон аив дзырды хæрзæбонæн. Уæлæуыл удæнцойæ цы нæ бавзæрста, уый йын, цы æнусон рухсы ис, уым удыбæстæйæ фидæд Æцæг дунейы бардуаг.*

*Мыггагмæйы рыст дæ, мыггагмæйы, ирон литературæ сæ уд сæ дзæцц кæмæн у æмæ ма уыдзæн, уыдонæн, Зоя.*

*ГУСАЛТЫ Барис*

*ДОЦОТЫ Зоя*

# ХАНТЫ ЦАГЪД

*Радзырд*

Ӕнгузы бын зæронд тъахтиныл æркъул кодта Дзæлиго, йæ нывæрзæн хъулонцъарджын мутакан акодта, йæ зæнгтыл та, кæд уазалы тыххæй нæ, уæддæр йæ бæзджын кæлмæрзæн æрæппæрста. Фæлæ тæхудиаг фæуæд, боныгон хуыссæг æмгæрон дæр кæмæ ‘рцæуы искуы...

Чындзытæй исчи куы ‘рбауайа, уæд та сын хъыг уыдзæн, ома, мидæгæй цъæтджын сынтæджытæ цалдæр, тыргъы ногæлхæд фæлмæн диван, уæд дæм хъæбæрыл хуыссын цæмæй хорз кæсы, зæгъгæ. Ӕмæ, æцæг, истытæ хъуаг нал у Дзæлигойы хæдзар, истытæ хъуаг не сты йæ цыппар уаты... Уæттæ не сты – дзуары бадæнтæ, Хуыцауы цæст сæ дзæбæхæй бауарзæд... Ног хæдзармæ куы ивтой æндæраз, уæд сæ фыдæлтыккон хæррæгътæй иу дæр нæ бахастой уырдæм: къамоды зæрондæй уа, тъахтинæй, табуреткæтæй – иуыл дзы нал барвæссыдысты чындзытæ, сæ бæсты сын ногæлхæд æрттивгæ дзауматæ æрæвæрдтой алы уаты.

Искуы йæ чындздзон сынтæгыл сыстырзæрдæ уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыд Дзæлиго, фæлæ, тæригъæд ын ма уæд, сарайы чъылдыммæ ахауди уый дæр. Уым кæрдойы бын лæууы, мæгуырæг, сæрдæй-зымæгæй. Уары йыл, ныкъкъæдзтæ ис хурмæ, ныззылынтæ, фæлæ цы чындæуа? Гыццыл не сты авд æмæ дыууиссæдз азы. Адæймаджы куы базæронд кодтой кæддæры рæсугъд Дзæлигойы. Уæд уый та сынтæг йеддæмæ ницы у...

О, дыууæ сынтæджы та ма айфыццаг кæстæр лæппу горæтæй æрхæццæ кодта. Сæхицæн, куыд дзуры, афтæмæй цавæрдæр æнахъинон хъæдын сынтæджыытæ сласта Мæскуыйæ æмæ сæхи- уæттæ та – ардæм, нал, дам, фидауынц. Цæхæркалгæ æрттивагкъух сынтæджытæ, æмæ сæм хъусыс, нал фидауынц. Хуыцау! Хъыг дæм ма фæкæсæнт йе ‘васт ныхæстæ...

Фæлæ чындзытæ сæхи дæр нæ уынынц ныртæккæ. Нæма æрхæццæ сты æмæ та куыстытæ бацагуырдтой сæхицæн. Змæлынц ныр æртыккаг бон, зилæнтæ кæнынц сарайы, уæтты, сæ къахайстыл

цæст нæ хæцы. Кæрты æмæ цæхæрадоны алырдæм лыстæг синæгтæ анывæзтой æмæ сыл ногæхсад гæрстæ райтыдтой. Миты къæрттæй ирддæр гæрстæ. Фадæттæ дæр сын ис, къухæй сæ не ‘хсынц, мыййаг, – машинæйæ. Фæлæ машинæимæ дæр арæхстджын хъæуы, æмæ алцæмæ дæр арæхсынц Дзæлигойы чындзытæ...

Сарайы даргъ стъол вареннæйы банкæтæ æмæ баллонтæй нал зыны, уæддæр ма кæхцы дзаг æхсынцъытæ æхсы хистæр чындз къранты бынмæ. Чи сæ хæры? Æндæраз кæй сфыхта Дзæлиго, ахæм вареннæтæ дæр ис нырма йæ ныккæнды, фæлæ уадз æмæ уæнт. Ис мæгуыры хос нæу, фыдгулмæ мацы уæд æдзæлладжы тыххæй... Хорз чындзытæ ис Дзæлигойæн, йæ уд сæ фæхъхъау. Йæхæдæг дæр сæ æгайтма æнæхæдзар нæ фæкодта, æгайтма кæстæры фæндыл нæ ацыд иудадзыг... Цымæ кæрæдзийы зонд кæм бамбариккой ныр йæ æртæ чындзы, иумæ кæм ахъазиккой йæ сывæллæттæ – йæ хуры фæрдгуытæ. Æниу, кæд мæрдты исты ис, уæд зæронд та цы загътаид?..

Æнамонд зæронд!.. Йæ былтæ-иу хордта йæ сабиты мæнæ афтæ йæ кæрты æмбырдæй фенынмæ, фæлæ никуы сси амал... Йæ амæлæты размæ цалдæр боны тыххæй хонинаг сси мидæмæ. Æппынæдзух бадти йæхи конд фæйнæг бадæныл æмæ æнæзмæлгæйæ кæдæмдæр касти. Æвæццæгæн, фæндагмæ, ома, кæд сывæллæттæй исчи тигъæй æрбазынид, зæгъгæ. Нæ, ничи æрбазынди уæд Хæчъассæйы цотæй, никæй сæ федта фæстаг фондз мæйы уæд та йæ фыны, афтæмæй нал райхъал ис иу райсом... Зын та куыд нæу, уæвгæ дæр? Æхсæз сывæллоны схъомыл кæн, æрхъæцмæ сыл макуы хъæц, раст фæндæгтыл сæ арвит, гъе, æрмæст сæ дæ фæстаг бон иу дæ разы ма уæд... Цы гæнæн ис? Ахæм у рæстæг, ахæм у цард. Æрмæст Хæчъассæйы цоты нæ байтыдта арвы кæрæтты... Æхсæзæй дæр сахуыр кодтой (æндæр дис нал уыди хъæуы). Æртæ чызджы уайтагъд агурджытæ фæци. Бæргæ, хæстæгдæр сæ куы цæрид исчи, фæлæ сæ иуæй иннæ дарддæр, цы сæ бон у?.. Уæдæ лæппутæй дæр сæхи хъæуы кусгæ никæмæн рауад. Къуындæг сын у ныр чысыл Мыртгæджжын, æндæр сты уыдонæн сæ фæзилæнтæ, æндæр – сæ авналæнтæ... Хистæр афицер у. Дард бæстæм æй арвыстой, æмæ уым кусы ныр ацал-ауал азы. Кæд афæдз иу уад скæны, уæд стыр бæрæгбон вæййы йæхицæн дæр æмæ бинонтæн дæр... Астæуккаг

та инженер у. Уæрæсейы сахуыр кодта æмæ, бæргæ, ацырдæм куы ссыдаид кусынмæ, нæхимæ хæстæгдæр, фæлæ, куы фæци каст, уæд æй уыцы скъолайы ахуыргæнæгæй баурæдтой. Кæстæр лæппу дæр инженер. Куы сахуыр кодта, уæд æй Сыбырмæ арвыстой кусынмæ, фæлæ азмæ сыздæхт æмæ ныр нæхи горæты кусы заводы. Цы чындæуа, ахæм у рæстæг...

Фæлæ, дард уæвгæйæ дæр, йæ ныййарджыты рохуаты чи ныууадзы, уыдонæй никуы уыдысты Хæчъассæ æмæ Дзæлигойы цот. Се 'ххуысы хай сын кодтой æппынæдзух, Хæчъассæ ма-иу мæсты дæр раци, мах бирæ нæ хъæуы, уæхи та цæрын кæй хъæуы, уый рох ма кæнут, зæгъгæ. Уæдæ ахæм бон никуы уыд, æвæццæгæн, æмæ сæ зæронд кулдуары зыхъхъыры ног газеттимæ фыстæг дæр ма разына. Кæйдæрты цотау сæхиуыл мæт кæнын никуы бауагътой. Уæдæ цæугæ дæр кодтой. Цас рауайæнтæ ис кусгæйæ, фæлæ сæ уæддæр искæмæн амал фæуæд, æндæр-иу ам æрбалæууыдысты: чи æхсгæ уад, чи æнæхъæн къуыри. Гъе, æрмæст сын иумæ æрцæуыны амал никуы фæци. Никуы сæххæст зæронд фыды бæллиц... Æрмæст йæ ныгæнæн бон æрæмбырд сты. Кæрты йæ куы æрæвæрдтой, уæд йæ чырыны алыварс лæууыдысты æхсæзæй дæр. Дæлгæмттæ йыл кодтой, згъæлдтой йыл ставд цæссыгтæ, æмæ Дзæлигомæ афтæ каст, цыма сæм ныр сæ фыд байгом кæндзæн йæ цæстытæ, цыма бахуддзæни цæуылдæр. Стæй цæстытæ сæхгæндзæн фæстæмæ, фæлæ уыцы мидбылхудт баззайдзæн йæ мæрдвæлурс цæсгомыл...

Лæппутæй алкæй дæр фæндыди Хæчъассæ æмæ Дзæлигойы сæхимæ аласын. Ома, хъæуккаг цард ницы у. Цоппай дзы бирæ: кæм фосмæ зилын хъæуы, кæм – пецимæ архайын зымæгон. Горæт та горæт у, æмæ сулæфиккой, дзыхъхъынногтæ фестиккой уайтагъд, цыма сæ исчи нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта, афтæ. Фæлæ Хæчъассæ ахæм фыд нæ уыди, дæле уæлæмæ уынаффæтæ кæмæн кæной йæ фырттæ. Бахудти кæддæр сæ ныхасыл, дзургæ ницы скодта, фæлæ бамбæрстой лæппутæ, дыккаг хатт уыцы кой кæнын кæй ницы радавдзæн, уый æмæ йæ нал скодтой. Ныр уайтагъд «хæлттæ» æппарынмæ фесты æртæ лæппуйы, мады сæ йæхимæ чи аласдзæн, ууыл, фæлæ сæ Дзæлиго кой дæр нæ бауагъта:

– Нæ, мæ хуртæ, нæ. Уæ иумæ дæр нæ цæуын. Нырма ам фезмæлынхъом дæн, мæ зонд нæма цуды, – загъта сын æргом æмæ

сусæгæй йæ куатæйы фæдджийæ йæ цæссыгтæ асæрфта. Афæдз иунæгæй фæцарди Дзæлиго, хистытæ фæкодта, фæлæ афæдзы фынджыдзаг куы скодта, уæд æй нал ныууагътой ләппутæ.

«Мæнмæ та ма цæмæн æхсайой æниу сæ зæрдæтæ, афтæ дæр гыццыл куы нæ сты сæ сагъæстæ», – хъуыды кодта йæхинымæр æмæ кæстæр ләппумæ ацæуыныл сразы. Уæлдай та йын цы ис æртæ хъæбулæй, фæлæ кæстæр уæддæр нæхи горæты цæры, хæстæгдæр у.

Хæдзар искæй бахъæудзæн, нæ, уый дыууæйыл уыди. Цæй хæдзар ма у! Самандур ныллæг къуымтæ. Цартæ базæронд сты, æрлæбырыдысты алырдыгæй. Мыртгæджыны фыццагдæр Хæчъассæ скодта самандур хæдзар. Йæхи конд дуртæй, йæхи ласт хъæдæрмæгæй. Æмæ цавæр хæдзар?! Чи йæм-иу цымыдисæй касти, чи та – хæлæггæнгæ, фæлæ раджы уыди уый, ныр рæстæг æндæр у. Алырдыгæй – ногконд хæдзæрттæ, агуыридур бæрзонд галуантæ æмæ се ‘хсæн нымбæхсти, мæгуыр, Хæчъассæйы хæдзар къæмдзæстыгхуызæй. Фæлæ цæрæнбынат – дзæнæт. Æрмæстдæр аргъæутты вæййы ахæм рæсугъд бынæттæ. Хъæдабæ цъæх нæуу... чысыл цæугæдон... бæрзонд гæдыбæлæстæ... Уæдæ сæ дыргъбæлæстæ дæр цауддæр никæй бæлæстæй сты, æппынæдзух уыдонимæ архайдта Хæчъассæ. Нæ, ног хæдзар кæнынмæ чи хъавы, уый хуыздæр бынат не ссардзæн Мыртгæджыны, фæуыдзæн æй æлхæнæг, чи зоны, ныр та уал æй æрмæст сæхгæнын хъуыд фидардæр, æнæхъуаджы цæуæг æм цæмæй ма уа, уый тыххæй. Давгæ дзы цы ачындæуа, фæлæ афтæ нæу, уæд та искæй къулбадæг сывæллон бацыди мидæмæ... Дуары зæгæлтæ къуырын куы райдыдтой, уæд Дзæлиго адæргæй йæхи уынгмæ айста, фæлæ уырдæм дæр хъуыст дзæбуджы зæрдæхалæн къупп-къупп, æмæ уæд йæ зæрдæ æрбауынгæг. Хæчъассæйы мардыл дæр уыйас нæ фæкуыдта, æвæццæгæн...

Мæйы размæ радтой кæстæр лæппуйæн агъуыстытæ, Дзæлиго сæ нырма нып федта. Хъусгæ кодта, горæты æвæджиау цæттæ хæдзæрттæ дæттынц адæмæн, зæгъгæ, фæлæ афтæ бынтон æххæст вæййынц алцыппæтæй, уый æнхъæл никуы уыд. Дыууæ райдзаст уаты, æртыккаг – хæринаггæнæн, абана, газæй артгæнæн пец. Суанг хæринаггæнæнмæ дæр дон уагъд. Иу дæр нæ, фæлæ дыууæ æрттиваг къранты йæ къулыл. Фездух сæ, уæд дзы иуæй уазал дон æркæлы, иннæмæй – тæвд. Мыртгæджыны устытæ та цæрæнбонты дæлбылæй

хæссынц дон къæртаты. Уæвгæ Мыртгæджыны дæр фæзынди кърантæ. Суанг ма дзы йæ кæрты чи сарæзта, ахæмтæ дæр ис. Фæлæ уый æрмæст хъæуы астæуккаг уынджы, Дзæлиготы сыхы нæма сты...

Дыккаг бон Дзæлигойы сыстынмæ лæппу йæ куыстмæ ацыди, чындз та уыцы афон сывæллæтты хъал кæнынмæ фæци. Хистæр чызг сабыр у, мæгуыр, æмбары, фæлæ кæстæр нæ уагъта йæ дзауматæ кæнын. «Не надо! Садик не надо», – зæгъгæ, хæкъуырццæй бирæ фæкуыдта сывæллон, стæй фæстагмæ æрсабыр ис уый дæр. Чындз талф-тулфæй йæхи арæвдз кодта, стæй кæстæр чызджы йæ хъæбысмæ systa, хистæрæн та йæ къухыл ахæцыд, афтæмæй араст. Дзæлиго куыд бамбæрста, афтæмæй уал фыццаг сывæллæтты рæвдауæндонмæ бакæндзæн, стæй йæхæдæг йæ куыстмæ ацæудзæн уырдыгæй.

Æмæ афтæ алы бон дæр. Дзæлиго иунæгæй куы сфæлмæцы, уæд балкъонмæ рахизы, гыццыл æртæкъахыг бандоныл йæхи æруадзы æмæ къухаууонæй бынмæ уынгмæ ныккæсы. Æмызмæлд кæны уынг, адæмæй хъулон-мулон дары, æндæр бæлвырддæр дзы ницы равзары.

– Кæдæм тындзынц утæппæт дзыллæ? – бадис кæны йæхи-нымæр, иу хатт ма сæм ныккæсы къухаууонæй æмæ фæстæмæ агъуыстмæ баздæхы. Кæд къæвда бон не скæны, уæд кæртмæ дæр æрхизы хатгай. Тутайы бын цъæхахуырст бандоны кæроныл æрбады, сывæллæттæ херытыл куыд хъазынц, уымæ бакæсы æмæ фæстæмæ сæхимæ ацæуы. Искуы-иу хатт дыууæ йæхи карæн усы æрбаййафы уыцы цъæхахуырст бандоныл бадгæ, æмæ уæд бæстæ дæр уый бавæййы. Æрмæст фыдкойтæй йæ удхæссæг уыны Дзæлиго, æмæ адон та, æндæр чи ницы зоны, ахæм устытæ. Иудадзыг сæ чындзытæй хъаст кæнынц дыууæйæ дæр. Къæсхуырдæрæн куырой куыннæ разилы иу хатт йæ тæнæг æфсæртыл, уый диссаг у. Йæ хурхыуадындзтæ рацæйтонынц тыхдзырдæй, иу дзырды бар куы никæмæн раттид, уый дæр æй фæфæнды, бæргæ, фæлæ иннæ дæр, бынтон йæ дæле чи æрлæууа, ахæмы каст нæ кæны. Æвæдза, сæхи чындзыты кой уал фæуагътой, уæд та цавæрдæр æрыхъусæггаг мæнг хабæрттæ райдайынц. Æвирхъауы хабæрттæ, йæ сæрыхъуын сæ арц сбады Дзæлигойæн.

«...Иу чындз, дам, кæмдæр йе 'фсины дзыккутæй армыдзаг стыдта. Армыдзаг, мæ мæрдтыстæн. Иннæ чындз та, дам, йе 'фсины

марынвӕнд скодта. Гъа, ныр ӕм фӕлӕбура, афтӕ, дам, дуары хъӕр фӕцыди ӕмӕ, дам...»

«...Гъы, дӕ бонӕй уай, ӕмӕ, дам, дӕлӕ кӕмдӕр, кӕд Хидыхъусы нӕ уыди, уӕд нӕ зонын, иу чындз йе 'фсины доны куы цӕппӕрста. О, мӕ хотыстӕн, доны. Мӕнӕ сӕ тӕккӕ ивылдӕй куы уыдысты цӕугӕдӕттӕ, уыцы заман, дам...»

Дзӕлиго никуы рахъаст кодта йӕ чындзӕй. Фыдгул ма гыццыл фӕныхъуырын дӕр мацы зона, кӕнӕ йе 'взагӕн хицау ма уа. Ӕвӕдза, уый чындзӕй налатдӕр нӕй дунейыл, зӕгъгӕ, уӕддӕр йӕ бинойнаджы кой ӕдде нӕ ракӕнид. Стӕй йыл уӕвгӕ дӕр ницӕмӕй худы йӕ зӕрдӕ. Бӕргӕ, кӕрӕдзийы ӕвзаг хуыздӕр куы 'мбариккой. Уырыссаг у чындз, фӕлӕ йӕ фӕнды, мӕгуыр, иронау базонын. Ӕппынӕдзух ахуыр кӕны ирон дзырдтӕ, уӕддӕр дзы дзурыны фаг нӕма зоны. Уӕдӕ Дзӕлиго дӕр, горӕтаг ус кӕм сси, уым, бӕргӕ, куы зонид уырыссагау, фӕлӕ ӕдӕрсгӕ нӕ дзуры. Фондз дзырды иронау, иу – уырыссагау, афтӕмӕй цъӕррӕмыхстытӕй бамбарын кӕны чындзӕн йӕ хъуыды.

Иу изӕр астӕуккаг лӕппу дӕр ӕрбалӕууыд йе 'мбалимӕ. Дыууӕ боны йеддӕмӕ сын нӕ уыд бафӕстиатӕн рӕстӕг, фӕлӕ, куы цыдысты, уӕд ныллӕууыди лӕппу, мах цард дӕр фен ныр та, зӕгъгӕ, ӕмӕ йӕ зӕрдӕхудты нӕ бацыди Дзӕлиго.

«Ӕмбӕлы. Искуы дӕр ма мын не 'мбӕлы, мӕ астӕуккаг лӕппу куыд цӕры, уый фенын», – хъуыды кодта Дзӕлиго фӕндагыл. Искуы хӕдтӕхӕджы сбадын бауӕнддзӕн, уый ӕнхъӕл никуы уыд, фӕлӕ хорз та куыннӕ у. Ӕртӕ сахатмӕ арвыкӕрон балӕууыдысты.

Ныр ахуыр уыд Дзӕлиго горӕтаг цардыл, хатгай-иу ӕй рох дӕр аци, йӕ цӕрӕнбынат та аивта, уый. Раст ахӕм ӕрттивгӕ уӕттӕ, ахӕм хӕринаггӕнӕн, ахӕм абана. Талынг ма вӕййы, афтӕ сыстынц ам дӕр бинонтӕ. Лӕппу ацӕуы йӕ куыстмӕ, чындз фыццаг хистӕр сывӕллӕтты срӕвдз кӕны скъоламӕ, стӕй гыццылы райдайы хъал кӕнын.

– Нӕ цӕуын! Кӕдӕм мӕ кӕныс? – скӕуы гыццыл лӕппу, нӕ йӕ фӕфӕнды, мӕгуырӕг, уыцы афон йӕ хъарм хуыссӕн ныууадзын.

– Нӕма йӕ зоныс, кӕдӕм дӕ кӕнын, уый? Тагъддӕр, зӕгъын... Дӕ цъында... Тагъддӕр, мӕ куыстмӕ мын байрӕджы, — скӕуӕгау кӕны чындз, сахатмӕ бакӕс-бакӕсгӕнгӕ, фӕлӕ хуыссӕгхъуаг

сывæллон не ‘мбары, куыстмæ æрæджы кæнын цы у, уый, æмæ та йыл сæумæрайсом над ауайы.

«Цард сын ис уæвгæ дæр, фæлæ дзы фарсыл цы бахæца афтæмæй? Сæ алы къахдзæф барст, сæ алы минут нымад. Мах афтæ нæ цардыстæм уыдоны карæнæй», – ахъуыды кæны Дзæлиго æмæ æрымысы йæхи цæрдтытæ. Бæргæ, йæ бон куы уаид æмæ йæ чындзытæй искæй уавæр куы фæрогдæр кæнид, фæлæ сын царстæ у йæ бон. Хæринаг скæны йæ бинонты æрбацыдмæ, къусæй-къоппæй сæ бæстон бафснайы, фæлæ, куыд кæсы, афтæмæй уыдон цалдæр минуты куыст йеддæмæ не сты чындзытæн сæхицæн.

Афæдз йеддæмæ нæ рацыд, Дзæлигойы Мыртгæджынæй куы ракодтой ууыл, афтæмæй йæм фынддæс азæй фылдæр фæкасти, бонæй-бон æнкъарддæр кодта... Зымæг ма – гъа, фæлæ уалдзæг дæхи мацæуыл аирхæфс зæронд усау. Ма рауай æмæ дæ хъæдындзы хуым ма арув, дæ ногуагъд карчы цъиутыл ма бацин кæн, цæрæнбонты кæуыл сахуыр дæ, уыцы сыхаг устытимæ бæлæсты бын сатæджы ма абад... Фæлæ цæуыны кой куы скæны, уæд уымæй хъыгдæр ницы ис лæппу æмæ чындзæн. Æмæ, æцæг, æвзæр ын ницæмæй уыд, раст зæгъгæйæ, ам, æрхъæцмæ йыл нæ хъæцыдысты, фæлæ мыггагмæ, мыййаг, куы нæ цæрдзæн, йæ мард ма хауæггаг та цæмæн кæна? Иу райсом та, бинонтæ куы ацыдысты сæ куыстытæм, уæд фыссæн стъолы сæрæй маркæджын къонверт райста, къырандас æмæ гæххæтты гæбаз бацагуырдта æмæ, кæд афтæ дæр иунæг уыд, уæддæр йæхиуыл уаты дуæрттæ бахгæдта.

Кæддæр хæсты размæ Мыртгæджыны устытæ дæр ликбезы ахуыр кодтой. Утæппæт устытæй Дзæлигойы хуызæн зæрдæргъæвд ничи разынд. Иутæ дамгъæтæ дæр нæ базыдтой æххæстæй, Дзæлиго та, кæд æдæрсгæ нæ, уæддæр дзы кæсын æмæ фыссыныл сахуыр. Сæ зæронд хæдзары-иу йæхиуыл уаты дуæрттæ бахгæдта æмæ-иу цалдæргай сахæттæ йæхи фыдæбоны хай фæкодта. Куы-иу йæ чызджытæй искæмæ ныффыста фыстæг, куы йæ лæппутæй, æмæ та райсомы кæс, æмæ Дзæлиго сæумæцъæхæй комкоммæ посты асыкмæ фæуайы. Сыхы устытæн хæлæггаг сси уайтагъддæр. Бирæтæ-иу фæкодтой, уæртæ Дзæлигойау чиныджы куы зонин, уæд алы бон фыссин мæ цотмæ, кæд сæхæдæг дæр сæхиуыл æрхудиккой æмæ арæхдæр фыссиккой, зæгъгæ.

Ӕмæ кæд рагæй нал уыд йæ къухы кърандас, уæддæр та йæ уыцы зонындзинæдтæй спайда кæнын æрфæндыд – кæстæр лæппумæ фыстæг ныффыссын сфæнд кодта. Дыууæ стыр дамгъæйы нывгæнæгау хъавгæ ныффыста, стæй цыдæр ахъуыды кодта æмæ дыууæйы дæр сæ астæутыл цæхгæрмæ бахахх кодта. Лæппу йæ бамбардзæн иронау, фæлæ чындзæй зæрдæхудт... æмæ уæд уырыссагау райдыдта:

*«Здравствуйти Зилим и Наташа.*

*Ни беспокойтис абратна стретимся ми получили ваша письмо котори мне очин рад была. Я заболела мне воздых плоха врачи мне сказали плоха гырт тебе здесь воздых и гырт абратна езжай и пайду ваш мама»*

Фыстæджы арвыстыл цалдæр боны куы рацыди, уæд кæстæр лæппу удаистæй æрхæццæ ис æмæ йæ раласта сæхимæ. Фæлæ æндæр уыди ныр йæ фæнд Дзæлигойæн. Дыккаг бон та иунæгæй куы аззади хæдзары, уæд йæ тæбын кæлмæрзæн йæ уæхсчытыл æрбаппæрста æмæ кæртмæ æрхызти. Цалдæр къахдзæфы акодта, хæдзары рæбын цы нарæг къахвæндаг цыди, ууыл, стæй, йæ комкоммæ цы саулагъз чызг æрбацæйцыд, уый фæурæдта æмæ йæ афарста, цымæ Мыртгæджынмæ автобус кæцæй фæцæуы, мæ къона, зæгъгæ. Хæстæг сæм у станцæ, уый зыдта раздæр, фæлæ йын афтæ хæрз хæстæг æнхъæл нæ уыди.

– Дæлæ уым цæхгæрмæ бахиз уынгыл. Кæнæ цом, мæхæдæг дæ бахизын кæнон, – загъта чызг æмæ йын йæ цонгыл фæхæцыд, стæй алырдæм ахъахъхъæдта, машинæ сæ æрæййафы, æви нæ, уый бæрæггæнæг, æмæ йæ уайтагъддæр фæфале кодта.

– Ныр ацы уынгыл цу уæлæмæ, æмæ дæм галиуырдыгæй разындзæн станцæ. Бирæ машинæтæ дзы, дæхи сæ хъахъхъæн æрмæст, – сдзырдта ма чызг цæугæ-цæуын æмæ йæхæдæг кæдæмдæр, кæцæй рацыдисты, уыцырдæм атындзыдта, æвæццæгæн, Дзæлигойы арфæтæ дæр нал сæмбæлдысты йæ хъусыл.

Адæм æмæ машинæтæ æмызмæлд кодтой станцæйы уæрæх кæрты, ам дæр та афæрсын хъуыд искæй, уæдæ цы, фæлæ цыма чидæр «Дзæлиго», зæгъгæ, сдзырдта уыцы минут. О, бæлвырд цавæрдæр зонгæ хъæлæс, сылгоймаджы хъæлæс... Фæстæрдæм фæзылди Дзæлиго æмæ дын Мерет... Соситы Мерет – йæ уарзондæр сыхаг. Дыууæйæ дæр

сæ цæстытæ доны разылдтой, афтæмæй кæрæдзиуыл цинтæ кæнынмæ фесты. Бирæты аргъ-иу уыд сæ иу дымгæмæ абадт дæр изæрыгæтты. Минут æнæ кæрæдзи нæ лæууыдысты, цæрæнбон сæм зул дзыхы ныхас никуы рауад, афтæмæй ныр афæдз кæрæдзийы нал федтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй Мерет дæр сæхимæ цæуæг уыди, Мыртгæджынмæ. Знон суадысты йæ чызгимæ. Чызг уал бафæстиат уыдзæн горæты, фæлæ а Меретæн кæм ис лæууæнтæ, йæ хæдзар – иунæг.

– Æз дæр... Мæ хæдзары къуым, зæгьын, абæрæг кæнон, йæ фенд дæр зæрдæниз у, æндæр цы у, фæлæ... – йæ цыды сæр бамбарын кодта Дзæлиго дæр æмæ та йæ къухмæрзæны кæронæй йæ цæссыгтæ асæрфта.

Æмæ æцæг, зæрдæ рысти Дзæлиготы хæдзары уындæй. Ахæм зæронд къултæ сæ зылды руаджы фæлæууынц уырдыг. Дзæлиго сыл æппынæдзух йæ арм дардта: сыджыт кæнæ сæ чъыр цух никуы ныууагъта, зæронд уæвгæйæ, фæлæ ныр... Афæдз æй нал сæрдæг ис, нал æфснайæг, æмæ цæмæ ‘рцыди... Йæ бындуры сæрстытæ дынджыр фæхсытæй рахæудтытæ сты. Йæ цары хъайвантæ бынтон æртасыдысты. Ныр ныккæлон, уæд ныккæлон кæны. Кæрт та, кæрт!.. Хæчъассæйы хæрззылд кæрты пысыра астæуæй фæуæлдæр. Дыууæ цъæх хæрæджы йæ бæстастæу слæууыдысты æмæ цыдæртæ стон-стон кæнынц зæххæй.

– Акæс-ма. Кæуылты бацыдысты? – цыма йæ разы исчи уыд, уыйау тарстхуызæй фæкодта Дзæлиго æмæ тæнтъихæг фæйнæг быруйы сæрты сыджыты къуыбар бахста. Змæлгæ дæр нæ фæкодтой хæрджытæ. Æвæццæгæн, Дзæлигойæ хиондæр сысты ам.

Горæтмæ куы сыздæхт, уый дыккаг бон ской кодта Дзæлиго йæ фæндон.

– Нæ хæдзары къуыммæ уал, зæгъын, куы ныккæсин. Цатырты ма ацæрынц сæрдыгон... Иу-дыууæ хуымы гæппæлы дæр скæнин нæ цæхæрадоны, афæдз мын къулбадæг усы цардæн æгъгъæд.

Лæппумæ диссагау фæкастысты уыцы ныхæстæ, фæлæ уæддæр хуыцаубон райсом рог машинæ æрбакодта æмæ æгас бинонтæй абалц кодтой Мыртгæджынмæ.

Рухсы цъыртт ма бакалди кæдæй-уæдæй зæронд хæдзары рудзгуытæй. Дзæлиго раст ныры хуызæн уæлгоммæ хуыссыди уæддæр зæронд тъахтиныл æмæ, цыма хуры тын уаты астæумæ нæ,

фæлæ суангдæр йæ зæрдæмæ хызти, афтæ йæм каст цæмæндæр. Мыстытæ дугъон бæхтæ фестадысты йæ сæрмæ, рыгтæ йыл-иу æрызгъæлдтой цары зыхъхъыртæй, фæлæ худти уæддæр йæ мидбылты, æнцонæн улæфыди, гом рудзгуытæй æнуд уатмæ чи бырста, ногдзыд кæрдæджы уыцы адджын тæф...

Ног хæдзары кой нæ уагъта скæнын Дзæлиго. «Цытæ дзурут? Кæмæн æй кæнут? Æз уын йе сцæттæмæ цæргæ дæр куы нæ фæкæндзынæн», – дисы бын-иу фæкодта йæ цоты. Фæлæ сæрды дыууæ кæстæр лæппуйы куы ‘рцыдысты сæ куыстытæй уæгъд рæстæг, уæд нал байхъуыстой сæ мадмæ. Æртæ бонмæ зæронд хæдзары размæ уынджы был февзæрд ног бæрзонд фундамент. Тын нывæндæгау райдыдтой кæртмæ уæзласæн машинæтæ: чи сæ чъыр ласта, чи – хуыры змæст, чи – агуыридуртæ. Зын йæ бавналын у алцæмæн дæр. Зымæгмæ цæрынмæ бæзгæ сси Дзæлигойы ног хæдзар. Хæдзар нæ – авджын къус. Уæрæх цыппар уаты, райдзаст тыргъ. Дон бауагътой хæринаггæнæнмæ. Иу кърант дæр нæ, фæлæ дыууæ. Газы пец дзы æрæвæрдтой. Абана... Цыма сæ йæ фыны уыдта, Дзæлигомæ афтæ касти фыццаг, стæй йæ цæстытæ доны разылдта æмæ загъта: «Уæ фыд ма сæ цæстæй уæддæр куы федтаид, стæй уыцы бон куы амардаид!»

Æмызмæлд кæнынц хæрзæфснайд кæрты Дзæлигойы сывæллæттæ – йæ хуры фæрдгуытæ. Æртæ лæппуйы цот, йæ хæрæфырттæ... Кæсы сæм Дзæлиго æмæ худы йæ мидбылты. Фыдгулæн зæронды бон ма уæд, кæй фæстæ акæса, ахæмтæ. Уæдæ сæ ницысуинаджы каст иу дæр нæ кæны. Хуыцауæй бузныг, хæдзары сывæллæттæ сты. (Зæронд дæр, æвæццæгæн, афтæ зæгъид).

Æгайтма сæхи æвзагыл дзурынц. Уырыссагау базондзысты кæддæриддæр. Ау, Уæрæсейы горæтты куы цæрынц. Æниу, ныртæккæ дæр зонынц, кæй зæгъын æй хъæуы, æрмæст сæ Дзæлигойы раз ничима срæдыд иу уырыссаг дзырд. Хистæр лæппуйы фаззæттæ сывæллæттæ нал сты, уæлдæр скъолаты ахуыр кæнынц. Æмæ, Хуыцауæй бузныг, кæстæртæ сæ цæмæй бафæзмой, уыцы хорздзинæдтæ сæм ис. Фыццаг хатт сæфтыдысты Ирыстонмæ, фæлæ цыма раст Мыртгæджыны схъомыл сты, цыма фæрæт æмæ дзæбуг сæ къухæй никуы фæцух сты, афтæ арæхстджын у сæ февнæлд. Кусæн дзауматæ скодтой æмæ минут æнцой нæ зонынц:

куы цæхæрадоны бырутæ æмпъузынц, куы сугтæ сæттынц æмæ сæ сугдоны амайынц сæ дзыццайæн зымæгмæ.

Дзæлиго сын тæригъæд кæны, дыууæ боны ссыдысты сæ фæллад уадзынмæ, æмæ дын уый фæлладуагъд. Фæлæ йын, иннæмæй та, æхсызгон у. Кæстæртæ уыдонмæ кæсынц ныр, æмæ фыдгулы лæппу та кусын ма бауарзæд, лæг дзы нæ рацæудзæн. Хуыцау бахизæд ныртæккæйы къуыдиппытæй... Уæдæ чызджытæ дæр æвзæры каст нæ кæнынц. Æфсарм сæм ис, алцæмæ дæр арæхсынц.

Хæрз кæстæртæ æнæмæт сты нырма. Ратæх-батæх кæнынц хъæлдзæгæй Дзæлигойы алыварс. Дыууæ гыццыл чызджы йæ разæй нæ цæуынц æппындæр. Диссаг у. Алкæмæн йе ‘мгар хæстæгдæр цæмæн у йæ зæрдæмæ? Ацы дыууæ хæрз æмгæрттæ сты. Цыппурсæй фондз боны куы рацыд, уæд райгуырди дæлæ уыцы бур хæйрæг – йæ чызджы чызг. Ноджы ма къуыри куы рацыди, уæд та иннæ – кæстæр лæппуйы чызг. Зымæджы сæ фæндзгай азтæ сæ уæлæмæ бахиздзысты, æндæр сыл цы цæуы? Фæлæ цы не ′мбарынц, иу ахæм сын нал ис. Иу дзы йæ мады хуызæн дохтыр куы суаид, уымæ бæллы. Кæйдæр урс кофтæ та скодта фæстæрдæм, афтæмæй æнæсудзин уколгæнæнимæ рауай-бауай кæны уæдæй нырмæ. Бæргæ, исчи йæ куы бауадзид йæхицæн «укол скæнын», фæлæ никæй фæнды, æмæ та уæд дзыццамæ фæвæййы.

– Стæ-ма, мæ къона, куы ницы мæ риссы, – суры йæ дзыцца дæр.

– Риссы. Иухатт дæ сæгъ нæ ныццавта?

Иннæ чызг йæ сæрыл зестын къопп сæвæрдта, урс хисæрфæн ыл æрытыдта æмæ Дзæлигойы зæронд фæндыр раиваз-баиваз кæны.

– Дзыцца! Цавæр цагъд кæнын?

– Ханты цагъд.

– Цавæр?.. Ханты?.. – дисхуызæй фæрсы дыккаг хатт дзыццайы æмæ цæгъды ногæй.

## ФÆСНЫХАС

Ногхъæуы скъолайы хистæр ахуыргæнджытæй мын иу дзырдта: «Зоя цы зæрдæмæдзæугæ, цы рæсугъд сывæллон уыди! Скъолайы мæ-иу ницы хъуыддаг уыди, уæддæр-иу сæрмагондæй Зояйы уынынмæ фæуадтæн... »

Доцоты Зоя райгуырди 1939 азы 7 сентябры. Царды рухс куы банкъардта, уæд хæст райдыдта. Нырма цы уыди, фæлæ, æбуалгъ хæрамдзинад кæй рачынди, уый сабийы зæрдæ дæр æмбæрста. Иу райсом йæ хуыссæны рабадти æмæ йæ мады афарста: «Æмæ папæйæн дæр хæсты хъарм хъæццул уыдзæни?»

Бирæ рæстæджы фыстæг нал райстой, стæй сæм иуахæмы постхæссæг æрбахоста. Мад æрбадавта бæлццоны фыстæг, сабитæм æй сæвдыста. Æнахъом чызг цымыдисæй афарста: «Æмæ папæйæн йæхи фыст у?» Мад ма-иу æрæджиау дæр дисы бацыди: йæхимæ ахæм æрхъуыдыдзинад нæ разындаид.

Фæсхæст хæдзармæ фыды æххуыс нал æрбацыди. Мады рæдау армы бын бахъомыл сты Зоя æмæ йе 'нахъом æфсымæр. Зоя дæс къласы фæстæ педучилищемæ бацыди, ома, кæд тагъддæр кусын байдаин.

Сæххæст и Зояйы фыццаг бæллиц – кусын райдыдта ахуыргæнæгæй.

Сæ хæдзар – æдзæллæгтæ, къæвда бон-иу сæ цар ныхъхъулæттæ. Бирæ рæстæг нæ рацыди, афтæ Зоя районы финансты хайадмæ курдиат фæхаста: æфстау æхца мын раттут. Æвзонг чызджы йæ сæрæй йæ къæхтæм сбарстой æмæ йын афтæ: «Æхца дын раттиккам, фæлæ сæ фидгæ та чи бакæндзæн?»

Зоя йæ сæрыл схæцыд æмæ ныфсджынæй загъта: «Æз сæ бафиддзынæн, æз кусгæ кæнын».

Куырыхон лæджы хъарутæ разынди Зоямæ, æмæ агуырикъул агъуыст йæ къахыл слæууыд.

Уый фæстæ фæсауууонмæ педагогон институт каст фæци. Фæстæдæр бацыди Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон институтмæ. Ам дæр ахуыр кодта фæсауууонмæ. Мады уырныдта, уæдæ ныр йæ чызг арвы рухс цæстыдзагæй фендзæн.

Зоя радзырдтæ фыссы, уый ничи зыдта. Сфæлдыстадон кусæджы æфсарм йæ туджы уыди, аивадон дзырд сфæлдисæг йæхи цы бæрны бакæны, уый йæ рæстаг удæй æмбæрста æмæ нæ уæндыди йæ уацмыстæ рæгъмæ рахæссын.

Йæ фыццаг радзырдтæ мыхуыры фæзындысты, бацин сыл кодтой, уæддæр æм редакцийы къæсæр хохæй бæрзонддæр касти.

Зояйы уырныдта, фыссæг дзы кæй рауайдзæн, уый. Фæлæ, фыссæг

суыдзынæн, зæгъгæ, йæ цæсгом зæгъын нæ бахъæцыд – иуахæмы аивæй йæ мадæн афтæ бакодта: «Кæсгæ ма-иу кæн, мæ ном фыстæй баззайдзæн...»

Стæй ма иу стыр амонд касти Зоямæ – сабиты сыгъдæг дунейы цæрынæй не ‘фсæсти. Педагогон институт каст куы фæцис, уæддæр кæстæр кълæстимæ кусгæйæ баззад. Хæдзары дæр-иу аджих уыдаид, сабитæй-иу искæй ном сдзырдтаид: «Цымæ дзы цавæр лæг рауайдзæн?»

Уалдзæджы къæсæрыл ацыди цардæй Доцоты Зоя. 1972 азы уалдзæджы къæсæрыл. 9 апрелы.

Мысынц Зояйы йе скъоладзаутæ: «Исты дын аххуыс кæнæм, зæгъгæ-иу сæм бацыдыстæм, фæлæ нæ-иу фæстæмæ рарвыста. Сабыр бадтыстæм йæ урокты, хорз ахуыр кодтам æгас къласæй дæр. Мæскуымæ-иу куы цыди экзаментæ дæттынмæ, уæд-иу уынгмæ автобуслæууæнмæ рацыдыстæм. Урокæй дæр-иу ралыгъдыстæм. Фæстæмæ кæд сыздæхдзæн, уый дæр зыдтам æмæ та-иу автобусы размæ азгъордтам...»

Нæ сæрмæ чи фæсудзы, уыцы цырагъæн басудзын æнхъæл нæ вæййæм.

*БИЦЪОТЫ Грис*
*Мах дуг № 3, 2010*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● 28 августы Дзæуджыхъæуы Коцойы фырты уынджы байгом ихсæттæг атомон нау «Ленин» æмæ «Арктикæ»-йы капитан, дунейы фыццагдæр Цæгат полюсы æнусон ихтæ йæ науæй чи басаста, уый, Социалистон фæллойы хъæбатыр Кучиты Юрийы цыртдзæвæн. Юрийы ном 2008 азы лæвæрд æрцыдис Франц-Иосифы сакъадахтæй иуæн. Цыртдзæвæн сарæзта скульптор Кучиты Аслан.

● 30 августы РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы уыд фыссæг Дауыраты Дамиры ног чиныг «Цы федтон, цы фехъуыстон, цы бавзæрстон»-ы презентаци. Ис дзы документалон уацаутæ, радзырдтæ, мысинæгтæ. Уагъд æрцыд фыссæджы 80 азы юбилеймæ.

● 1-3 сентябры Ирыстоны æмæ Уæрæсейы цæрджытæ мысыдысты, 15 азы размæ Беслæныхъæуы фыццæгæм скъолайы цы бæллæх æрцыд, уый амæттæгты рухс нæмттæ.

● 12 сентябры мыхуыры рацыд æрыгон поэт, Хъамбердиаты Мысосты номыл паддзахадон литературон премийы лауреат, УФ-йы фысджыты цæдисы уæнг Баситы Зæлинæйы æмдзæвгæты æртыккаг æмбырдгонд «Сæнайы хох».

● 15 сентябры нæ республикæйы цæрджытæ кадджын уавæры сбæрæг кодтой нæ рагондæр хъæутæй иу – Уыналы 410 азы.

● 25 сентябры Быдыры Дæргъæвсы астæуккаг скъолайы арæзт æрцыд ирон литературæйы классик, номдзыд фыссæг, ацы хъæуæй рацæуæг Мамсыраты Дæбейы райгуырды 110 азы номыл мысæн изæр.

Цъарыл разæй:
**Тугъанты Махарбег.** *Куырдалæгон*

* * *

*Шеф-редактор* М.Б. БУТАЕВА
*Корректор* А.К. КАРГАЕВА
*Специалист по информационным ресурсам* А.А. ГАБИСОВ
*Дизайн, верстка* М.Т. БАГАЕВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

Подписано к печати 15.07.2019 г. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. №1.
Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,43. Тираж 1000 экз.
Заказ №___. Цена свободная. Выход из печати 26 сентября 2019 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.